# Мах дуг



## Цигсии 105 азы

12
2024



*ДЖЫККАЙТЫ Шамил*

*Сой кæнæм — æрцæудзæн Иры зæхмæ сой,*
*Ног аз нын æрхæсдзæн фарн æмæ æнцой!*

# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Шеф-редактор – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела прозы – Юрий ГАБАРАЕВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Борис ХОЗИЕВ, Станислав КАДЗАЕВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2024

# МАХ ДУГ

**12**
2024

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Шеф-редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Прозæйы хайады редактор – ГÆБÆРАТЫ Юри
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
ХОЗИТЫ Барис, КЪАДЗАТЫ Станислав,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2024

# НОМЫРЫ ИС:

ХÆМЫЦАТЫ Албег. Мах бахызтыстæм Ног азы къæсæрыл. *Æмдзæвгæ* ........ 5

ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ. Ног аз – ног хæрзтæ, ног фæндтæ ........ 6

ХЪАНЫХЪУАТЫ Зæлинæ. Зонады бæрзæндтæм фæндагамонæг институт. *Уац* ........ 8

ЦЫБЫРТЫ Людвиг. Иу паддзахадон æвзагæн адæмы иугæнæг тых ис! ... 20

УАРЗИАТЫ Вилен. Цыппурсæй – Ногбонмæ. *Уац* ........ 26

ГÆДИАТЫ Цомахъ. *Æмдзæвгæтæ* ........ 36

БАРАХЪТЫ Гино. *Æмдзæвгæтæ* ........ 38

АРДАСЕНТЫ Хадзыбатыр. *Æмдзæвгæтæ* ........ 41

ГУСАЛТЫ Витали. *Æмдзæвгæтæ* ........ 46

ХЪУЫСАТЫ Садреттин. *Æфсымæрон арфæтæ* ........ 49

Турчы цæрæг ирæттæм балцы æрмæджытæ ........ 50

СОКАТЫ Дианæ. Маргъы фæлгонц райсæг чызг ирон фольклоры. *Уац* ... 61

Адæмон сфæлдыстад. *Аргъæуттæ* ........ 64

МÆРЗОЙТЫ Ислам-Бег. Уæлладжыры æхсæнады мыггæгтæ. *Уац* ... 79

БРЫТЪИАТЫ Анжелæ. Сывæллæтты литературæ XX æнусы кæронæй абоны бонмæ: йæ уавæр, жанрты райрæзт, ног нæмттæ. *Уац* ........ 84

БРЫТЪИАТЫ Анжелæ. Ног аз! Дæ фæдзæхст – мæ бæллицтæ! *Æмдзæвгæтæ* ........ 95

Цæрукъаты Алыксандры нывтæ. *Уац* ........ 98

Ирон фольклор цæры æмæ цæрдзæн... *Цардæй ист хабæрттæ* .... 102

ДЗЛИАТЫ Дзерассæ. Ногбоны зарджытæ. *Уац* ........ 120

ЦОРИТЫ Ингæ. Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстадон бынты нысаниуæг Ирон историон-филологон æхсæнадæн. *Уац* ........ 123

ДАРЧИТЫ Мæдинæ. Гуытъиаты Хъазыбеджы «Нарты кадджыты» орфографийы тыххæй. *Уац* ........ 134

ДЗАПАРТЫ Елизаветæ. Аивадон тæлмацы бынат нырыккон ирон литературæйы. *Уац* ........ 145

**«МАХ ДУГ» 2024 АЗЫ НЫММЫХУЫР КОДТА** ........ 150

*ХÆМЫЦАТЫ Албег*

* * *

*Мах бахызтыстæм Ног азы къæсæрыл,*
*Фыр цинæй уадзæм ивгъуыдæн нæ маст.*
*Куырой-иу разылд хаттæй-хатт нæ сæрыл,*
*Уæддæр нæ кæнæм Зæронд азæй хъаст.*

*Фæцæуы уый. Бæлццонау уæд фæндараст,*
*Уæззау цæлхдуртыл макуы скъуырæд къах.*
*Æд цин, æд маст дæрддзæф рохуатмæ араст,*
*Ныууагъта царды рухс фæндтимæ мах.*

*Сæ къæрцц-къæрцц хъуысы Ногбоны æртытæн,*
*Нæ кафтæн нал ис рæстæгау кæрон.*
*Хъæуынц фыр буцæн арфæтæн нæ дзырдтæ,*
*Цыма ныххур ис хæхты сæрмæ бон.*

*Хуыцаумæ кувæм... Хорз сидтытæ — бирæ,*
*Уæлæрвтæм зæлы хъæлдзæгæй нæ зард.*
*Фæлæ нæ зонæм, амондагур Ирæн*
*Цы ʻрхæсдзæн хорзæй ноггуырд азы цард...*

# НОГ АЗ – НОГ ХÆРЗТÆ, НОГ ФÆНДТÆ…

*Зынаргъ хæлæрттæ, журналкæсджытæ!*

*Нæ зæрдæ уын зæгъы фидар æнæниздзинад æмæ царды хæрзтæй хайджын куыд уат! Сымах стут, алы райсом нæ хæдзæртты къæсæртыл кæй номыл рабалц кæнæм, сæ зæрдæты æхцондзинад бауадзынил кæмæн архайæм, уыцы фæрныг адæм – ирон æвзаг æмæ литературæйæн рæстаргъгæнæг æмæ лæггадгæнджытæ!*

*Ног аз лæвæрттæ æмæ арфæтæй фидауы. Мах стыр бузныг стæм, йæ уды бæркад журналыл чи тауы, уыдонæй алкæмæй дæр: журналы автортæ, редколлегийы уæнгтæ, сæ хъæппæрисæй литературон мадзæлттæ кæй руаджы саразæм, нæ фæрныг хистæртæн журналтæ лæварæн чи рафыссы, уыцы амалхъомтæй. Ирон литературон журналы ном хæссын ирон лæджы ном кадимæ хæссынау нæу æнцон. Сæ размæ бирæ хæстæ æвæрд ис: уымæн хъæуы, фыццаджыдæр, уды хъару æмæ ныфс, æгъдау æмæ намыс, кад æмæ зæрдæйы хорзæх. Сæ иу æнæ иннæ нæ фидауы, у цæнкуыл. Куыд сымах, афтæ мах дæр архайæм нæ Ирыстонæн, адæмæн зæрдиагæй балæггад кæнынил.*

*Ацы аз нæ къухы бафтыд дыккаг хатт журнал «Мах дуг»-ы Дунеон преми расидын. Йæ лауреаттæ систы 38 курдиатджын авторы. Уыдон хорзæхджынгонд æрцыдысты æхцайы премитæ, Кады гæххæттытæ æмæ Премийы статуэткæтæй. Кадджын уавæры сбæрæг кодтам журналы 90 азы юбилей. Уыд дзы уазджытæ Кавказы алы регионтæй дæр. Къостайы райгуырды 165 азы бонмæ рауагътам сæрмагонд номыр. «Мах дуг» фыццаг хатт рацыд бæрæгбонхуызæй – иууыл хуызджын æмæ урс лæгъз гæххæттыл. Ирон театры бæстыхайы «Мах дуг» йæ хæлæрттимæ сарæзта Къостайы номыл бæрæгбон «У дундуне Фыдыбæстæ мæнæн!» Уырдæм файтоныл æрбамбæлд нæ*

*фæтæг йæхæдæг дæр. Уæдæ цас фыстæджытæ райста Къоста журналы конкурс «Фыстæг Къостамæ»-йы руаджы ацы аз! Хистæртæ æмæ йын фæсивæд байгом кодтой сæ зæрдæты дуæрттæ. Уæрæсейаг культурæйы фонды æххуысæй уыдон рацыдысты хицæн чиныгæй. Презентаци йын уыд Мæскуыйы. Уæдæ журнал балæууыд сæрмагонд æфсæддон операцийы дæр нæ лæппутæн ныфсдæттæг æмцæдисонау.*

*Иу ныхасæй, журнал у алцы дæр арф æнкъарæг удгоймагау. Нæ алыварс цы цаутæ цæуы хорзæй дæр æмæ æвзæрæй дæр, уыдон ын агайынц  йæ зæрдæ, кæм æй худын кæнынц, кæм – кæуын.*

*Зæгъын хъæуы, ацы аз журнал, йæ 90 азы сæрты акæсгæйæ, æвдыст кæй æрцыд Къостайы номыл паддзахадон премимæ дæр. Уыцы хорзæхы аккаг кæй у, ууыл, махмæ гæсгæ, дызæрдыг ничи кæны. Йæ фыццаг бонæй фæстæмæ дзы чи куыста, уыдон бахастой стыр æвæрæн ирон æвзаг æмæ литературæ бахъахъхъæныны хъуыддагмæ, сæ райрæзтмæ. Фæлæ алцы зæрдæйы фæндиаг нæ рауайы. Уырны нæ, кæй уыдзæн хуыздæр рæстæджытæ дæр, æмæ ирон журнал æмæ ма дзырд «ИРОН»-имæ цы баст ис, уыдонæн æндæр хуызы аргъгонд цæудзæн.*

*Ныр та ацы номырæй мах арфæ кæнæм Цæгат Ирыстоны гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты кусджытæн сæ 105 азы юбилейы фæдыл. Сæ бæстон æмæ ахъаззаг куыстæн аргъ кæнгæйæ сын æрвитæм нæ æхсидгæ салам!*

*ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ*



**ХЪАНЫХЪУАТЫ Зæлинæ**

Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты директор, историон наукæты доктор, профессор, РЦИ-Алани æмæ Хуссар Ирыстоны наукæты сгуыхт архайæг, УНА-йы Дзæуджыхъæуы центры президиумы уæнг, РЦИ-Аланийы Сæргъ-лæууæджы цур ирон æвзаг хъахъхъæнынил æмæ йæ рæзтыл кусæг къамисы уæнг. Зонадон журнал «Известия СОИГСИ»-йы сæйраг редактор. Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат.

# ЗОНАДЫ БÆРЗÆНДТÆМ ФÆНДАГАМОНÆГ ИНСТИТУТ

*Уац*

105 азы сæххæст Цæгат Кавказы рагондæр зонадон уагдон – Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институтыл (ЦИГСИИ).

Институты истори райдыдта 1919 азы 26 октябры Ирон историон-филологон æхсæнады сæвзæрдæй. Уый уыд «историон æмæ удварны хæзнатæ æмбырд æмæ ахуыр кæныны нысанимæ арæзт хæххон адæмты фыццаг зонадон уагдон». Мидхæсты æмæ фæсхæсты змæст рæстæджыты Ирыстоны разынд ахæм адæймæгтæ, нæ историон-культурон бынтæ бахъахъхъæнын æмæ раиртасын кæй хъæуы, уый чи æмбæрста. 1923 азы Æхсæнад хаст æрцыд Уæрæсейы Федерацийы зонадон æхсæнæдты номхыгъдмæ, 1925 азы та сси институт. Йæ сарæзтыл разæнгардæй архайдтой профессортæ Мысыкаты Мæхæмæт, Æлборты Барысби, Дзагуырты Гуыбады æмæ иннæтæ. Институты дарддæры райрæзтыл ахъаззагæй бацархайдтой зындгонд ахуыргæндтæ Кокиты Георги, Евгени Крупнов, Абайты Васо, Борис Скитский æмæ æндæртæ.

Æхсæнады, фæстæдæр та институты куысты ахсджиагдæр

къабæзтæй иу уыд адæмон дзыхæйдзургæ сфæлдыстады хæзнатæ, фольклорон æмæ этнографион æрмæджытæ æмбырд кæныны хъуыддаг. Хохаг хъæутæй хуынд цыдысты зындгонд кадæггæнджытæ, уыдоны ныхæстæй фыст æрцыдысты тынг бирæ зарджытæ, таурæгътæ, кадджытæ. Уый фæстæ мыхуыргонд цыдысты чингуыты сери «Ирон адæмон сфæлдыстады хæзнадонæй» («Памятники народного творчества осетин»), зæгъгæ, уым. Ома сери у институтæн йæхи «æмгар».

Абон уыцы куыст кæны Фольклор æмæ литературæйы хайад. Хайады сæргъы лæууы филологон наукæты доктор Сокаты Дианæ. 2010 азы ацы чингуыты сери «Ирон новеллистикон аргъæутты» дыууæ томæй (ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл) фæхъæздыгдæр кодта Хæмыцаты Тамарæ, фæстæдæр та йыл «Алæмæты аргъæуттæ» бафтыдта Сокаты Дианæ (уый дæр дыууæ томæй ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл). Æмбырдгæндтæм хаст æрцыдысты, ЦИГСИИ-йы зонадон архивы чи уыд, уыцы аргъæутты æппæт варианттæ дæр. Чингуытæ ифтонггонд сты биноныг фиппаинæгтæй. Бындур æвæрд æрцыд ног сери «Ирыстоны кадæггæнджытæ»-йæн дæр.

Æхсæнады куысты фыццаг къабаз уыд нартзонынад. Хайад абон дæр разæнгардæй архайы йæ райрæзтыл – Нарты эпос зонадон æгъдауæй иртасынил. Йæ рæстæджы Ирон историон-филологон æхсæнад самал кодта Тугъанты Махарбеджы, Санаты Гацыры, Æмбалты Цоцкойы къухфыстытæ, тынг бирæ зарджытæ æмæ кадджыты текстæ. Уымæй уæлдай Æхсæнады уæнгтæ кодтой зонадон куыст – ууыл дзурæг сты æмбырдты суагъæтæ. Уыцы суагъæты фидаргонд æрцыд æхсæнады уæнгты докладтыл биноныг æрныхас. Зæгъæм, æвзæрстæуыд Къубалты Алыксандры «Нарты эпосы равзæрды фарстамæ» æмæ «Ирон нæртон зарджыты равзæрды фарстамæ», Тугъанты Махарбеджы «Чи сты нартæ?», Æлборты Барысбийы «Æмбалты Цоцкойы æмбырдгонд Нарты кадджытæ» æмæ æндæр докладтæ.

Суанг Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты дæр институт нæ ныууагъта йæ куыст: арæзт цыдысты экспедицитæ, дысвæлдæхтæй куыстой ахуыргæндтæ Нарты кадджыты текстимæ. Уыцы егъау куысты фæстиуæг – Нарты кадджыты рауагъд ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл. 1940 азы ноябры республикæйы хицауады уынаффæмæ гæсгæ арæзт æрцыд Нарты комитет. Уый разамындæй институт

мыхуырмæ бацæттæ кодта Нарты эпосы иугонд текст æмæ йæ мыхуыры рауагъта 1946 азы. Архивы баззад инæлар Плиты Иссæйы тел. Уый арфæ кæны институтæн хæсты азты йæ «иузæрдион æмæ æнæнцой фыдæбоны тыххæй».

1956 азы Максим Горькийы номыл Литературон институт æмæ Цæгат Ирыстоны наукон-иртасæн институт æмвæндæй, æмдыхæй сарæзтой фыццаг наукон конференци нартзонынады фарстатыл. Уый фадат радта зонады ацы къабазы дарддæры райрæзтæн. Ныр- тæккæ дунеон зонадон конференци «Нартзонынад XXI æнусы: нырыккон парадигмæтæ æмæ интерпретацитæ» институтæн у традицион.

Нарты эпос иртасыны хъуыддагмæ егъау бавæрæн бахастой Хæмыцаты Тамарæ, Джыккайты Шамил, Гуытъиаты Хъазыбег. Институты фольклориртасджыты хъæппæрисæй арæзт æрцыдисты проекттæ: «Нарты кадджытæ. Ирон адæмы эпос» авд томæй (Хæмыцаты Тамарæ); «Ирон Нартиадæйы энциклопеди» æртæ томæй (Цыбырты Людвиджы разамындæй). Энциклопеди у, нарты эпосы хъайтартæ, архайджытæ, сюжеттæ, символтæ, фæлгонцтæ æвдыст кæм æрцыдисты, ахæм рауагъд. Дзырдæуы дзы йæ саразджыты истори, культурæ, цардыуаг æмæ дунеæмбарынадыл, адæмтимæ бастдзинадыл, кадæггæнджытæ, ахуыргæндтæ, фысджытæ, нывгæнджытæ, скульптортæ, композитортыл.

Фольклористикæ æмæ литературæиртасынады рæзт баст у Ардасенты Хадзыбатыр, Хæдарцаты Азæ, Салæгаты Зойæ æмæ иннæ ахуыргæндты нæмттимæ.

Фольклор æмæ литературæйы хайад иртасы ирон адæмы дзыхæйдзургæ сфæлдыстад æмæ мифологи (Тахъазты Федар, Хъуыссæты Зæлинæ), музыкалон фольклор (Дзлиаты Дзерассæ), аивадон культурæ (Фидараты Римæ), литературæзонад (Мамиаты Изетæ), аивадон тæлмац (Дзапарты Елизаветæ) æмæ сывæллætты литературæйы (Брытъиаты Анжелæ) фарстатæ. Мамиаты Изетæ ацы аз мыхуырмæ бацæттæ кодта «Къостайы дзырдуат» æртæ томæй.

Хъæздыг истории ис Ирон æвзагзонынады хайадæн. 1920-æм азты иртæстæуыд ирон æвзагзонынады ахæм фарстатæ, куыд ирон фыссынады эволюци, ирон графикæ (Æлборты Барысби), иумæйаг литературон æвзаг ирон æвзаджы æртæ къабазæн (Тыбылты Алыксандр), ирон графикæ латинаджы бындурыл (Дзагуырты Гуыбады), ирон дамгъуат æмæ а.д. Уыцы азты мыхуыры рацыдысты Всеволод



Миллеры æртæтомон «Ирон-уырыссаг-немыцаг дзырдуат», Æлборты Барысбийы «Ирон æвзаджы цыбыр грамматикæ». Уыдонæн стыр ахадындзинад ис ирон æвзагзонынады рæзты.

Хайад царды рауагъта тынг ахсджиаг бындурон проекттæ, иртæст цæуынц вазыгджын этнолингвистон фарстатæ (Бесолты Еленæ, Абайты Фатимæ), куыст цæуы æвзаджы дыгурон диалекты фарстатыл (Цæллагты Искрæ). Арæзт æрцыдисты къорд фундаменталон дзырдуаты, уыдонимæ: «Ирон-уырыссаг-англисаг дзырдуат» дыууæ томæй (редактор Гуыриаты Тамерлан); «Стыр уырыссаг-ирон дзырдуат» æмæ «Нырыккон уырыссаг-ирон æмныхасгæнæн» (разговорник) (Гуæцæлты Ларисæ, Парсиаты Ларисæ); «Ирон-уырыссаг дзырдуат» цыппар томæй, кусын ыл райдыдта Гуыриаты Тамерлан, кæронмæ йæ сарæзта йæ чызг Гуытъиаты Эльмирæ. Ныртæккæ уый кусы дыууæтомон «Фразеологон дзырдуат»-ыл.

Хайады сæргълæууæг у æрыгон ахуыргонд, филологон наукæты кандидат Дарчиты Мæдинæ. Уый æнгом кусы Уæрæсейы зонæдты академийы Æвзагзонынады институтимæ, разамынд дæтты царды рауадзыны аккаг лингвистикон проекттæн, архайы ирон дзыхæйдзургæ æмæ фыст текстты националон сконд фæхъæздыгдæр кæныныл электрон проект «Ирон æвзаджы дзырдвидыды электрон дзырдуат»-ы фæлгæты.




Историйы хайад у институты рагондæр зонадон хайæдтæй. Бирæ азты дæргъы историктæ æдæрсгæ æмбырд кодтой Ирыстоны тыххæй æрмæджытæ æмæ сæ мыхуыры уагътой æмбырдгæндтæй, иртæстой уырыссаг-ирон ахастытæ, хохæгты алыгъд Туркмæ æмæ æндæр фарстатæ. Уыцы рæстæг цы политикон цардарæзт æрфидар, уый домын райдыдта ног зонадон тематикæ, цæмæй фылдæр æргом здæхт цыдаид къласон тохы, революцион змæлды, граждайнаг хæсты, большевизмы историимæ баст фарстатæм. Институты историкты æхсæн уыд диссаджы курдиатджын адæймæгтæ – Кокиты Георги, Борис Скитский, Тотойты Михал, Дзанайты Аким æмæ æндæртæ. Фæсхæсты азты сæ размæ лæууыдис вазыгджын хæс – «Цæгат Ирыстоны истори» мыхуырмæ бацæттæ кæнын. Йæ фыццаг том рухс федта 1959 азы.

Абон хайадæн разамынд дæтты историон наукæты доктор, профессор Еленæ Кобахидзе. Фæстаг азты историктæ барæвдз кодтой къорд фундаменталон куысты скифтæ æмæ алантæ-ирæтты истори æмæ культурæйы тыххæй (Гутнаты Феликс, Туаллæгты Алан),

саразтой ирон æмæ цæгаткавказаг социумы рацарæзты хуызæг историон змæлды йæ бирæнымæц хæйттимæ (Еленæ Кобахидзе, Айларты Светланæ, Цориты Ингæ, Чочиты Георги, Цыбырты Герлик, Дарчиты Светланæ, Дзалаты Камилæ, Хуыбылты Эдæ, Гуытъиаты Эльвирæ), раргом кодтой, транформацион процессты цыд æмæ арæзт чи бæрæг кæны, уыцы архайæг тыхтæ. Сæ куысты сæйраг фæстиуæг сси «Ирыстоны истори» дыууæ томæй. Уым фыццаг хатт Ирыстоны Цæгат æмæ Хуссармæ ахуыргæндтæ æркастысты куыд иу историон-культурон процессы хæйттæм.

2019 азы мыхуыргонд æрцыд æрмæджыты æмбырдгонд «AlanisiveAas» – «Аланы-осетины». Уырдæм хаст æрцыдысты, аланты-ирæтты историон æмæ этнокультурон бастдзинады фарстатæ æвдыст кæм цæуынц, ахæм æрмæджытæ астæуккагæнусон æвдисæнтæй, уæрæсейаг æмæ фæсарæйнаг ахуыргæндты куыстытæй, академион æмæ энциклопедион чингуытæй.

Хайад стыр куыст кæны æрыгон ахуыргæндтæ цæттæ кæныны хъуыддаджы дæр. Ног фæлтæр кусы, зæгъæм, ахæм темæтыл, куыд алайнаг-персайнаг историон æмæ культурон бастдзинæдтæ (Хъаныхъуаты Зауыр), 1920 – 1930-æм азты периодикон мыхуыры истори (Засеты Георги), мобилизацион экономикæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты (Сечъынаты Сослан), Ирыстоны социалон-экономикон райрæзт 1960-æм азты (Бабаты Тамерлан).

Традицитæ хъахъхъæнгæйæ, институт аразы ног зонадон проекттæ. Историон наукæты доктор Цыбырты Людвиджы разамындæй этнологийы хайад бацæттæ кодта ирон адæмы традицион культурæйы тыххæй куыстытæ: «Ирон этнографион энциклопеди», коллективон монографи «Ирæттæ». Дзæвгар у Кцойты Султанæйы, Гоститы Ларисæйы, Хадыхъаты Алинæйы, Багаты Аланы, Дарчиты Анзоры, Дауиаты Тамарæйы монографитæ æмæ зонадон уацты нымæц дæр, – уыдоны иртæст цæуынц ирон адæмы этнографийы алыхуызон фæзилæнтæ.

Институты ног зонадон-иртасæн архайд здæхт у Кавказы адæмты генеалогимæ. Йæ бындурæвæрæг – историон наукæты доктор Мæрзойты Ислам-Бег – Америкæйы, Канадæйы, Турчы, Сирийы, Азербайджаны цæрæг ирæтты тыххæй фыст монографитæ æмæ уацты автор. Сарæзта генеалогион иртасæнты методикæ дæр.

Археологийы хайады (йæ разамонæг – историон наукæты доктор Туаллæгты Алан) æвæджиауы проект у Дæргъæвсы археологон экспедици. Институты археологтæ Дзаттиаты Руслан, Туаллæгты Алан, Цуциты Аслан Национ музейы кусджытимæ иумæ ракъахтой, йæ фæзуат 40 гектары бæрц кæмæн у, ахæм цыртдзæвæн. Уый хаст цæуы VII – XI/XII æнустæм. Катакомбæтæй ист алыхуызон дзаумæтты нымæц у 1500 иуæгæй фылдæр. Уыдон дзурæг сты хохаг кæмтты æмæ быдыры цæрæг аланты æмбастдзинадыл, сæ уæрæх базарадон-экономикон æмахастытыл хæстæг æмæ дард регионтимæ.

Институты арæзт цæуынц æхсæндисциплинарон проекттæ дæр. Филологон наукæты доктор Сокаты Дианæйы разамындæй æххæстгонд æрцыд культурон-рухсадон проект «Алания от А до Я». Рауагъдæн ис энциклопедион ахаст. Хаст æм æрцыдысты уацтæ аланты-ирæтты рагон æмæ астæуккагæнусон истори æмæ культурæйы, этнологи, ирон æвзагзонынад, мифологи æмæ фольк- лоры фарстатыл. Алы уац дæр фыст у хуымæтæг, чиныгкæсæгæн æнцонæмбарæн æвзагæй.

Абон ахуыргæндты коллектив Цыбырты Людвиджы разамындæй кусы ног проектыл – дыууæтомон «Алайнаг энциклопеди»-йыл.

1980 азы байгом кодтой социалогийы хайад. Бирæ азты дæргъы йын разамынд лæвæрдта профессор Дзуццаты Хасан.

Социалон-политикон иртасæнты хайады Еленæ Федосовайы разамындæй кусынц Гæдиаты Анетæ, Бирæгъты Бæлæ, Борис Синанов, æрыгон ахуыргæндтæ Тургиты Зæринæ, Бигъуылаты Симон, Хапсæты Данæ. Уыдон æххæст кæнынц комплексон политологон æмæ социологон анализ, мониторинг, стæй архайынц, регионы социалон-политикон, экономикон æмæ этнополитикон уавæр райсомы бон цавæр уыдзæн, уый развæлгъау бамбарыныл.

Институты хъæздыг бынтæ цæстыгагуыйау хъахъхъæны Зонадон архив (йæ разамонæг – филологон наукæты кандидат Абысалты Раисæ) æмæ Зонадон библиотекæ (разамонæг – историон наукæты кандидат Дзагуырты Наталья). Уыдон æппынæдзух хъæздыгдæр кæнынц ног æрмæджытæй æмæ ивд цæуынц электрон хуызмæ. Стæм чингуыты фонды фылдæр хай электрон хуызмæ ивд æрцыд УФ-йы Президенты гранты æххуысæй. Хетæгкаты Къостайы 165 азы юбилеймæ ахæм хуызмæ кæронмæ раивдæуыд йæ къухфыстыты фонд.

Ацы ахсджиаг куыстытæ æххæст кæнынæн арæзт æрцыд сæрмагонд Лаборатори, йæ сæргъы – филолог Мырыкаты Иринæ. Архивон фондтæн электрон фæлгæт раттынил архайынц Гуыриаты Маринæ, Багаты Индирæ, Дзуццаты Иринæ, Абысалты Жаннæ æмæ Хоруйиты Мæдинæ.

Институтæн ис йæхи рауагъдадон хайад дæр (йæ разамонæг – Хъайтмазты Аллæ). Уым бæрзонд полиграфион æмвæзадыл мыхуыргонд цæуынц зонадон кусæндоны чингуытæ æмæ журналтæ.

Зонадон-ахуырадон хайад (йæ разамонæг – историон наукæты кандидат, директоры хæдивæг Гуытъиаты Эльвирæ) арæзт æрцыд академион æмæ уæлдæрахуырадон зонады интеграцийы нысанимæ æрыгон ахуыргæндтæн æххуысæн. Хайад бацæттæ кæны профилон уæлдæр ахуырадон уагдæтты студентты практикæ. Арæзт æрцыд æмæ къорд азы дæргъы уагъдæуы чингуыты сери «Фыццаг монографи», журнал «Известия СОИГСИ. Школа молодых ученых». Аспирантурæйы цæттæгонд æрцыдысты дæсгай дæсны зонадон специалисттæ истори, этнологи, æвзагзонынад æмæ литературæйæ.

Институты бындурæвæрджытæ кæддæриддæр æмбæрстой



Уæрæсейы наукæты академиимæ æмбастдзинады, æмархайды ахсджиагдзинад æмæ йæ фидар кодтой. 2000 азæй нырмæ уыцы æмгуыстадæн ахъазгæнæг сси Уæрæсейы зонæдты академийы Историон-филологон зонæдты хайад. Уыцы хъуыддагмæ стыр æвæрæн бахастой УНА-йы Дзæуджыхъæуккаг НЦ-йы бындурæвæрæг Къусраты Анатоли æмæ Кучиты Агуыбе, кæцы бирæ азты дæргъы уыд институты разамонæг. Фидар кæнынц Мæскуыйы, Санкт-Петербурджы, Цæгат Кавказы профилон институттимæ бастдзинæдтæ.

Цы суагъæтæ æмæ æндæр æвдисæнтæ баззадис, уыдонмæ гæсгæ бафиппайæн ис, Хуссар Ирыстоны зонадон æхсæнадимæ цы æнгом бастдзинад уыдис, уый дæр. Æмзонд-æмвæндæй дзырдæуыд бæстæзонады ахсджиаг фарстатыл, ирон æвзаг ахуыр кæныны методикæйыл, фольклорон-этнографион æрмæджытæ æмбырд кæнынил… Рацыд 105 азы, фæлæ уыцы фарстатæ абон дæр сты ахсджиаг. Институты кусджытæ архайынц ирон адæмы националон-культурон рæзты фарстаты æмæ ирон æвзаджы терминологон къамисты куысты.

1920-æм азты институты ныхас цыд Турчы ирон диаспорæй-



ыл. Иу ахæм æмбырды архайдта Турчы фæсарæйнаг хъуыддæгты министр Бекир-Сами-бей – Куындыхаты Муссæйы фырт. Бекир-Сами-бей биноныг радзырдта Турчы цæрæг ирæтты царды, поэт Мамсыраты Темырболатæн йæ къухфыстытæ Трапезунды кæй уыдисты, уыдæтты тыххæй. Фæстæдæр Хъаныхъуаты Инал кæй рафыста, Темырболаты уыцы æмдзæвгæты къопитæ лæвæрд æрцыдысты институты архивмæ. Абон ЦИГСИИ-йы ахсджиагдæр проекттæй иу у Турчы цæрæг ирон адæмы культурæ, истори, этнографи, æвзаг ахуыр кæнын. Уый уæлдай цымыдисаг уымæн у, æмæ нæ туркаг диаспорæ абон йæхиуыл æнкъары этнокультурæйы процесстæ.

Дунеон æмгуыстады традициты бындур æвæрд æрцыд 1920-æм азты Фæсарæнтимæ бастдзинады æппæтцæдисон æхсæнады фæрцы. Ацы къабазы уæзгæ къахдзæф акæнын уыд институты раздæры директор, Ирыстоны зындгонд æхсæнадон æмæ политикон архайæг Таболты Сергейы (Солтанбеджы) хъæппæрис. Уый 1993 азы бацæттæ кодта экспедици «Via Alanica» («Аланты фæндаг»). Абон æхсæнадæмон куыст æвæрд у бæрзонд æмвæзадыл – арæзт цæуынц экспедицитæ, ирæттæ кæм цæрынц, уыцы бынæттæм, архайдæуы зонадон конгрессты. Ацы аз æвзагзонынады хайады хистæр зонадон кусæг Абайты Фатимæ уыд Цæгаткавказаг æвзæгты æппæтадæмон симпозиумы Анкарайы. Рæзы Табатабаийы, Тегераны университеттимæ æмгуыстад. Институты ахуыргæндтæ архайдтой конференциты Италийы, Хорватийы, сæ дæсныдзинад фæбæрзонддæр уа, уый нысанимæ та нæм æрцыдысты Германы, Турчы æмæ Ираны ахуыргæндтæ.

1925 азы рацыд «Известия Осетинского научно-исследовательского института краеведения»-йы фыццаг номыр. Уый уыдис Ирыстоны фыццаг зонадон æрвылазон журнал, мыхуыргонд дзы цыдысты ирон фольклор æмæ литературæйы, истори, аивад æмæ этнографийы æрмæджытæ, архивон æвдисæнтæ. Æдæппæтæй дзы мыхуыры рацыд 31 номыры, йе ‘ппæт æрмæджытæ дæр æмткæй – ирон адæмы историон-филологон комплексон раиртæст. Рауагъды традици фæкъуыхцы УСФСР-йы Мыхуыры комитеты уынаффæмæ гæсгæ – регионты журналтæ тематикон æмбырдгæндтæй ивд æрцыдысты. 2007 азы журнал сног. «Известия СОИГСИ» схонæн ис кавказзонынады фарстатæн æхсæнадæмон фæзуат.

2015 азы декабры журнал хаст ӕрцыд Уӕрӕсейы Федерацийы Уӕлдӕр аттестацион къамисы зонадон рауагъдты номхыгъдмӕ. Ӕрӕджы уырдӕм хаст ӕрцыд ЦИГСИИ-йы ног журнал «Kavkaz-Forum» дӕр.

Институт у цалдӕр зонадон форумы бындурӕвӕрӕг: «Миллеры номыл конференци» («Миллеровские чтения»), «Нартзонынад XXI ӕнусы: нырыккон парадигмӕтӕ ӕмӕ интерпретацитӕ» («Нартоведение в XXI веке: современные парадигмы и интерпретации»), «Гуыриаты Тамерланы номыл конференци» («Гуриевские чтения»), «Кавказы адӕмты генеалоги» («Генеалогия народов Кавказа»), Ӕрыгон ахуыргӕндты ӕппӕтдунеон историон-филологон скъола-конференци, Дунеон скъола-конференци «Кавказ йӕ ивгъуыды ӕмӕ абоны: истори, археологи, культурӕ» (Международная школа-конференция «Кавказ в его прошлом и настоящем: история, археология, культура»).

Институты ӕнусыккон историйы ӕмӕ йӕ ахуыргӕндты ӕппӕт фӕлтӕрты архайды сӕйрагдӕр фӕстиуӕг у, бӕстӕзонад комплексон наукон здӕхт кӕй сси, уый. Хауынц ӕм, дунеон ӕмӕ уӕрӕсейаг истори ӕмӕ культурӕйы уӕрӕх фӕлгӕтты арӕзт чи цӕуы, ӕвзагзонынады, фольклор ӕмӕ литературӕйы, истори, археологи ӕмӕ этнологийы, социологи ӕмӕ политологийы ахӕм иртасӕнтӕ.

Абон ЦИГСИИ сӕрыстыр у йӕ кусджытӕй. «Схъомыл кодта» 15 наукӕты докторы (уый у наукон коллективы ӕртыккаг хай), наукӕты кандидатты ӕмӕ, йӕхиуыл зӕрдиагӕй чи кусы, йӕ адӕмы ӕвзаг, културӕ ӕмӕ истори, уӕлдай ӕгӕрон уарзтӕй та йӕ институт чи уарзы, ахӕм курдиатджын фӕсивӕды.

Йӕ ног сӕдӕазоны коллектив архайы, цӕмӕй историон ӕгъдауӕй сфидаргонд зонадон фӕндӕгтӕ хъахъхъӕд цӕуой ӕмӕ рӕзой амӕй фӕстӕмӕ дӕр, ахуыргӕндты хистӕр фӕлтӕры фӕлтӕрддзинадмӕ уа ӕмбӕлгӕ ахаст, ӕрыгон ахуыргӕндты сфӕлдыстадон хъӕппӕрисӕн та – ӕххуыс. Ӕрмӕстдӕр афтӕмӕй ис бахъахъхъӕнӕн фӕлтӕрты бастдзинад нӕ зонады рӕзты сӕраппонд.

## АБАЙТЫ ВАСО
## (1900-2001)



Советон ӕмӕ уӕрӕсейаг ахуыргонд-филолог, ӕвзагиртасӕг-иранист, бӕстӕзонӕг, педагог. УСФСР-йы наукӕты сгуыхт архайӕг, ССР Цӕдисы паддзахадон премийы лауреат, Цӕгат Ирыстоны Хетӕгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы фыццаг лауреат. Йӕ куыстытӕ сты уӕрӕсейаг культурӕ ӕмӕ зонадмӕ уӕзгӕ бавӕрӕн.

Фыдыбӕстӕйы Стыр хӕсты азты куыста Цӕгат Ирыстоны наукон-иртасӕн (ныртӕккӕ – ЦИГСИИ) ӕмӕ Хуссар Ирыстоны наукон-иртасӕн институтты.

Йӕ сӕйраг куыст у «Ирон ӕвзаджы историон-этимологион дзырдуат» 5 томӕй. Йӕ бирӕ иннӕ иртасӕнты ʻхсӕн сты «Нартовский эпос», «Осетинский язык и фольклор», «Язык как идеология и язык как техника», «Скифо-европейские изоглоссы».

Номарӕн фӕйнӕг ын ӕвӕрд ис, Мӕскуыйы цы хӕдзары цард, ууыл, йӕ ном хӕссынц уынгтӕ Дзӕуджыхъӕуы, Дигорайы, Октябрыхъӕуы, Цхинвалы. Цхинвалы кусы Абайты Васойы мемориалон хӕдзар-музей. 2002 азы ЦИГСИИ-йӕн лӕвӕрд ӕрцыд Абайты Васойы ном. Ахуыргонды ном ма хӕссы УНА-йы Дзӕуджыхъӕуккаг центры Скифаг-алайнаг иртасӕнты центр.

*Абайты Васойы фӕдзӕхст кӕстӕртӕн:*

*«Мӕ зӕрдӕ риссы, нӕ мадӕлон ӕвзаджы хъысмӕтыл куы ахъуыды кӕнын, уӕд. Куыстуӕтты ӕмӕ ӕхсӕнадон ӕмбырдты нӕ, фӕлӕ ма хӕдзары, бинонты ʻхсӕн дӕр тӕссаг раны бахауд. Хъуамӕ алчи дӕр ӕмбара: ӕвзаджы фесӕфт у адӕмы фесӕфт. Нӕй ӕвзаг – нӕй адӕм. Фӕдисы хъӕр: не ʻвзаг бахъахъхъӕнӕм, бавӕрӕм! Ӕппӕты фыццаг – хӕдзары мидӕг, бинонты ʻхсӕн. Алы хӕдзары къулыл дӕр хъуамӕ фыст уа егъау дамгъӕтӕй: «АМ ИРОНАУ (ДЫГУРОНАУ) ДЗУРЫНЦ».*



**ЦЫБЫРТЫ Людвиг**

ЦИГСИИ-йы хайады сæргълæууæг, историон наукæты доктор, профессор, УФ-йы æмæ РЦИ-Аланийы наукæты сгуыхт архайæг, Уæрæсейы æрдзон наукæты академийы академик. 200 наукон куыстæй фылдæры автор. Хорзæхджынгонд у орден «Ирыстоны намысæн»-æй. Иртасы этнологи, истори æмæ фольклоры фарстатæ.

# ИУ ПАДДЗАХАДОН ÆВЗАГÆН АДÆМЫ ИУГÆНÆГ ТЫХ ИС!

*(Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд «Иры Стыр Ныхас»-ы XI съезды раныхас)*

Ацы Съезды делегаттæй мæнæй ацæргæдæр ничи у, фыццаг Съездæй фæстæмæ сæ алкæцыйы дæр архайдтон, сæ фылдæры ныхас дæр ракодтон. Дзырдтон-иу дуджы риссагдæр фарстатыл.

Мæ студентон азтæ нæ нымайгæйæ, ныр æнусы цыппæрæм хай цæрын Цæгаты. Нæ адæмы сгуыхтдзинæдтыл цин кæнын зæрдиагæй; уыдон бирæ сты, æмæ сæ нæ нымайдзынæн, уый тыххæй нæ рахызтæн ныхас кæнынмæ. Мæн фæнды, абоны риссаг фарстатæй нын нæ размæцыд чи къуылымпы кæны, уыдонæй иу цалдæры тыххæй мæ хъуыды зæгъын.

Мах стæм хивæнд адæм. Алчи дæр нæ йæхи æнхъæлы пахуымпар. Нæ иуæн иннæйы зонд сындзы хуызæн у. Къостайы бæрзондыл æвæрæм, кæнæм ын кад, фæлæ йын, «кæрæдзи уарзгæйæ цæрут», зæгъгæ, йæ уыцы фæдзæхст не 'ххæст кæнæм. Уымæ гæсгæ абон не 'хсæн сарæх сты æдзæллаг, худинаджы хъуыддæгтæ.

Зондджын адæм амыдтой: цалынмæ исты зæгъай кæнæ саразай, уæдмæ уал бæстон ахъуыды кæн йæ фæстиуджытыл æмæ уый фæстæ бавнал йæ сæххæст кæнынмæ.

Цы цæрын, уыцы рæстæг не стыр райгуырæн бæстæ ныры хуызæн ӕдзæллаг уавæры никуыма уыд. Абон фарст, цы уыдзæн нæ фидæн, нæ сомбон, зæгъгæ, æвæрд цæуы. Хуыцау бахизæд, ма рамбулæм ацы хæст (Сæрмагонд æфсæддон операци – *ред.*), фæлæ йæ кæрон, хъыгагæн, нæма зыны.

Уæззау уавæры бахаудта нæ райгуырæн Ирыстон дæр. Цас æвзонг фæсивæд фæцагъды гуырдзы æмæ мæхъхъæлимæ хъаугъаты. Абон та ноджы ӕдзæллагдæр уавæры бахаудыстæм – алы бон дæр нæм æнамонд хабæрттæ хъуысы хæсты быдырæй. Нæ демографион уавæр у кæуинаг, диссаджы историон нысаниуæг кæмæн ис, нæ уыцы ирон æвзагыл дзурджытæ бонæй-бон къаддæр кæнынц, ирон чиныг ничиуал кæсы.

Гъе æмæ нæм уыдæттыл аныхас кæныны бæсты диссæгтæ цæуы. Не 'хсæн фæзынд змæнтджытæ, зыгъуыммæ зондыл хæст адæм. Иудзинадмæ сидыны бæсты ацы уæззау тугкалæн дуджы архайынц, цæмæй кæрæдзийы ныхмæ суæм, кæрæдзийы мауал æмбарæм.

Иу адæм стæм, гормæттæ, иу, гукк иронау, нæ историон цардвæндæгтæ нæ кæрæдзийыл æфсæн цæгтæй бабастой! Æз къуыдайраг дæр дæн, чысайнаг дæр дæн, дыгурон дæр дæн æмæ ирон дæр дæн. Иу туг, иу стæг стæм, нæ цин æмæ нæ маст дæр дих кодтам æмæ кæнæм. Банымайут-ма, гормæттæ, цас хæстæгдзинад ис не 'хсæн! Абоны дыгурæтты зынгæ хай знон дæр ма ирæттæ æмæ хуссайрæгтæ уыдысты. Уæллагкомы цæрджытæн сæ фылдæрæн ныр дæр ма се 'рчъитæ Уæлладжыры комы зæронд цæрæн бынæтты уæлхæдзæртты сты. Дыгурон мыггаг Туаллæгтæ йæхæдæг нæ амоны, йæ ратæдзæнтæ кæцæй сты, уый?! Дыгурон Айлартæ хорз зонынц, Мамысоны Айларты хъæуæй кæй ралыгъдысты, Къесатæ та – Захъайæ. Æмæ ахæм цæвиттонтæ цас æмæ цас æрхæссæн ис. Уæ фарн бирæ уæд, мæ каистæн сæ иу хай чысайнæгтæ сты, иннæтæ – дыгурæттæ. Кæй фарс сæ рахæцон, кæй сæ фæуæлдæр кæнон, дыууæрдыгæй дæр кадджын æмæ æгъдауджын куы сты, уæд?! Мæхæдæг Ирыстоны Цæгаты фæдæн институт, мемæ ирæттæ дæр ахуыр кодта æмæ дыгурæттæ дæр, фæлæ сæ не 'взæрстон, чи кæцы уыд, уымæн æмæ иу адæм стæм, иу туг, иу стæг!

Æвæццæгæн, мæ хæлар Дзанайты Хадзымæтæн, уынгты цы

ныхæстæ фехъусæн вæййы, уыдонæй алцы мыхуыры уадзын не 'мбæлы йæ газет «Айдæн»-ы. Цæвиттонæн дзы æрхæсдзынæн газеты мыхуыргонд Лазарты Миленæйы провокацион хъуыдытæй иу: «Куыд рабæрæг, афтæмæй ирæтты райгуырæн бæстæ у æфцæджы фале Хуссары, ам, Цæгаты, уыдон сты дыгурæтты уазджытæ». Ома автор сиды: «Сыстут, ирæттæ, æмæ фæлидзут ардыгæй».

Æцæгæй та куыд уыд ацы хабар? XIII – XIV æнусты тæтæр-мангол æмæ Тимур куы 'рбабырстой, уæд фыццаг сæ разы фесты Ныгуылæн Аланы (абоны хъæрæсейæгты æмæ черкесты республикæ) цæрджытæ, сирактæ сæ хуыдтой, дыгурæтты рагфыдæлтæ. Æрцыд тугкалæн хæст. Йæ фæстиуджытыл Владимир Кузнецов фыста: «Мощная тюркская миграция предрешила судьбу дигорских алан Прикубанья, видимо, частично уничтоженных, частично оставшихся и ассимилированных, частично оттесненных на восток, в нынешнюю Дигорию».

Тимур дыгурæтты куыд цагъта, уый ирдæй æвдисы историон зарæг «Задалески Нана» дæр: «Тогуарæ æркодта, тогуарæ æркодта / Тъæпæн Дигорбæл, Тъæпæн Дигорбæл! / Ахъсахъ Тимури æфсæнцъух борæтæй / Сæ цъæх будуртæ куы батар æнцæ… / Се знæгти къохæй тог лæсæн кæнунцæ».

Тугкалæн хæсты фæстæ ма цы сывæллæттæ баззад, уыдоны историон зарæджы хъайтар Задæлесчы Нана æркодта Хурыскæсæн Аланмæ, ирæтты рагфыдæлтæ аорсты зæхмæ, ома абоны Цæгат Ирыстонмæ. Цæй, куыд бакæнæм, ме 'нæзонгæ Миленæ? Чи нæ фæлидза Ирыстонæй – ды æви æз? Задалески, ома Аланты Нана, цы стыр хъæбатырдзинад равдыста, уый тыххæй та йын Дзæуджыхъæуы цыртдзæвæн сæвæрын дзырддаг хъуамæ ма уа. Мæнæ абон стыр коллективæй кусæм Аланты энциклопедийыл, æмæ уым аккаг æрмæг уыдзæн Аланты Нанайы тыххæй дæр.

Мæн дисы æфтауы, абоны онг, Миленæйæн йæ рæдыд чи бамбарын кæна, иу ахæм зондджын лæг кæй нæ разынд, уыцы хъуыддаг. Кæнæ, Ирон театры сценæйæ æрмæст дыгурæттæн салам цы профессор (?!) радта, уымæн исчи хицауадæй йæ ных куыд нæ бакъуырдта?

Уæдæмæ нæ афтæмæйты абон дихтæ чи кæны, уыдон сты нæ адæмы цыфыддæр знæгтæ, æмæ сыл хъоды бакæнын хъæуы! Ук-

раинæгты æмæ уырыссæгты ‘хсæн цы трагеди æрцыд, уымæй хатдзæгтæ цæуылнæ кæнæм, фæлхат кæнынмæ йæ хъавæм?

Кæнæ иннæ хабар. Паддзахадон æвзаг кæмæн ис, уыдонæй сæ фылдæрæн ис диалекттæ æмæ ныхасыздæхтытæ. Бирæ адæмты æвзæгтимæ ис ирон æвзаджы уавæр абарæн уыцы хъуыддаджы. Райсæм, æввахсдæр нæм чи цæры, уыдонæй дыууæйы – гуырдзы æмæ уырысы.

Гуырдзиаг æвзаджы ис 14 диалекты, фæлæ паддзахадон æвзагæн равзæрстой, Илья Чавчавадзе æмæ Акакий Церетели цы ‘взагыл фыстой æмæ адæмы фылдæр хай цы ‘взагыл дзырдтой, уыцы картлийы æвзаг.

Уырыссаг æвзагæн дæр бирæ диалекттæ ис, зæронд славяйнаг студенттæ ахуыр дæр кæнынц. Фæлæ паддзахадон æвзагæн равзæрстой, литературæ фылдæр кæуыл уыдис, адæмæн сæ фылдæр цы ‘взагыл дзырдтой, уый – Александр Пушкины æвзаг.

1924 азы культурæ æмæ ахуырады фарстаты фæдыл арæзт æрцыд Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны иугонд съезд. Уым уынаффæ рахастой, цæмæй паддзахадон æвзагæн æвзæрст æрцæуа, Къоста йе ‘нæмæлгæ уацмыстæ кæуыл фыста æмæ ирон адæмы фылдæр хай кæуыл дзыртой, уый – ирон диалект. Тыбылты Алыксандр ма уац «Единый литературный язык для всех ветвей осетинского народа», зæгъгæ, дæр ныффыста, ома ирæттæн, дыгурæттæн, чысайнагтæн, туаллæгтæн æмæ афтæ дарддæр иу литературон æвзаг ис, зæгъгæ.

Æмæ мæнæ диссæгтæ! Нæ сомыгæнæн интеллигенциийы минæвæрттæ Æппæт ирон адæмы Съезды цы ахсджиаг уынаффæ рахастой, ууыл абон былысчъилтæй ревизи кæнынмл схæцыдысты, уыцы дуджы лæгау лæгтæн цума кæнынæн дæр чи нæ сбæззыдаид, ахæмтæ!

Дыгурон диалект нæ, фæлæ æвзаг чи хоны, уыдон рæдийынц. Фыццаджыдæр, дыгурон æвзаг диалект куынæ уыдаид, уæд ыл дыгурон профессор, дзæнæты бадинаг Исаты Мæхæмæт æнæхъæн чиныг «Дигорский диалект осетинского языка» нæ ныффыстаид. Байхъусæм ма нæ иннæ дзæнæты бадинаг ахуыргонд Абайты Васомæ дæр: «Осетинский литературный язык, создателем которого является народный поэт Осетии Коста Хетагуров, стоит на

надежном и верном пути к дальнейшему развитию и расцвету. Он строится на базе иронского диалекта. Дигорский диалект является вторым, наряду с иронским, основным диалектом осетинского языка. На нем имеется своя небольшая литература. Расхождения его с иронским значительные, но не таковы, чтобы препятствовать созданию единого литературного языка». Уымæ сидт литературон æвзаг ирон æвзаджы алы ныхасыздæхтыты хæзнатæй хъæздыг кæнынмæ.

Æмæ ма иу дæнцæг. 2022 азы Уæрæсейы наукæты академийы цур Æвзагзонынады институт рауагъта чиныг «Уæрæсейы адæмты æвзæгтæ». Уым ирон æвзаджы тыххæй 26-æм фарсыл кæсæм: «Согласно данным лексикостатистики, 92% совпадений в базовой лексике между иронским и дигорским, что характерно для диалектов одного языка».

Фæнды ма мæ зæгъын: афтæ чи дзуры, дыууæ диалекты дæр паддзахадон уой, уый тынг рæдийы, нæ хъуыды кæны йæ хъæппæрисы фæстиуджытыл. Югославийы республикæтæ иу паддзахад куы уыдысты, уæд сын уыд иу паддзахадон æвзаг – сербаг-хорватаг. Куы ныппырх сты, уæд дзы алчи дæр хицæн паддзахадон æвзаг равзæрста: сербтæ – сербаг, хорваттæ – хорватаг, черногойрæгтæ – черногойраг, словентæ – словенаг, босниæгтæ – босниаг. Гъе уæдæ афтæ – æвзæгтæ куыд ныддихтæ сты, афтæ ныддихтæ сты адæм дæр.

Ныр бафæрсæм: «Дыгурон диалект кæй хуыйны, уый цы хъыгдары æвзаджы райрæзтæн?» Хуыцау бахизæд, æмæ фесæфа. Гуырысхойаг хъуамæ макæмæн уа, дыгурон диалект дæр нæ нацийы хъæздыгдзинад кæй у, уый. Куыд фехъуыстон, афтæ дыгурон диалектмæ цæстæнгас раздæр нывыл нæ уыд. Фæлæ абон, мæнмæ гæсгæ, ис алы фадæттæ дæр йæ дарддæры рæзтæн, фаг хъусдард æм ис хицауадæй, цæуынц газет «Дигорæ», журнал «Ирæф», кусы Дыгурон театр, дыгуронау цæуынц чингуытæ, ис дыгуронау радио-телеуынынады бакастытæ æмæ бирæ æндæр хъуыддæгтæ. Кæд ма исты хъыгдары нæ иумæйаг аудинаг дыгурон диалекты райрæзты, уæд уыдон дæр æмархайдæй аиуварс кæнын хъæуы.

Диссаг мæм кæсы, куыд зын бамбарæн у, иу паддзахадон æвзаг адæмы иу кæй кæны, дыууæ-æртæ паддзахадон æвзаджы та сæ

кæрæдзийыл кæй ардауынц, адæмы дихтæ кæй кæнынц, кæрæдзийæ сæ иппæрд кæй кæнынц. Ау, уый бамбарын афтæ зын у?!

Уæдæмæ æрсабыр кæнæм нæхи, æнгомдæр æрбалæууæм кæрæдзийы фарсмæ ацы зын æмæ тæссаг дуджы, æнæ хъæлæбайæ бауынаффæ кæнæм, ирон æвзаджы тæссаг уавæрæй куыд ракæнæм, ууыл, ирон чиныджы хъуысмæтыл, нæ демографион критикон уавæрыл.

Ацы вазыгджын фарстатæ царды ауадзыны тыххæй махæн хицауадæй дарддæр ис æппæтдунеон нысаниуæгимæ ирон æхсæнадон уагдон «Иры Стыр Ныхас». Æмæ балæууæм, цы разамонæг сконд ын равзарæм, уый фарсмæ, кæрæдзийы æмбаргæйæ аскъуыддзаг кæнæм нæ риссаг фарстатæ. Зыгъуыммæ зондыл хæст адæм дыууæрдыгæй фарс дæр бирæ не сты, фæлæ сæ афоныл куынæ бауромæм, сæ ных сын куынæ бакъуырæм, уæд уыдон фылдæрæй-фылдæр кæндзысты, нæ сомбон та – катайагæй-катайагдæр.

Ацы тæссаг дунеон уавæры чысыл адæм кæрæдзийы фарсмæ куынæ балæууой, уæд сæ кæрон сæфтмæ кæй цæуы, уый бамбарын хъæуы махæй алкæй дæр. Æмæ уæд нæ райгуырæн бирæнацион Ирыстон ноджы кадджындæр фæндæгтыл цæудзæн йæ амондджын сомбонмæ!



**УАРЗИАТЫ Вилен**
(1952 – 1995)

Историк-этнолог, историон наукæты кандидат, профессор. Уыд Цæгат Ирыстоны наукон-иртасæн институты (абоны ЦИГСИИ) археологи æмæ этнографийы хайады хистæр наукон кусæг. Уæрæсейы наукæты академийы стипендиат. Зонадон экспедици «Аланты фæндаг»-ы архайæг. 100 наукон куыстæй фылдæры автор, мыхуыргонд ын æрцыдысты Уæрæсейы, Венгрийы, Казахстаны. Йæ мæлæты фæстæ рухс федтой йæ «Æвзæрст куыстытæ» дыууæ томæй.

# ЦЫППУРСÆЙ – НОГБОНМÆ

*Уац*

Зымæджы бæрæгбæттæ райдайынц *Цыппурсæй* (дыг. *Цæппорсе).* Кæнынц æй Ногбоны размæ. Уыцы бæрæгбон у, уырысмæ *Рождество* кæй хонынц, уыцы чырыстон бæрæгбоны хуызæн. Къæлиндармæ гæсгæ сæ иу рæстæджы кæй кæнынц, æрмæст уый тыххæй нæ.

Ирон ном *Цыппурс* равзæрди, рагон ирайнаг æвзагыл цыппор чи нысан кæны, ахæм дзырдæй. Уыцы дзырды равзæрд баст у дыууиссæдз боны кæндимæ, раджы кæддæр æй кодтой уыцы бæрæгбоны размæ. 1928 азы Къарджиаты Бекызæ фыста, зæгъгæ дам-иу ирон хистæртæй чидæртæ бæрæгбоны размæ дыууæ къуырийы дардтой мархо. Бирæ рæстæджы дæргъы этникон культурæ гæвзыкмæ кæй æрцыди, уымæ гæсгæ ма фыдæлтæй баззайæг фæткы уыцы бæрæгбонæн ис æрмæст йæ ном, æмæ уый дæр алчи нал зоны. Уымæ гæсгæ цыбырæй æрдзурдзынæн дыууæ æмбарынады тыххæй.

Абон дæр ма афтæ нымайынц, цыма марходарæджы сойаг æмæ нæ хæрынæй дарддæр ницы кæнын хъуыди: уæвгæ та мархо дарыны сæйрагдæр æмæ æцæгдæр мидис у адæймаджы уд асыгъдæг кæнын, Хуыцауы комытæфæй куыд фæхайджын уа. Уæдæ

ахсджиаг у физиологион æгъдауæй дæр. Уыцы бонты уырнæг адæмы хæс уыди Хуыцауæн æнад митæй хи бахизын, хуымæтæг хойраг хæрын. Абон зонæм, ахæм хойраг чи хæры, уый сæнæниз вæййы, афæдзы ног афон вæййы фæразондæр.

Бæрæгбон-иу афтæ райдыдта: лæппутæ-иу къæрццæй судзаг сындзджын цъыхырытæ æрæмбырд кодтой, уыдонæй-иу сæвæрдтой хæдзармæ бацæуæнты, уæтты, хæдзары дзаумæтты раз, скъæтты, сараты. Бæрæгæхсæв-иу бинонтæ æмæ уазджытæн æфсисджын хойраг скодтой. Ома, ныр нæ разы сойджын хойраг куыд параха-тæй ис, фидæны дæр афтæ куыд уа. Кæрæдзимæ цæуын, кæрæдзиййы хынцын нымад уыди хорз нысаныл. Хæдзæртты дуæрттæм-иу хъæмпæй кæнæ тоболахъы зæнгтæй сæндзæрстой æртытæ æмæиу зæлланггæнаг къæрццытæ кодтой. Фæсивæд-иу сæррæттытæ кодтой сæ сæрты, цæхæр-иу ахастой, фысы нæрдтæ-иу сурвых кодтой. Уыдæттæ йæхи цæстæй чи федта, иу ахæм адæймаг æнусы райдайæны афтæ фыста: «Иу стæм хæдзарæй фæстæмæ-иу алкæй дуармæ дæр хъæмпы, хосы, æхсæлыйы æмæ зазы къалиутæй рагъамад скодтой æртытæ æндзарынæн. Зæрондæй хæрз сабийы онг сæнæвдæлон сты: хистæртæ æндзаринæгтæ кæрæдзийыл амадтой, сабитæ-иу тæлфыдысты, пиллонуадзæг æндзарæнтæ-иу скъæфтой. Уалынмæ-иу бæрæгдæр рæтты алцы дæр æрцæттæ кодтой. Райдайут, зæгъгæ-иу райхъуысти, æмæ-иу цалдæр минуты фæстæ хъæу ныррухс ис. Фæсивæд-иу разгъор-базгъор систой æртыты алыварс, сæ сæрты гæппытæ кодтой, афтæ дзургæйæ: «Нæ фыдбылызтæ арты басудзæнт!» Уый фæстæ-иу æгас адæм дæр кæрæдзи къухтыл æрхæцыдысты, цæг-иу æрлæууыдысты æмæ-иу, арты алыварс зилгæйæ, зарын байдыдтой. Зæронд лæгтæн-иу ныхас бацайдагъ, кæй арт хуыздæр у, ууыл тæрхæттæ кодтой. Хуыздæр арт скæнджытæ цæрдæгдæр æмæ æвзыгъддæр фæсивæдыл нымад цыдысты. Азарыны фæстæ-иу кæстæртæй исчи æрбахаста бæгæныйы къус, физонæджы кæрдихтæ, дымæджы хай æмæ-иу сæ радта хистæрмæ. Уый-иу йæ сæрæй акуывта, иннæ абон дæр уыл дзæбæхæй æрцæуæд, зæгъгæ, фæсивæдæн-иу раарфæ кодта, фысы нард-иу мынæггæнæг артмæ баппæрста æмæ-иу загъта: «Ацы сой куыд адджынæн бахæрæм, ахæм адджын цард нын раттæд Хуыцау!» Иууылдæр æртыгуыр сты арты цур. Æз сæ ба-

фарстон, арт кæнын цы амоны, зæгъгæ. Иуæй-иутæ, уыцы æгъдау цы амоны, уый нæ зыдтой, фыдæлтæй, дам нын баззад. Иннæтæ йæ афтæ æмбарын кодтой, æртытæ, дам, фæкæнынц, Чырыстийы куы æрымысынц, уæд. Куы райгуырди, уæд, дам, уазал рæстæг скодта, æмæ, дам ын ихæн цæмæй ма уа, уый тыххæй скæнынц æртытæ. Иннæтæ йæ æндæр хуызы æмбарын кодтой. Дзырдтой, зæгъгæ, дам, арт куы скæнынц, уæд ноггуырдыл фæцин кæнынц».

*Цыппурсы* бонтæ уыдысты Ногбонмæ бахизæн дуарау, æмæ сæ бирæ цæмæйдæрты æмхуызон кодтой. Æнæнымæц æртытæ æмæ сæм-иу кæй баппæрстой, уыцы сой уыдысты зымæджы хурхæтæн æмæ хæдзарадон къæлиндары ног циклы райдайæнимæ баст фæсномыг нысантæ æмæ, фидæны сæм цы амондджын цард кæсы, уый курæг. Чи зоны, уыцы бæрæгбон дæр, йæ фæстæ йын кæй кодтой, уый ахаст æм кæй уыди, адæмон æмæ дины къæлиндартæ тобæгонд кæй æрцыдысты, уый аххосæй сæмхуызон ис, хицауад бар кæмæн радта æмæ адæм се ‘гас дæр кæй нысан кодтой, уыцы Ногбонимæ. Уымæн æвдисæн у йæ дыккаг ном *Ног азы сæр.* Ууыл дзурæг сты Цыбырты Людвиджы æрмæджытæ дæр. Уый æнæгуырысхо хъуыды у, уымæн æмæ се ’хсæн къуыри йеддæмæ нæ уыди.

Цыппурсы фæстæ къуырийы фыццаг æртыццæджы ирæттæ бæрæг кодтой (бирæтæ та йæ ныр дæр кæнынц) *Бынатыхицауы (Бундоры) бæрæгбон.* Дæлимонтимæ æргом баст кæй уыди, уымæ гæсгæ ма йæ фæхонынц æндæр нæмттæй дæр: *Хæйрæджыты æхсæв (Кæйдæрты æхсæв), Дзинкъуыртæ.* Йæ бонмæ-иу скодтой кувинаг нозтытæ – бæгæны, арахъхъ. Æнæмæнг-иу туг суагътой, арæхдæр æргæвстой сæгътæ, гæнæн нал ис, уæд кæрчытæ. Фæстаг рæстæджыты, адæм куы фæцыбыркъух сты, уæд æргæвдын райдыдтой æрмæстдæр кæрчытæ. Цы бæрæгбон у, æмæ йæ къуырийы бонтæй кæцыйы нысан кæнынц, уый хынцгæйæ арæхдæр фергæвдынц сау кæрчытæ.

1920-æм æмæ 1930-æм азты фыццаг æмбисы уыцы бон кæрз хъæдæй кодтой къæпсырхуыз фыдбылызæй хизæг сæрдзæвæнтæ. Бафидар сæ-иу кодтой се ‘ддаг дарæстыл, сæ худтыл, дуæртты æмæ рудзгуыты зыхъхъыртты, хæдзары дзаумæттыл. Сындзджын къалиутау адон дæр хæдзар, бинонты æмæ фосы хызтой алы низтæй æмæ фыдбылыз хæссæг иблистæй.

Фыдæлтæй куыд баззад, афтæмæй ацы бардуаг уыди сылгоймæгты «бæрны». Уый тыххæй Гатеты Б.Т. бафиппайдта, зæгъгæ, ирон сылгоймæгтæ дзуæртты сæхи нæмттæй нæ хонынц, фæлæ сæ кой фæкæнынц фæсномыгæй – фæткмæ гæсгæ сылгоймаг хъуамæ уа хæдæфсарм, дзуæртты нæлгоймæгтæ цы нæмттæй хонынц, уыдон дзурыны бар сын нæй, сæхи нæмттæй хонынц æрмæст *Алæрды, Бынатыхицау* æмæ *Хуыцауы дзуары*. Ома, нæфæтчиаг дзуæртты нæмттæ чи сдзура, уый нымад цæуы æгъдаухалæгыл, æмæ йыл налаты ном сбаддзæн».

Незамантæй фæстæмæ дæр цæрæнуæттæ нымад цыдысты сылгоймаджы сурæтыл баст. Цæрæнты цы змæлд уыди, уыдон иууылдæр кодтой сылгоймæгтæ. *Фæныкгуызы* ном-иу цы лæппуйыл сбадти, уый-иу фæфидиссаг.

Бæрæгбоны фынгыл хи куыд дарын хъæуы, уымæн дæр уыди сæрмагонд фæтк. Нывондаг кусарты кæнæ маргъы-иу ауæнгтæ кодтой, уыимæ архайдтой, цæмæй се стджытæ æнæхъæнæй баз-



Тугъанты Махарбег. Цыппурсы бæрæгбон

зайой, ууыл. Кувинаг чъиритæ, нозтытæ æмæ цуайнаджы фых дзидзайы хæйттæ-иу фынгыл равæрдтой, цырагъ-иу ахуыссын кодтой æмæ-иу талынг уатæй цыбыр рæстæгæй рацыдысты æддæмæ. Незаманты-иу фынг бамбæрзтой нымæтæй æмæ-иу, хæдзарæй ахизгæйæ, æдде дзæвгар рæстæг ныффæстиат сты. Рацæуыны размæ-иу хистæр скуывта. Мæнæ-иу куыд батабу кодтой астæуккаг Ирыстоны цæрджытæ *Бынатыхицауæн*: «Бынатыхицау, дæ хорзæхтæй нæ фæхайджын кæн! Рæдийын нæ ма бауадз æмæ нæ фыдæй бахиз. Адæймагæй, бæхæй, фосæй – нæ ис-бис, нæ сæртæ – де уазæг. Нæ зæрдæбын куывд нын фехъус. Ныводæй, хойрагæй, нозтæй дын цы сцæттæ кодтам, – барст дын уæнт. Нæ фæстаг фиддон дын ма фæуæнт. Дæ бархъомыс нæ сис, дæ бар ныл куыннæ цæуа, афтæ дард фæцу нæ цæрæнтæй, цæмæй мах хистæрæй, кæстæрæй æмæ нæ тъымы-тъыма дæр æнæфыдбылыз уæм. Цæмæй нæ хортæ тугыл аскъуыйой, нæ фос уыртт-уыртт кæной».

Ацы ран Бынатыхицау у цавæрдæр адæймаджы ныстуантæ дæлимонтæм хæццæгæнæг тых. 1868 азы уый тыххæй Тхостаты Инал фыста: «Кусарт акæныны размæ балæгъстæ кæнынц иблисæн æмæ, Хуыцау бахизæд, фæлæ, мыййаг, кувæг лæг Хуыцау кæнæ дзуæрттæй искæй ном куы срæдийа, уæд æгас бинонтæ дæр сагъæссаг фæуыдзысты: хæйрæг сæ афæдзы дæргъы йæ маст исдзæн, кæй йæ бафхæрдтой, уый тыххæй».

Æндæр автор 1900 азы уый тыххæй хъусын кодта, зæгъгæ, «кусæрттаг сæгъы хæйттæй æппарæн ницæмæн ис. Йæ сыкъатæ, тъæнгтæ æмæ йын йæ хуылфыдзаумæттæ ахæссынц æмæ сæ баныгæнынц зæххы. Иннæ уæнгтæ иууылдæр сфыцынц. Сæгъы фых дзидза-иу фынгыл бинонығ æвæрд скодтой, сæвæрдтой-иу къусы дзаг хохаг бæгæны æмæ дыууæ чъирийы. Æрбамбырд кодтой бинонты æмæ-иу хистæры ныхасмæ гæсгæ æнæдзургæйæ хæдзарæй ахызтысты, цырагъ-иу ахуыссын кодтой, афтæмæй. Къæсæры цур ссæдз минуты фæлæууыны фæстæ-иу мидæмæ бацыдысты.

Ацы æгъдауæн ахæм ахадындзинад ис: алы хæдзары дæр ис хæрзаудæг зæд æмæ хæйрæг; фысым, хæдзары хицау хъуамæ сæ дыууæйæн дæр балæгъстæ, батабу кæна, нывондаг сын аргæвда. Зæдæн, – хæдзар фыдбылызæй кæй хизы, бинонтæн æнæниздзинад кæй дæтты æмæ хæдзарыл рæстмæ кæй ауды, уый тыххæй.

Хæйрæгæн та уый тыххæй, цæмæй сæ хæдзармæ æввахс ма цæуа, хинтæ сын ма кæна. Хæйрæгæн сæгъ адджын кæй фæци – йæхæдæг æй сфæлдыста – уый тыххæй йын нывондæн æрхæссынц сæгъ; æндæр нывондаг æй нæ хъæуы, æндæр истæй дзидза хæргæ дæр нæ кæны æмæ йæ сæгъы фыдæй куынæ бахынцой, уæд сæм фæфыдæх уыдзæн. Уæд ын йæ зæрдæ ницæмæйуал балхæндзынæ, алы бæллæхтæ æмæ мæгуирад хæдзарыл ныккалдзæн: дæ фосыл рын сыстдзæн, хортæ æмæ сæрвæттæ басудздзысты, цы ма дзы баззайа, уыдоны та тыгъдызæй фæласдзæн. «Хæйрæгæй дын цы тас у, зæдæй афтæ ма тæрс», – баззади ирæттæм æмбисондæн. Хæйрæг минас куы фæкæны, уæд йæ разы хъуамæ мачи уа, æмæ нæ рарвыстой хæдзарæй».

Дуармæ цасдæр алæууыны фæстæ бинонтæ цыдысты агъуыстмæ æмæ фынгыл сбадыны размæ кастысты хæринæгтæм. Афтæ нымадтой: кувинæгтæй иу комдзаг, иу хъуыртт дæр хъуамæ ма фесæфа, науæд, зæгъы, афæдзы дæргъы бинонтæй иу фæхъæудзæн. Бæрæгбон афтæ домдта, æмæ, цы хойраг сцæттæ кодтой, уый хъуамæ бахордтаиккой бинонтæ æрмæстдæр сæхædæг. Æцæгæлоны сæ фынгмæ нæ хуыдтой. Суанг ма кусартæн йæ туг æмæ йе стджытæ дæр иу мур, иу æртахы онг æмбырд кодтой æмæ сæ-иу бæстон баныгæдтой, цæмæй сæм мацы фæхæццæ уа. Уыцы æхсæв-иу уынгты сæндзæрстой хъæмпын æртытæ æмæ-иу ын йæ цæхæр фæйнæрдæм пырх кодтой.

Цыппурсæй къуыри фæстæдæр, 13 январы куы æрталынг вæййы, уæд ирæттæ фæкæнынц *Ногбон (Нæуæг бон), Анзисæр.* Уый дæр у Ногбоны хуызæн бæрæгбон.

Всеволод Миллер куыд бафиппайдта, афтæмæй «*Нæуæг бон* æрхæццæ рагчырыстон рæстæгæй æмæ баст у январы ног азимæ, уымæн æмæ, уæды заман ирæтты ног аз январы райдыдтаид, уый зын зæгъæн у. Бæрæгбоны иуæй-иу æууæлтæ дзурæг сты, хурхæтæнимæ асмæ уырыссаг бæрæгбон Хæдзаронтæ кæнын баст кæй у, ууыл».

Хабæрттæ дзурæг Хетæгкаты Таймуразы ныхæстæм гæсгæ бæрæгбоны размæ, ома 13 январы æхсæв, вæййы уæлдай уæлфæдзæхстондæр. Уæдмæ æфсинтæ дзуллаг ссады хыссæйæ скæнынц адæймаджы, цæрæгойты æмæ хæдзарон дзаумæтты сурæттæ.

## ХÆДЗАРОНТÆ

(*Ацы зарæг фæкæнынц Ногбоны арфæтимæ*)

*Хæдзаронтæ*, хæдзаронтæ,
Уæ райсомтæ хорз уа!
Уæ алы аз уыл æгасæй цæуа!
*Уæ сæдæ фидæны хорзæй фенат*!
Уæ лæг саг амара!
Уæ ус *тырын* ныйййара!
Уæ фос цот ракæной!
Уæ хуымтæ *æфсир æфтауой*!
Уе 'фсин *басыл* скæна!
Уæ басылы къух мæн фæуа!



Нывгæнæг Владимир Григорян

Æппæты стырдæр фæхуыйны *деда*, иннætæ – *лæппынтæ*, сæ иуæй-иуты та фæхонынц зæхкуысты алы кусæнгæрзты нæмттæй. Раттынц сæ, хуым чи фæкæны, уыдонæн.

Скæнынц ма цыхтджын гуылтæ æмæ сæ фæхонынц *басылтæ* æмæ стыр гуыдын – *æртхурон*. Уый бахæрынц æрмæстдæр хи хæдзары бинонтæ. Дзырддзæугæ профессор Абайты Васо куыд зæгъы, афтæмæй, дедатæ æмæ басылтæ кæныны фæтк кæй фæзынд, уый у сыгъдæг Василийы рагчырыстон бæрæгбоны фæстиуæг, уый та нысангонд цыди Ногбонты. Дыккаг дзырд *æртхурон* нысан кæны канд кувинаг чъири нæ, фæлæ ма хæссы, бæрæгбоны кадæн арæзт чи æрцыди, уыцы зынг æмæ рухсы ном. Уымæ гæсгæ тынг цымыдисаг у басылты æмæ дедаты дыгурон ном *родзингæ*.

*Æртхурон* комкоммæ тæлмацæй нысан кæны «хуры зынг/зынг – хуры хъæбул». *Родзингæ (рудзынг) – къæрадзгæ* у хæдзармæ рухс уадзæн. Ахæм мидис дзы кæй æвæрæм, уый æнæ гуырысхойæ ууыл дзурæг у, æмæ рагон заманты фидарæй æмбæрстой уыцы циклы бæрæгбæтты ахсджиагдæр – зымæджы хурхæтæн æмæ сæйраг кувинаг æртхурон комкоммæ баст кæй сты.

Цымыдисаг у, фыцинаг гуыдыны цы алы-алцытæ æвæрдтой, уый: парахатæй йын-иу æрцæттæ кодтой цыхт, сой, æйчытæ, дзæрнафых нæмгуытæ. Адæмы цардыуаг хорз чи зыдта, уыдоны ныхæстæм гæсгæ гуыдын уыди æфсæдæн хойраг, йæ æгæр сойджын гахæйы тыххæй – зынхæрæн. Бинонтæй дзы-иу алкæмæ дæр æрхаудис стыр карст, æмæ-иу æй алчи дæр æнæмæнг хъуамæ бахордтаид. Æртхуронмæ магион тых уыди, æмæ-иу йæ хай чи бахордта, ууыл йæ ног аз хорзæй кæй ацæуддзæн, уый сæ уырныдта. Уый тыххæй-иу чъирийы цыхтимæ бавæрдтой фидæны амонды фæсномыг нысантæ – æвзист æхца, къуымбилы бындзыг, хъуымацы гæбаз æмæ хæрынæн нæ бæзгæ æндæр апотропейтæ. Æмæ æууæндыдысты: гуыдыны хаимæ кæмæ цы лæвар æрхауа, ног азы уымæй уыдзæн хайджын.

Хæдзæртты дуæрттæм-иу æртытæ куы ахуыссыдысты, уæд-иу къонайы кæнæ пецы бавæрдтой *ногбоны къодах,* ома фидæн аз хæдзар сугхъуаг нæ уыдзæн, сæ къона сæ тавдзæн, сæ хæдзар уыдзæн рухс. Куы баизæр, уæд-иу бинонтæ фынджы алываре æрбамбырд

сты. Лæгтæ-иу фынгты уæлхъус рабадтысты. Хистæр-иу фæткмæ гæсгæ бирæ фæкуывта, ног аз уын бирæ хæрзтæ æрхæссæд, зæгъгæ-иу фæарфæтæ кодта. Зæронд аз куыдфæнды рауайæд, уæддæр-иу уый тыххæй Хуыцауæн фæарфæтæ кодта. Бинонтæй кæмæ цы бæллиц ис – кувæгæй-иу ницы ферох. Уымæн æмæ сæ уырныдта: Хуыцау æгас фидæны азæн дæр хорзæхтæ уары афæдзы райдианы. Фæсхæрд бинонтæй йæ хуыссæн ничи бацагуры – арфæтæм фенхъæлмæ кæсынц. Хъæуы сабитæ æмæ æрыгон лæппутæ фæкъордтæ вæййынц æмæ, арфæтæ кæнгæйæ, хæдзæрттыл радгай æрзилынц. Хæдзармæ куы баввахс вæййынц, уæд базарынц «Хæдзаронты-басылты» зарæг.

Уый фæстæ хæдзаронгæнджытæ сарайы сугсæттæны армыдзаг лыстытæ æруидзынц æмæ хæдзармæ бацæуынц, лыстытæ æппаргæйæ фæдзурынц: «Ног аз уын уал хорзæхы ракæнæд!» Уый фæстæ сæ алчи дæр баздæхы хицау кæнæ æфсинмæ æмæ йын раарфæ кæны: «Ногбон уыл алы аз дæр дзæбæхæй цæуæд!» (дыг. «Уæ басилтæ уæбæл алли анз хуæздæрæй цæуæнтæ!»)

Хæдзаронгæнджытимæ ас адæймæгтæ куы вæййы, уæд сæ фынгмæ бахонынц, кæстæртæн та раттынц чъирийы хæйттæ, фысы къæхтæ, семæ кæй æрбахастой, уыцы лалымы сын бæгæны ныккæнынц æмæ сæ акафын кæнынц. Сæ иуæй-иутыл вæййы нымæтæй карст кæнгæцæсгæмттæ, æмæ сæ сабитæ тæрсгæ фæкæнынц. Сæ лæвæрттæ сæхи куы фæвæййынц, уæд ацæуынц æндæр хæдзармæ. Æнамонд хабæрттæ кæм æрцыд, уыдоны къæсæрæй нæ бахизынц. Кæмæ бахæдзаронтæ кодтой, уыдонæн фынæй кæнæн нæма вæййы – фыццаг къорды фæстæ фæзыны дыккаг къорд, уыдоны фæстæ – æртыккаг, æмæ афтæ суанг боны æрбарухсмæ иутæ иннæты фæдыл фæцæуынц.

Бонивайæнты хæдзары хицау сæ дуармæ æрæвæры, сæ хæдзарвæндагæй цал амарди, уал дæстæджы хъæмп, бандзары сыл æмæ фæзæгъы: «Рухсаг ут, нæ мæрдтæ, уæ зынджы хай макуы ахуыссæд!» (дыг. «Рохсаг уотæ, нæ мæрдтæ! Уæ зинги хай макæд ниххуссæд!») Сæ мæрдтæ æнæхъæн аз артхъуаг кæй нæ уыдзысты, ууыл гуырысхо нæ фæкæнынц.

Ног азы бон нæлгоймæгтæ кæрæдзимæ фæцæуынц арфæтæ кæнынмæ. Уымæй сæ фæуырны, ног аз дæ къæсæрæй фыццаг

чи æрбахиза, уымæн кæд амондджын къах ис, уæд амонд æрбахæсдзæн, иннæйы æрбацыд та фыдбылызы хос фæуыдзæн. Хæдзаронгæнджытæ цы æгъдæуттæ фæкæнынц, уазæг дæр уыдон бакæны. Фысымтæ бахъуыды кæнынц, ног азы сæ къæсæрыл фыццаг къахдзæф чи æрбакæны, уый æмæ сыл афæдзы дæргъы хорзæй дæр, æвзæрæй дæр цы ‘рцæуы, уыдон вæййынц уымæй æнхъæл. Кæрæдзийæн фæарфæтæ кæнынц, кæрæдзи фæхонынц цалдæр боны дæргъы.

Зымæджы хурхæтæнты бæрæгбонимæ баст архæйдтытæн къæлиндары нымадæй стыр у сæ ахадындзинад. Уыцы архæйдтытæ, фыццаджыдæр, æххæст кодтой æрвон буæртты хæстæ – Хур, Мæй æмæ стъалытæй æххуыс райсын. Уымæ гæсгæ зымæджы циклмæ хауынц, сæ арæзтмæ гæсгæ æмхуызон чи сты, ахæм бæрæгбæттæй дзæвгар. Уый дæр бафиппайдтой, æмæ-иу уыцы бæрæгбæтты кодтой алы хъæзтытæ. Ныхас æрвылбоны хиаирхæфсæн хъæзтытыл нæ цæуы. Уыцы хъæзтытæ сты арф мидисджын æмæ незаманты адæймаджы стыр бæрны æвæрдтой. Адæймаг цæмæй иугæндзон цардхъом уа, уымæ арæзт уыди хъазты змæлд.

Ахæм хуызы аргъ кодтой бæрæгбоны дыккаг боны архæйдтытæн дæр. Уæвгæ ныхас боныл нæ цæуы, фæлæ ирæттæ *Фыссæн æхсæв* (ома хъысмæт нывгæнæн) кæй хуыдтой, ууыл. Уыцы æхсæв чызджытæ сагъæс кодтой сæ фидæны цардæмбæлттыл. Скодтой-иу цæхджын гуылтæ. Гуылтæ хъуамæ æнæдзургæйæ бахордтаиккой. Чызг-иу тынг сдойны æмæ-иу йæ фыны уыдта йæ фидæны царды нывтæ æмæ-иу, кæй зæгъын æй хъæуы, æдзухдæр уыди амондджын.



**ГÆДИАТЫ Цомахъ**

(1882 – 1931)

Фыссæг, революционер. Ахуыр кодта Дзæуджыхъæуы æмæ Стъараполы дины училищеты, Дерпты университеты. Уыд газет «Ирон цард»-ы бындурæвæрджытæй иу. Куыста газет «Рæстдзинад»-ы редакторæй, Цæгат Кавказы паддзахадон педагогон институты ректорæй, Цæгат Ирыстоны наукон-иртасæн институты (абоны ЦИГСИИ) директорæй. Йæ номыл уынг ис Дзæуджыхъæуы.

* * *

Уалдзæг... Кæрдæг... Быдыр цъæх...
Дымгæ хъазы... Райы зæхх...
Зæрдæ ризы... Рох у маст...
Бæстæ райхъал... Райхъал хъæд...
Цъиутæ зарынц... Нæй сæ мæт...
Ныр куыд дæн, нæ зонын раст.
Дуне схъæлдзæг... Хур кæсы...
Хур йæ тынтæй цард хæссы...
Тынтæ тавынц... Мах лæууæм...
Цæй, цы кæнæм?.. Ма у ʻнкъард...
Уадз дæ хъыгтæ... Акæс дард...
Размæ рухсмæ, цæй, цæуæм...
Уад фæйлауы... Ленк кæны...
Халтæ тилы... Тæф цæуы...
Ахæм рæстæг... Ахæм бон...
Рох фæуæд, цы ʻрцыди, уый!..
Рох фæуæд, цы ʻрцæудзæн, уый!..
Абон мах рад у, уый зон...

# ЦЪИТИ-ЦЪУППЫТЫЛ

Цъititы фенын мæ рагæй фæндыди,
Рагæй сæм кастæн сæ уындмæ бæлгæ.
Райсом сæрдыгон æз райстон мæ лæдзæг,
Араст дæн, ацыдтæн къултыл хæрдмæ.

Ссыдтæн æз дурджын фыдкомыл. Ыскастæн
Цъити-обæуттæм дзæбæхдæр, хуыздæр.
Цъититы хъæбысты, урс хохрæбынты
Хъавгæ ‘мæ ‘взаргæ ысхызтæн уæлдæр.

Схæццæ дæн цъититыл цъити-æфцæгмæ,
Арвы бын цъуппытæм, хурмæ хæстæг.
Хуры цæст хъазыд йæ фæкаст, йæ зынгæй,
Цъититæ, рæгътæ æрттывтой хъæлдзæг.

Рухсы ныгъуылдысты æврагъгæрæттæ,
Рухсы ныгъуылдысты цъити-цæндтæ.
Урс-урсид дардтой æнусон къæдзæхтæ,
С‘ астæу ныгъуылдысты нарæг кæмттæ.

Иу хъæр йе иу сыбыртт никуыцæй хъуысти.
Цъититæ кастысты ‘мхуызон дзæбæх.
Рагон уынаффæтæ кодтой æгомыгæй
Хур æмæ цъуппытæ, арв æмæ зæхх.

Рагон уынаффæтæ, рагон рæстдзинад
Базыдтон, бамбæрстон цъити-уæлхох.
Рацæуын комыл. Мæ хъустыл та ауад
Царды хъæлæба, æнусмæйы тох.

Рацæуын комыл. Мæ цæстытæ риссынц.
Цæссыг æркалди. Нæй, нал и кæсæн.
Хæхтæ – гæмæх фæрстæ, къултæ – фыдлæбырд,
Адæм – хæрз мæгуыр. Нæй, нал и цæрæн.

Рацæуын комыл. Мæ цæстытæ риссынц,
Цæссыг та ‘ркалди уæззау.
Афтæ фæкæуы йæ цæссыгтæ калгæ,
Цъититæй чи ‘рыздæхт, чи ‘рцыд мæнау.



**БАРАХЪТЫ Гино**
(1870 – 1937)

Поэт, прозаик æмæ публицист. Сахуыр кодта Æрыдоны дины семинары, куыста ахуыргæнæгæй, уый фæстæ – абоны ЦИГСИИ-йы æмæ паддзахадон кусæндæтты. Басыгъд репресситы азарæй. Йæ номыл уынгтæ ис Дзæуджыхъæуы æмæ Алагиры, йæ ном хæссы Алагиры районы библиотекæ.

## СÆУМÆРАЙСОМ

Сæумæрайсом,
Сæумæдæвдæг,
Куыд рæсугъд дæ,
Куыд хъæлдзæг!
Сыгъдæг дымгæ,
Фæлмæн кæрдæг,
Мæ зæрдæ уæ
Куыы сцæрдæг.

Ызнон дæр ма
Тæлфаг бæхтыл
Мах бадтыстæм
Æнæмæт.
Тæккæ райсом
Кæйдæр хæхтыл
Куыы ссардзыстæм
Нæ мæлæт.

Нæ бинонтæ
Нæ зондзысты...
Нымайдзысты
Сæ фынтæ...

Сæ тыхстæй нæ
Фæдомдзысты.
Нæ зондзысты
Нæ зынтæ.

Нæ хорз бæхтæ
Нæ тæхдзысты
Æд саргъ, идон
Хъæргæнæг.
Нæхимæ нæ
Фæдзæхсдзысты...
Кæсдзысты нæм
Нæ зæнæг.

**Ш**

Сæумæрайсом,
Сæумæцъæхæй
Æнцон уаид
Нæ мæлæт,
Куы сисиккам
Сæрысæфтæй
Нæ сабитæн
Сæ къæлæт.

*1916*
*Турк. Хæсты быдыр*

## ДОН

Сагъæсæй иу хатт куы стыхстæн æгæр,
Доны ‘рдæм рацыдтæн талынг изæр,
Донæн йæ сæрмæ кæсын...

Фаллаг кæрæтты ‘мæ ацы фæрсты
Дон дæр ызгъоры... Куыннæ уа мæсты?
Донæй æз хъусын хъæрзын.

Зæрдæ нытталынг и, зæрдæ ныссау...
Донмæ та рагæй ис ахæм æгъдау:
Бонтæ æрвиты фыдæй.

Дарддæр мæм саухъæдджын хæхты фæстæ
Арвæй куы разынынц тар гæбæзтæ.
Зæрдæ сæ комы зынæй.

Сусæг зæрдæниз æрхæцы мæныл, –
Рагон фыдæлтæ æрлæууынц зæрдыл...
Иу нæ куы бакæны дон...

Цардысты фыдæлтæ рагæй дæр ам,
Цардæй нæ базыдтой ницы салам, –
Донау куыдта сыл сæ бон.

Дон мын æрдзуры сæ зæрдæйы маст,
Уыдон-иу цардæй кæй ракодтой хъаст,
Цардæй кæй уыдысты рыст.

Цард сыл æхситгæнгæ афтæ дымдта,
Бонæй, æхсæвæй сыл афтæ куыдта,
Ницæмæ дардта сæ тыхст.

Ног та куы ратыхсын мæтæй æвзæр,
Доны был лæугæйæ талынг изæр, –
Донмæ æнкъардæй кæсын...
Дурты æхсæнты ‘мæ дурты сæрты
Дон дæр ызгъоры сæ алы фæрсты...
Донæй мæм хъуысы хъæрзын...



**АРДАСЕНТЫ Хадзыбатыр**
(1911 – 1968)

Поэт, тæлмацгæнæг, литературæиртасæг. Цæгат Ирыстоны педагогон институты филологон факультеты ирон литературæ æмæ æвзаджы хайад каст куы фæци, уæд ахуыр кодта Цæгат Ирыстоны зонадон-иртасæн институты аспирантурæйы (ныртæккæйы ЦИГСИИ). Ирон литературæйы ахсджиаг фарстаты тыххæй бирæ уацты автор.

## ТÆХДЖЫТÆ

I

«Циу уый, цы хабар у?» –
Иутæ фæрсынц.
Чысылтæй чидæртæ
Каутæй кæсынц.
Хорз хабар тагъд хъуысы,
Хъæубæстыл уад:
«Абон Мулдартæн
Æрцыди Болат!»
Нал аззад хæдзæртты
Цъиуызмæлæг:
Ииуылдæр уайынц
Болатмæ уынæг.
Чысыл сабитæ дæр
Згъорынц, тæхынц:
Чи дзы – уисын бæхыл,
Чи та – æд куыдз.
«Цавæр у, цымæ,
Мулдарты Болат?» –
Афтæ цымыдисæй
Алчи дæр уад.

«Фенон æй, фенон», –
Уыд с‘ алкæйы фæнд.
Адæмæй байдзаг
Мулдартæн сæ кæрт.
Азæлыд цины хъæр,
Худын, ныхас...
Уæртæ Болат дæр уым
Хистæрты раз.
Арвæй бæрæгдæр –
Йæ æфсæддон худ.
‘Фсæрмдзаст, фыр цинæй
Йæ мидбылты худт.
Чи йын хъæбыс кæны,
Чи та йын – ба.
Адæмы уарзтæй
Хуыздæр ма цы уа!
Уæртæ йæ фыд дæр –
Бæзæрхыг Мулдар,
Раст цыма уый уыд
Йæ фырты æхсар.
Цæсгом ныррухс и
Йæ æмгæртты раз,
Сойыл цæуæгау –
Йæ дзыхы ныхас...
Уæртæ йæ мад дæр –
Хыссæкъух æфсин, –
Цæстыты худтæй
Бæрæг у йæ цин;
Адæмы ‘хсæнмæ
Йæ фыртмæ фæкаст...
Чи сбардзæн мадæн
Йæ зæрдæйы уарзт!

## II

Хистæртæ хъусынц
Æнувыд, æнцад,

Тохы хабæрттæ сын
Дзуры Болат.
Не ‘фсад куыд фидар у,
Цас у йæ бон,
Хæсты куыд бахсыст,
Куыд фестад æндон.
Знагæн куыд саста
Йæ бæрзæй, йæ сæр;
Знагыл куыд калдта
Уый судзгæ цæхæр.
Зæххы уа, уæлдæфы –
Алкæм дæр фаг
Н‘ адæмы азар
Æййæфта ызнаг...
Иу хæдтæхæгæн
Йæхæдæг Болат
Знæгты фидæрттыл
Куыд бандзæрста арт.
Уый фæстæ уæлдæфы
Й‘ алывæрсты
Знæгты тæхджытæ
Куыд февзæрдысты:
Цъиутæ – йæ фæйнæфарс,
Уый та – цæргæс.
Уæлдæфон карз тохы
Ардта фæрæз.
Се ‘ртæ хæдтæхæджы
Суагътой цъæх арт.
Се‘ ннæ хæдтæхæг дæр
Донбыл æрбадт...
– Кусут фæрнæйдзагæй, –
Загъта Болат, –
Знагæн нæ зæххыл
Нæ уыдзæн бынат...

*1935 аз*

# ДЕНДЖЫЗЫ МАСТ

*Фашистон пираттæ кæй фæдæлдон*
*кодтой, уыцы теплоход «Тимирязев»-ы*
*æмæ пароход «Благоев»-ы командæты*
*ном арын ацы фыстæй*

Æз хъуыстон рагæй дæр дæуæн, денджыз, дæ кой,
Æз кастæн чингуытæ дæ митæ ‘мæ дæ цардыл,
Мæнæн-иу дамгъætæ æмхъæлæсæй дзырдтой:
Фæтæн цъæх доны фæз йæхи фæхаста дардыл.
Уынын дæ ныр. Æцæг дæ ды фæтæн,
Кæсын, – æрвон цъæхау дæ кæрон цæст нæ ахсы.
Уæддæр мын чингуытæ нæ радзырдтой мæнæн,
Цы уынын ам мæхи цæстæй дæ разы.
Æз базыдтон – æгасау дзурыс ды,
Æвзаг дын ис, сырсыргæнгæйæ зарыс,
Ды зоныс цин, ды равæййыс мæсты
Æмæ дæ комы фынк
Дæ фæтæн былтæм калыс...
Уырнæд дæ, бауарзтон,
Фæтæнриу денджыз, дæу,
Мæхи дæ уылæнты æз хъæлдзæгæй ныппарын.
Мæнæн дæ цин, дæ маст
Куыдфæнды зæгъгæ нæу –
Æз дын дæ цæстæнгас дæ сулæфтæй æмбарын.
Ызнон æнцад уыдтæ, дæ разы бадтæн ам, –
Сыгъдæг цæстысыгау дæ зæрдырухс æвдыстай.
Æз дæм æрвыстон уæд нæхирдыгон салам,
Ды та – дæхирдыгон дæ гæзæмæ æнкъуыстæй...
Кæннод изæр, – дæуыл куы хъазыд мæй,
Æвзист цæппузыртау – дæ кæсæны тæмæнтæ.
Æрмæст уæд федтон æз ыстъалытæ бынæй,
Æндæргау сæвдыстай мæ рухс цæсгом мæнæн дæр.
Ныр та?
Мæсты дæ ды, – æвдисæн у дæ хуыз –
Æнхъæвзынц д‘ арф риуæй дæ мæстæйдзаг тыфылтæ,
Фæйнæрдæм абухгæ дæ уылæнтæ хæссыс,

Тызмæгæй ахст сырдау фæлæбурыс дæ былтæм...
Æмбарын æз: мæсты куыннæ уай ды?
Фæйлау,
Фæйлау, денджыз, дæ масты тых уæрæхдæр,
Цæмæй æмбæхсгæйæ дæ цъæх дæтты бынты
Нæ цæуой адæмхор фыдызнæгты бæлæгътæ!
Зæгъыс мын ды: «Нæ федтон нырон æз
Мæ бирæ даргъ царды æдзæсгомдæр фыдраконд»...
Дæ маст-иу фидæнмæ дæ зæрдæйы фæхæсс,
Фæдзур-иу диссæгтау, цытæ уыныс ныр абон.
Цæудзысты ‘рмæст дæумæ сырх наутæ уæд,
‘Мæ зонын, дзурдзынæ ды цингæнгæ: «Еблуагъæ!»
Фысым куыд фæхынцы йæ уазæджы, – æппæт
Дæ хъæбыс ратдзынæ парахатæй ды махæн.
Дæ зæрдæ срухс уыдзæн, нæ уындзынæ фыдтæ,
Æхсад æрцæудзæнис уæд дунейæн йæ чъизи,
Сæ кой дæр нал уыдзæн фыдæлгъыстаг дзырдтæн:
Пират... Фашисттæ... Гитлер... Муссолини...
Æхсиддзæн, зонын æй, нæ зæрдæтау дæ цин;
Фыдмитæн нал цæудзæн «æбæрæг нау» дæ донмæ.
Æз дæр дæттын æппæтæй дæр мæхи,
Цæмæй цæуæм хъæбатырæй кæронмæ!..
Ныр та сæ фыдмитæй дæ риуы судзы маст,
Лæбурыс абухгæ æхсарджынæй дæ фæрстæм,
Æз дæр хæссын мæ Цæдисмæ мæ хъаст,
Куыд хæссы ‘мхъæлæсæй
Йæ мæсты хъаст мæ бæстæ,
‘Мæ зонын æз нæ дзыллæйы фæндон –
Нæй ахæм бафхæрдæн ныууадзæн!
Фæтæн – мæ райгуырæн,
Йæ хъару та – æндон.
Æмæ æууæнд, денджыз,
Уый аккаг дзуапп кæй ратдзæн!

*1937 аз, Сочи*



**ГУСАЛТЫ Витали**
(1953 – 2004)

Иранист æмæ ирон наукæ парахатгæнæг. Йæхи арæзт УНА-йы Дзæуджыхъæуккаг наукон центры цур Скифаг-алайнаг иртасæнты центры директор. Парижы скæсæйнаг æвзæгты æмæ цивилизациты национ институты Уырыссаг-евразийаг иртасæнты центры фæсарæйнаг уæнг. ЦИГСИИ-йы кусгæйæ сси къорд наукон иртасæны автор. Журнал «Nartamongae»-йы бындурæвæрæг æмæ сæйраг редактор. Куыд редактор, афтæ бабæстон кодта æмæ рауагъта Абайты Васойы æвзæрст куыстыты дыууæ томы.

* * *

*...вот отчего нам ночь страшна!*
*Ф. Тютчев*

Мæ фыдгул знаг дæр ма баззайæд иунæгæй –
Ныхасæмбалæн сау халон дæр дарæд.
Налат бирæгъ йæ лæгæт ссарæд ниугæйæ,
Хъæхъхъаг æхсыр йæ цъæх хъæвдынтæн дарæд.

У ацы ‘хсæв зæрдæтæхæн, рæвдыдмысæн,
Æндæргджын æхсæв, уазал æмæ афтид.
Бæргæ, куы фæуид иу æнкъарæн хорз ныфсæн,
Уæд та йыл зæрдæ боныцъæхтæм бафтид.

* * *

Аргъуаны æнцъылдæрфыг дзæнгæрæг,
Бадомдтай мæ сонт цæгъдтытæй, бадомдтай,
Д‘ алыварс æгас дуне – æдзæрæг,
Сагъуыди йыл сæфты тæссæй катай.

Ехх, кæм ма ис иузæрдион адæм,
Тарстæй ма кæмæ кæсыс æнхъæлмæ?
Иу дæр дзы куынæуал зыны ардæм,
Иу дæр дзы куынæуал ис, æнхъæлдæн...

Тар æнусты тарæрфыг сывæллон,
Дары дæм цъæх-цъæхид арв йæ хъæбыс.
Д‘ алыварс цымыдисæй куы ‘рлæууæм,
Уæд ды та дæ рагбонтыл фæкæуыс.
………………………………………..
Фæлæ агур, къахт цæстытæй, агур
Алы хатт дæр зонгæ цæсгом не ‘хсæн.

## POST MORTEM

Цы баззайдзæн мæ фæстæ, цы?
Дыууæ дзырды æнкъард ныхасы,
Нæ хъæугæрон æбæрæг цырт,
Нæ къæсæрмæ дыууæ бæласы.

Кæй фынгыл мысдзысты мæ ном?
Цы мыл мысдзысты думæй, дамæй?
Кæнæ мæ зæрдæйы хъæдгом
Æргом кæмæ зындзæн мæ къамæй?

Ирон лæджы зæрдæ – хъæбæр,
Мæ хисты, цымæ, чи ныззардзæн?
Æмæ мæ фыдохы къæбæр
Ныфсы базыр кæуыл ныссадздзæн?
……………………………………….
Ды та-иу бад æмæ-иу ку.
Тымбыл цæссыг-иу кал æнæвгъау.
Нæ хур ныгуылæнмæ æркъул,
Æз дæр дын басыгътæн цырагъау.

* * *

Ærра чи нæ уыд, уыдонæн æрра уыд:
Æхситт ыл кодтой.
Дуртæ йыл æппæрстой.
Æмæ-иу уый дæр райдыдта æлгъитын.
Æлгъитынмæ та дæсныйæй нæ уыд.
Æппын-иу дзырд куынæуал бадт йæ дзыхы,
Уæд сыл-иу уый дæр
Дурадзагъдæй рацыд,
Къуыззитгæнгæ сæ айста-иу йæ разæй...
...Æмæ-иу уæд æррайы хуызæн нал уыд.



Уарзиаты Вилен, Гусалты Витали æмæ Агънаты Гæстæн

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ





Всеволод Миллеры Ирон-уырыссаг-немыцаг дзырдуат араздҗытæ.
Бадынц галиуæрдыгæй рахизæрдæм: Собиты Инал, Æмбалты Цоцко,
проф. Фрейман, Гарданты Михал. Лæууынц: Гуыриаты Гагуыдз,
Дзагуырты Гуыбади, Бекъойты Г. æмæ Мысыккаты М.



Ирыстоны сфæлдыстадон æмæ зонынадон интеллигенци



Нарты эпосы фарстатыл æмбырды архайджытæ



Бадынц галиуæрдыгæй рахизæрдæм: Гæдиаты Цомахъ, Коцойты Арсен, Къосыраты Сæрмæт, Къосыраты (Дзагуырты) З., Барахъты Гино, Хетæгкаты Д. Лæууынц: Гулуты Андрей æмæ Малиты Георги



Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны фысджыты æмæ ахуыргæндты иумæйаг æмбырд. 1920-æм азтæ



Институты ахуыргæндтæ æмæ аспиранттæ ивгъуыд æнусы æвдайæм азты



Дзанайты А., Тотойты В. æмæ историон наукæты кандидат Хъулаты С.



Абайты Васо ирыстойнаг ахуыргæндтæ æмæ фысджытимæ
Гæдиаты Секъайы 110 азы юбилей бæрæг кæнгæйæ.
Астæуæй – Секъайы чызг. Июль, 1965 аз



ЦИНИИ-йы кусджытæ Таматы З., Суменаты З., Хæдарцаты А.,
Хæмыцаты Т. Бады композитор Æлборты Ф.



Æхсæнады æмæ зонады минæвæрттæ Абайты Васоимæ



ЦИГСИИ-йы 100 азы юбилейы бæрæгбон. 2019 аз



ЦИГСИИ-йы кусджытæ Тегераны




Галиуæрдыгæй рахизæрдæм:
В. Кузнецов, Плиты А., Цыбырты Л. æмæ Каберты Н.


РЦИ-Аланийы культурæйы министр Милдзыхты Руслан
уазæгуаты ЦИГСИИ-йы



Дыгурон æхсæнад. Стамбул, 2015 аз



РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Битарты Вячеслав
æмæ КБР-ы Сæргълæууæг Юрий Коков ЦИГСИИ-йы архивы



ЦИГСИИ-йы ӕрыгон ахуыргӕндты ӕппӕтадӕмон скъола-конференци. 2019 аз



ЦИГСИИ-йы ӕрыгон ахуыргӕндты ӕппӕтадӕмон скъола-конференци. 2009 аз



Иституты кусджыты фæлтæрты бастдзинад . 2000 аз



Хъуысаты Садреттин æмæ Хъаныхъуаты Шериф уазæгуаты ЦИГСИИ-йы



Гуыриаты Тамерланы номыл бакастытæ























## ÆФСЫМÆРОН АРФÆТÆ

*Дæс азы размæ Туркмæ Цæгат Ирыстоны гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты кусджытæ экспедицийы иу къордæй куы æрцыдысты, уæд нæхимидæг стыхстыстæм, куынæ сарæхсæм сæ курдиат сæххæст кæнынмæ, сæ фæрстытæн сын бæстон дзуаппытæ ссарынмæ, фæлæ цыбыр рæстæджы фæстæ сæ дæснидзинады фæрцы иумæйагæй нæ къухы бафтыд хъуыддæгтæ хорз æмвæзадыл сæххæст кæнын. Уыдис сæм тынг бирæ фæрстытæ. Радтам сын дзуаппытæ. Иууылдæр баззадыстæм разыйæ. Уæдæй фæстæмæ кæрæдзийы зонæм, фидардæр кæнæм нæ бастдзинæдтæ æмæ хæлардзинад.*

*Уæдæ æнæ зæгъгæ нæй, Хъаныхъуаты Зæлинæ нын цы хорз хъуыддаг сарæзта, уымæн дæр. «Алан»-ы æхсæнадæн рахай кодта сæ бæстыхайы иу уат. Афтæмæй нын Ирыстоны фæзындис хи бынат. Турчы цæры 4 - 5 милуан кавказаг адæймаджы бæрц: кæсгæттæ, абхазæгтæ, цæцæйнæгтæ, дагестайнæгтæ... æмæ сæ иуæн дæр сæ фыдæлты бæстæйы ахæм бынат нæй.*

*Уыцы дæс азы мидæг мах бирæ хорздзинæдтæ зонæм институты кусджытæй. Сты нын стыр ныфсы хос. Нæ зæрды исты саразын куы вæййы, бæрæгбон уа, культурон мадзал, уæд сæ æппынæдзух фæрсгæ кæнæм. Сты нын фæндаг æмæ зондамонæг. Сæ хорздзинæдтæ сын мах никæд ферох кæндзыстæм.*

*Фæнды ма мæ иу хабар радзурын ноджыдæр. Иу ахуыргонд сылгоймаг Туркæй Кавказмæ æрцыд йæ куысты фæдыл. Акуыста нæ институты дæр, сыхаг регионты институтты дæр, Турчы дæр æмæ нын загъта: «Уæддæр дзы Цæгат Ирыстоны гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты кусджыты хуызæн иу ран дæр нæ федтон. Уæ кусджыты профессионалондзинад у тынг бæрзонд». Адæймагæн тынг æхсызгон вæййы ахæм ныхæстæ хъусын.*

*Ацы аз институтыл æххæст кæны 105 азы, æмæ сын арфæ кæнæм. Сæ зæрдиаг архайд, сæ фæллойы тыххæй сæ стæм тынг сæрыстыр æмæ сын нæ сæрæй ныллæг кувæм. Бирæ азты ма уыцы фарн куыд хæссой, абонау сæ кад дардыл куыд хъуыса, сæ къухы бирæ иртасæн куыстытæ куыд бафта æмæ наукæйы ноджы бæрзонддæр къæпхæнтæм куыд схизой, уый Хуыцау зæгъæд!*

*ХЪУЫСАТЫ Садреттин,*
*Турчы цæрæг ирæтты æхсæнад «Алан»-ы сæргълæууæг*

# ТУРЧЫ ЦÆРÆГ ИРÆТТÆМ БАЛЦЫ ÆРМÆДЖЫТÆ

*Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты (ЦИГСИИ) кусджытæ проект «Анатолийаг ирæтты этнографи, æвзаг æмæ адæмон сфæлдыстад иртасыны тыххæй экспедици Туркмæ»-йы фæлгæты 2013 æмæ 2015 азты фембæлдысты Хъарс, Эрзрум, Селимæй рацæуæг туркаг ирæттимæ.*

*Ирыстойнаг ахуыргæндтæн бирæ цымыдисаг хабæрттæ радзырдтой Абысалты, Адцеты, Æлбегаты, Золойты, Хъаныхъуаты, Кцойты, Хекъилаты, Хосонты, Цъæхилты, Ногъайты, Хъарабугъаты æмæ иннæ мыггæгты минæвæрттæ. Чидæртæ дзы уыдысты сæ историон райгуырæн бæстæйы, чидæртæ – нæ, фæлæ иууылдæр цæсты гагуыйау хъахъхъæнынц фыдæлтæй баззайæг удварны хæзнатæ, æнувыд сты ирон æвзагыл. Уымæ гæсгæ бахъахъхъæдтой бирæ æвдисæнтæ æгъдауæн, традицитæн, адæмон сфæлдыстадæн.*

*Ныр ахуыргæндтæ бæстон æвзарынц, цы æрмæг æрæмбырд кодтой, уый. Рухс фендзысты хицæн æмбырдгæндтæ, зонадон уацтæ æмæ монографитæ, гæнæн ис, æмæ ма экспедицитæ ноджы арæзт æрцæуой.*

*Абон уæ размæ хæссæм туркаг ирæтты мысинæгтæй хицæн сæргæндтæ. Æрмæг мыхуыргонд цæуы, информаторты ныхæстæй куыд фыст æрцыд, афтæ.*

## ИРОН АДÆМЫ ДÆСНЫЙÆДТЫ ТЫХХÆЙ НЫХАС

*Абысалты Кая*: Мах хъæуы æцæг уыди бирæ булкъонтæ, инженертæ, инæлæрттæ…

*Сокаты Д.*: Афтæ сын загътон, æмæ ныртæккæ Турчы цы ирон адæм цæрынц, уыдон иууылдæр сты хæстон адæмы сывæллæттæ, афтæ уыди æцæгæй?

*Абысалты Кая*: Цæмæн? Туркмæ куы ‘рбацыдысты, уæд сæхи тынг аивæй равдыстой. Ирон адæм бирæ уарзынц стъалытæ, ирон хæцæнгæрзтæ… Афтæ нæу? <…> Ирон дзаумæттæ… бæрцытæ, хъаматæ æндæр хъуыддæгтæ. Кæсын мæ фыдыфыды æфсæддон дарæсмæ. Стамбулы æфсады уыди.

*Сокаты Д.*: Аскер уыди?

*Абысалты Кая*: Мænæ афтæ дыууæ ханкайы (нашивки) йын уыди. <…> Йæ пъагæттыл стъалытæ нæ уыди. Уыцы рæстæг хæст цыд, æмæ бирæтæ æфсæддон скъолатæм цыдысты ахуыр кæнынмæ. Ныр дæр афтæ у, æнхъæлдæн. Райдскъола куы фæуынц каст, уæд дарддæр ацæуынц уыцы фæндагыл. <…>. Ныр уый тыххæй Хъарсы хъæуты цæрæг нæ баззади, иууылдæр ахуырад райстой æмæ ацыдысты. Хъæуты дæр бирæ цæрджытæ нал баззади.

*Сокаты Д.*: Зæхкусæг нæ уыди? Зæрингуырд?

*Абысалты Кая*: Уыди, уыди. Фæлæ фылдæр æфсадмæ цыдысты. Абысалтæ кæд дæс уыдысты, уæд сæ æхсæз æфсады уыд. Æз зонын: мах хæдзарæй Айлар уыди, Ильвей, нæ хæрæфырттæ, уыдон дæр булкъонтæ уыдысты. Хъантемуртæ цал лæппуйы уыдысты? Æртæ лæппуйы уыдысты – дыууæ инæлары, иу та ахуырад нæ райста. Хосонтæй, Абысалты <…>. Уыдонæй дæр иумæ уыди цыппар стъалыйы <…> «карат» зæгъæм мах, Турчы радио æмæ телеуынынады сæрлæууæг уыди <…>. Ныр та нæ уарзæм æфсад. Ныр кусын хъæуы. Æхца нæй æфсадмæ. Турчы махæн сабыр цард нæй.

*Сокаты Д.*: Махмæ курдтæ хæстæг сты?

*Абысалты Кая*: Нæ зæрдæмæ нæ цæуы, фæлæ æвзагæй хæстæг стæм. Уый тыххæн фæзæгъын, ирон адæм зондджын сты, зæгъгæ. Мах ардæм æрбацыдыстæм сæдæ азы раздæр, зонæм туркаг æвзаг дæр, ирон æвзаг дæр, хорз бынæтты кусæм, нæ уавæртæ хæрзæрдæм раивтой, айстам нырыккон царды домæнтæ. Уыдон та дарынц сæхи адæмы цъухъхъатæ Турчы цæргæйæ <…> сæ уавæр афтæ у, æмæ хъуамæ сæ мадæлон æвзаг дæр зоной…

*Сокаты Д.*: «Балц» ныхас нæ уыди?

*Абысалты Кая*: Нæ уыди, мах æй ногæй базыдтам. Зарæджы уыди.

*Сокаты Д.*: Уæдæ куыд дзырдтой раздæр, зæгъæм, адæймаг кæдæмдæр фæцæуы, уæд?

*Абысалты Кая*: Зилынмæ цæуы <…>. Фæлæ революцийы фæстæ чи ‘рбацыди, уыдоны æз зыдтон. Бирæ адæм фæзиан ис… Уæхæдæг æй зонут, цæй аххосæй, уый.

*Сокаты Д.*: Баззадысты ма ам сомихæгтæ?

*Абысалты Кая*: Сомихæгтæ кæм цæрынц, уый зоныс? Курдæгтæ ныр дæр ис. Фæлæ сын цæрæн бынат нал ис. Колледжы ахуыр кæныны размæ æз Æрзрумы цардтæн, æмæ сæм уыд геноциды фæдыл

мысæн бон. Уым загътой, ныццагътой нæ сомихæгтæ. Уый мартъийы дыууадæсæм бон вæййы. Иу бон æфсæнвæндагмæ ацæуынц бæлвырд бынатмæ. Æз дæр иу цалдæр хатты ацыдтæн уырдæм <…>. Мардтой уæд сомихæгты, курдты дæр, ирон адæмæй дæр бирæты.

*Сокаты Д.*: Уыцы рæстæг ма ирæттæй æфсады уыд?

*Абысалты Кая*: Нæ, афтæ нæй. Мах хъæу уыди сомихаг хъæу. Куы федтай уыцы хъæу. Уырдæм æрцыдысты кæсгæттæ, мæнæ ам кæм цæрын, уый сомихæгты хъæу уыди. Ныр дзы сæ номыл дур дæр нал баззад.

## ФЫЦЦАГ ДУНЕОН ХÆСТЫ ТЫХХÆЙ ЦЫ ХЪУЫСТОЙ, УЫЙ ТЫХХÆЙ НЫХАС

*Хъуысаты Садреттин*: Æз дæр радзурон. Уыцы хæсты заман махонтæ цардысты Мусы. ‘Мæ сомихæгтæ паддзах Осман-султаны заманы туркаг адæмы æцæгæй дæр цагътой, ‘мæ, дам, мах хъæумæ дæр æрцыдысты æмæ загътой, иу фарс Уырыс айста, Карс, адон та Мусы цæрынц, ‘мæ, дам, амæй раздæр Осман-султан уыди паддзах, уый нал и, мах стæм паддзах, ‘мæ уæ къухы цы хæцæнгарз-æндæр ис, уыдон иууылдæр раттут, зæгъгæ.

*Сокаты Д.*: Уыдон сомихæгтæ загътой?

*Хъуысаты Садреттин*: ‘Мæ, дам, адон та загътой, мах нæ хæцæнгарз никæмæн ратдзыстæм.

*Сокаты Д.*: ‘Мæ нæ радтой?

*Хъуысаты Садреттин*: О, нæ сын сæ радтой, фæлæ хъахъхъæдтой сомихæгты, тарстысты, куы ныббырсой æмæ адæмы куы амарой. Афтæмæй, дам, æхсæв-бонмæ хъахъхъæдтой хъæубæстæ. <…> Сомихæгтæ æхсæвыгон хъæумæ арвыстой иу хæрæг æмæ йæм дардæй кæсынц, исчи йæ размæ куы рацæуа, уæд нырма фынæй не сты, хъал сты. Ныббырсыны афон нæма у. Адон дæр тæрсынц, уæдæ æрцæуинаг сты, æмæ иу хъæу йеддæмæ не сты, сомихæгтæ та – бирæ. Уырыс нæ айста. Уыцы ран иу ирон хицау уыди, ‘мæ уыимæ бадзырдтой. Уый куы бамбæрста, хъæубæстæ æдас не сты, уæд, дам, загъта, æз ацы ран авд салдаты уадзын уæ хъæу хъахъхъæнынæн. Уыдон хъæуы баззадысты.

*Сокаты Д.*: Турчы салдæттæ?

*Хъуысаты Садреттин*: Нæ, турк нæ. Уырыссаг. Йæхæдæг уырыссаг хицау уыди. Ирон хъæу куы федта ‘мæ, куы базыдта, ахæм ис, уæд уым ныуагъта адæм, ‘мæ уыдон хъæу фæхъахъхъæдтой.

# КАРЗ ÆФХÆРД ЦÆЙ ТЫХХÆЙ ÆМБÆЛД, УУЫЛ НЫХАС

*Хосонты Хадизæт*: Æз сывæллон уыдтæн, æмæ, сис не ‘хсæн, афтæмæй, нæ фарс чи цард, уыдонæн сæ сиахс йе ‘мбæлттимæ кæцæйдæр æрцæйцыди. Уыцы хæдзары та ног чындз уыди, бирæ йыл нæ цыди. Ацы æнæзонд адæм, æвæццæгæн, ноздждын уыдысты, æмæ йæ тохына куы фехсид сæ иуæн. Ныр, ногусджын чи уыди, уымæн йæ къухы топп, афтæмæй рацагайдта.

– Чи уыди? Мæнæн мæ тохына чи фехста, уый?

Сиахс, æнæзонд, балæууыди æмæ йын загъы: «Æз уыдтæн, дæ фыд мæ хъуыд». Æмæ сиахсы куы амарид. Уый абоны хуызы зонын. Æмæ цы ‘рцыди, уый йæ хойыл æрцыди. Раппæрстой йæ æддæмæ. Йæ сывæллætты йын байстой, нæ лæджы нын де ‘фсымæр амардта, загъгæ. Æмæ, мæгуыр, цæй аххосджын уыди? Ныр уый, æмæ йæ къухы топп, æмæ куыд фæцæйлыгъди, мах æй уыдтам, сывæллæттæ уыдыстæм. Сæ размæ цæхæрадон уыд, æмæ уырдæм ныллыгъди. Стæй æрæмбырд сты адæм, хорз адæм и, дзæбæх адæм и, æхсарджын адæм и, ныхас чи зоны, ахæм адæм и, æмæ йæ бафидауын кодтой. Æмæ йæ худ ныккæны æмæ, лæппу кæмæн амардта, уыцы фыдæн йæ къухæн апъа кæны, йæ къæхтæн апъа кæны. Æмæ афтæ бафидыдтой, фæлæ судмæ нæ лæвæрдтой. Сæ хъуыддаг-иу сæхи ‘хсæн скодтой.

Мæ фыд дæс азы Заманхъулы моллодзинад фæкодта. Æмæ-иу хъæуы ахæм мард куы уыди, уæд-иу сын фидиуæг уыд.

# ÆГЪДÆУТТЫЛ НЫХАС

*Хъаныхъуаты З.:* Куы ‘рбацыдыстут, уæд уæм ирон æгъдауæй цы баззади? Марды æгъдау куыд уыди?

*Хосонты Хадизæт:* Бозат ирон хъæу уыд, марды æгъдау пысылмон уыд.

*Хъаныхъуаты З.:* Марды фæдыл цавæр бонтæ аразут?

*Хосонты Хадизæт:* Марды адæм ‘рæмбырд вæййынц. Раздæр-иу афтæ уыди. Уыцы мыггагæй чи нæ уыд, уый-иу бæхыл сбадын кодтой æмæ-иу ацыди. Æмæ-иу кæдæм ацыди? Уæллагхъæумæ ацыди. Уыцы ран ма йæ хæстæг чи уыди, уый дуармæ. Йæ цыд дæр бæрæг уыди, ахæм хабар чи хаста, уымæн. Æмæ рахизæрдæм не ‘рхизы

бæхæй? Ай та-иу галиуæрдæм æрхызти бæхæй æмæ йæ идæдзы бæх баласта. Æмæ-иу бацыди, æмæ, цы хæдзармæ ‘рбахаста уыцы хабар, уый дуармæ æрлæууыди æмæ рацыд æмæ-иу сын æй загъта. Фæстæмæ йæ бæх йæ идæдз раласта æмæ ацыди. Мидæмæ нæ цыдысты! Хабархæссæг мидæмæ нæ цыди! Æмæ ‘рæмбырд вæййынц, æмæ се ‘гъдау бакæнынц. Зæрæдтæ-иу дуармæ бадтысты. Авд æхсæвы-иу сæ хъуыраны фæкастысты. Авд æхсæвы. Къуыри-иу скодтой. Авд æхсæвы авд хатты скодтой, кæсын чи зыдта, уыдон. Се стъолыл – пырындз, афтæмæй. Фондз æмæ ссæдз хæдзары уыдысты Хосонтæ, авд нæ уыдысты. Уыцы хæдзары-иу алыхуызон кусарт, уæливых, алцы æрцыди, æмæ-иу уыцы адæмæн бахæрын кодтой. Дыккаг æхсæв та-иу иннæ æрбацыди æмæ-иу загъта: «Ацы æхсæв та æз скæнинаг дæн». Æмæ нæм ахæм æгъдæуттæ уыди. Ныр ахæлиу стæм, тынг лæмæгъ кæнынц.

*Хъаныхъуаты З.:* Æмæ дыууиссæдзæм бон фæкæнут?

*Хосонты Хадизæт:* Нæ, къуыри скæнынц æмæ бирæ скæнынц, бацæуæнтæ-иу нæ уыди. Хæрд, уым бакæсынц, уым рæсугъд дуагъ фæкæнынц, афтæмæй ахæлиу вæййынц. Уый та дын дыууиссæдзæм бон.

*Хъаныхъуаты З.:* Æмæ уæд дыууиссæдзæм боны ирон хæринаг вæййы?

*Хосонты Хадизæт:* Уæливых, фыдджын. Ирон хæринаг нæ ферох кодтам. Иууылдæр сæ кæнынц.

*Хъаныхъуаты З.:* Æмæ уæливых куыд фæкæнут? Йæ хыссæйыл цы ныккæнут?

*Хосонты Хадизæт:* Хыссæйыл чи айк ныккæны, чи йыл æнхъизæн кæны. Афтæмæй йæ скæнæм. Йæ хуылфы йын картофæй.

*Хъаныхъуаты З.:* Æмæ йæ кæм фæфыцыс? Пецыл æви уæлейы?

*Хосонты Хадизæт:* Къæйыл дæр æй кæнæм, пецыл дæр царвимæ. Царвимæ зын хæрæн вæййы. Махмæ къæйтæ ис, æмæ йæ къæйыл фыцæм. Царв ыл ныккæнæм, æмæ дзæбæх вæййы.

*Хъаныхъуаты З.:* Дзыкка фæкæнут?

*Хосонты Хадизæт:* О! Уый нæм и.

*Хъаныхъуаты З.:* Æмæ дзыкка цæмæй фæкæнут?

*Хосонты Хадизæт:* Иутæ картофы дзыкка кæнынц, иннæтæ – цыхты дзыкка кæнынц.

*Хъаныхъуаты З.:* Насæй нæ фæкæнынц?

*Хосонты Хадизæт:* Насджынтæ кæнæм.

*Хъаныхъуаты З.:* Куыд кæнут насы дзыкка?

*Хосонты Хадизæт:* Насы дзыкка кæнæм æхсыримæ.

*Хъаныхъуаты З.:* Цыхт дзы нæ вæйййы?

*Хосонты Хадизæт:* Нæ вæйййы. Уæливых дæр насимæ куы фæкæнæм, уæд дзы цыхт нæ вæйййы, вæйййы дзы æрмæст цывзы, фиу дзы раздæр кодтой, фæлæ йæ адæм нæ уарзынц.

*Хъаныхъуаты З.:* Ныр нын чындзæхсæвы хабæрттæ ракæн. Чындзы куыд æрцæттæ кæнынц?

*Хосонты Хадизæт:* Хорз нæм вæйййы. Иу æхсæв раздæр адæм æрæмбырд вæйййынц, фæзарынц, фæкафынц.

*Хъаныхъуаты З.:* Фыццаг заман та?

*Хосонты Хадизæт:* Фыццаг заман ам, Турчы, чындзыл-иу скодтой ирон дарæс, фæлæ мæ заманы нал уыд. Скодтой-иу урс къаба, æз ирон дарæс нал федтон. Æз дæс æмæ æртиссæдз азы размæ ацыдтæн чындзы.

*Хъаныхъуаты З.:* Æмæ чызджы скъæфгæ кодтой?

*Хосонты Хадизæт:* Скъæфт дæр нæм-иу уыди.

*Хъаныхъуаты З.:* Æмæ скъæфт худинаг нæ уыди?

*Хосонты Хадизæт:*. Цæмæн уыди? Бафидыдтой-иу.

*Хъаныхъуаты З.:* Минæвар нæ уыди? Минæвар не 'рвыстой?

*Хосонты Хадизæт:* Куынæ йын æй радтой, уæд-иу æй аскъæфта.

*Хъаныхъуаты З.:* Арæх уыди скъæфыны хъуыддаг?

*Хосонты Хадизæт:* Арæх-иу уыди æмæ нæ уыди дæр.

*Хъаныхъуаты З.:* Чызг-иу йемæ мыдыкъус не 'рбахаста?

*Хосонты Хадизæт:* Мыдыкъус-иу уыди чындзæн.

*Хъаныхъуаты З.:* Йæ хæдзарæй йæ 'рбахаста?

*Хосонты Хадизæт:* Нæ. Уыцы хæдзары-иу æй скодтой. Лæппуйы хæдзары йæ кодтой махмæ. Уый æддейæ хаст нæ уыди. Сæкæр-иу ныххостой æмæ йæ царвимæ скодтой, мыд уыди – уый нæ зонын. Куыддæр-иу æй айстой, афтæ йæ лæппутæ ахастой. Дзæбæх æгъдæуттæ уыд фыццаг, фæлæ ныр нал сты.

*Хъаныхъуаты З.:* Æмæ ныр дæр фæкæнут мыдыкъус?

*Хосонты Хадизæт:* Ныр нал и уыцы æгъдау.

*Дзапарты Е.:* Ирæд-иу уыди?

*Хосонты Хадизæт:* Ирæд нæм нæй. Фыццаг уыди.

*Дзапарты Е.:* Бæрæг аргъ уыди ирæд?

*Хосонты Хадизæт:* Бæрæг аргъ уыд. Сæдæ фæндзай æхцайæ.

*Дзапарты Е.:* Фосæй нæ уыд?

*Хосонты Хадизæт:* Куы йæм нæ уыд æхца, уæд цы кæна?

*Бирæгъты Б.:* Бæхæй лæвæрдтой ирæд?

*Хосонты Хадизæт:* Нæ! Бæх уыди лæварæн ирон адæммæ. Уыдæттæ йæ сæрмæ ничи хаста. Æрмæст æхца. Æндæр ницы, æмæ йæ сарæзтой. Фыццаг мæгуырдзинад бирæ уыди. Ныр сынтæг, гардероб иуулдæр чызгæй.

*Дзапарты Е.:* Куыд-иу бафидыдтой дыууæ мыггаджы скъæфты фæстæ?

*Хосонты Хадизæт:* Зæронд лæгтæ-иу бафидыдтой. Дзуапджын лæгтæ. Фыд кæмæн нæ уыд, фыдыфсымæр-иу бафидыдта.

## ТУГИСЫНЫ ÆГЪДАУЫ ТЫХХÆЙ НЫХАС

*Хъаныхъуаты З.:* Æмæ-иу дыууæ мыггаджы туджджынтæ куы уыдысты, уæд-иу куыд бафидыдтой?

*Хосонты Хадизæт:* Хосонтæ иу лæджы амардтой, æмæ сæ иуулдæр сыстын кодтой. Медойтæй уыдысты. Сыстын сæ кодтой, махæй ацыдысты. Лæг та фесæфти. Аслан Медойтæй нæ бакуымдта Бозатæй ацæуын. Æз, дам, нæ цæуын. Чи амардта, уый алыгъди æмæ æдде амарди.

*Дзапарты Е.:* Цæмæй дыууæ мыггаджы бафидауой, чызг нæ лæвæрдтой?

*Хосонты Хадизæт:* Нæ, нæ уыди. Ахæм хъуыддæгтæ ирон адæм сæ сæрмæ нæ хастой. Æрмæст-иу загътой: «Кæстæртыл хъуыды кæнут». Кæрæдзи куы марой? Балæгъстæ кæнынц адæм. Уыцы марды хицау адæмы хатыр нымайы æмæ бафидауынц. Фæлæ судмæ нæ лæвæрдтой, сæхи мидæг арæзт цыди сæ хъуыддаг. Ирон адæммæ сæхи мидæг лыг кодта хъуыддаг. Мæ фыд Заманхъулæй æрмæст иу хъуыддаджы тыххæй ацыди. Иу мард æм æрцыди æмæ йæ цæхсадтой, æмæ йæ баныгæдтой. Ныр, кæй баныгæдтой, уымæн йæ мад йе ‘фсымæртимæ зæгъынц: «Махæн нæ лæппуйы йæ ус амардта». Мæ фыды судмæ акодтой æмæ загъта: «Æз никуы федтон ахæм хъуыддаг. Нæ фæгуырысхо дæн, мард куыд вæййы, афтæ йæ цæхсадтон æмæ аныгæдтон». Заманхъулы нал ныллæууыди. Уый хатырæн нал ныллæууыди.

*Хъаныхъуаты З.:* Æмæ кæдæм рацыди уæд?

*Хосонты Хадизæт:* Афтæ йæ загътой. Æцæг уыди, гæды уыди,

ничи йын ницы зоны. Лæг амарди. Чызгæн йæ мад, йæ фыд, иуыылдæр афтæ æрцахсын кодтой. Уæд, дам, судмæ гъеуæд радтой фыццаг хатт. Æндæр никуы.

## САБИБОНТЫЛ НЫХАС

*Хъаныхъуаты З.:* Уырдыгæй (Заманхъулæй – Е.Дз.) кæдæм ацыдыстут?

*Хосонты Хадизæт:* Кæрдзынмæ. Хосонты Гина, зæгъгæ, уымæ тынг рæсугъд агъуыстытæ уыди. Паша уыди. Æмæ уый хæдзары агъуыстыты фæцардыстæм. Не 'рвадæлтæ нæм ссыдысты, æмæ нæ уыдон æркодтой. Иу афæдз дзы фæцардыстæм æмæ рацыдыстæм Туркмæ.

*Хъаныхъуаты З.:* Мой скодтай ам цæргæйæ?

*Хосонты Хадизæт:* О! Авд азы мыл цыди, куы æрбалыгътæн. Ам схъомыл дæн.

*Бирæгъты Б.:* Сывæллон куы райгуыры, уæд цы æгъдæуттæ вæййы?

*Хосонты Хадизæт:* Лæппу куы уыди, уæд-иу дзедз скодтой. Бæттæн-иу бабастой, уым æй сæвæрдтой æмæ йæ кæрæдзимæ тылдтой. Чызг-мæгуырæн кæд вæййы? Чызг-иу йын райгуырд æмæ къуымы цæры.

*Дзапарты Е.:* Кæхц кодтой лæппуйæн?

*Хосонты Хадизæт:* О! Лæппуйæн куывд скодтой. Куы райгуырд, уæд куырмайнаг аргæвстой. Адæм æрæмбырд сты ном æвæрынмæ. Нæмттæ зæгъынц æмæ, кæй номыл баввæрсыдысты, уый йыл сæвæрдтой.

*Дзапарты Е.:* Æмæ хæлттæ не 'ппæрстой?

*Хосонты Хадизæт:* Нæ, ныхасæй-иу загътой. Æз ыл уыцы ном æвæрын, æмæ йæ загъта, æмæ афтæ дарддæр.

*Хъаныхъуаты З.:* Æмæ æртæ чъиририйы куы скæныс, уæд сæ кувгæ нæ фæкæныс?

*Хосонты Хадизæт:* О, Хуыцаумæ, уый фæстæ та сæ алыг кæнæм.

*Хъаныхъуаты З.:* Æмæ цавæр ныхæстæ фæкæныс?

*Хосонты Хадизæт:* О, Иунæг Хуыцау, хъабыл сæ фæкæн. Дæсны чи кувы, уыдон радзурынц. Мæн хуызæттæ сæ нæ кувынц. Иунæг Хуыцау, дзæбæхдзинæдтæ ратт, æнæниздзинæдтæ ратт.

*Дзапарты Е.:* Искуы фехъуыстай зæдтæ, дауджытæ?

*Хъаныхъуаты З.:* Уастырджи, Лæгты Дзуар?

*Хосонты Хадизæт:* Махмæ Уастырджи нæ зæгъынц. Нæй махмæ Уастырджи. Сымах афтæ Хызрæй зæгъут.

*Хъаныхъуаты З.:* Махмæ уый у нæлгоймæгты æхххуысгæнæг сæ фæндагыл.

## ХЫЗРЫЛ НЫХАС

*Хосонты Хадизæт:* Уый тынг дæсны у. Махмæ йæ Хызр хонынц. Мæ фыдыфсымæры ус афтæ загъта. Чызг уыди. Æмæ, дам, иубон хуыссын, мæ сæр риссы, æмæ дуар чидæр æрбахоста. Æмæ, дам, рацыдтæн, æмæ иу зæронд лæг дуармæ лæууы. Рацыди æмæ чындзытæн зæгъы: «Уартæ уæ иу зæронд лæг хъахъхъæны, æмæ йæм ацæут». Ныр, дам ын фæхъыг и, æмæ мын зæгъы: «Ды уыцы цæмæйдæр ма фервæз». Фыны мын зæгъы: «Гъер дын фæтæригъæд кодтон». Цыдæр хос ын бацамыдта, фæлæ уыцы бон куы æрцæуы, уæд мæ сæр рисгæ фæкæны. Афтæ-иу загъта.

*Хосонты Хадизат*: Мæ фыдыфсымæр Хъази загъта: «Афтæ зын уыдтæн, мæ сифт (ацы ныхасы нысаниуæг бæрæг нæу) асасти, афтæ тæвдæй ссыдтæн. Кæсын, æмæ иу зæронд лæг дуармæ лæууы. Æмæ ай афтæ зæгъы, иу суари, дам мæ ракуырдта. Æз та мæлæты сабыр уыдтæн, фелвæстон æмæ йын радтон. Æмæ мын загъта: «Иунæг Хуыцау дын нæйдзинад макуы фенын кæнæд». Уыцы мæстыдзинадæй йын дзургæ дæр ницы скодтон. Тыхстæй ссыдтæн. Æмæ, æцæгæйдæр, нæйдзинад нæ федтон. Йæ арфæ та афтæ даргъ у. Мæгуыр зæронд лæг адæмы ‘хсæнмæ цæуы, уый нал зонын. Адæм хæйрæджытæй хъауджыдæр куы нал сты, уæд ма се ‘хсæнмæ куыд рацæуа?

## ИРÆТТÆМ ТУРКÆГТÆ ЦЫ ЦÆСТÆЙ КАСТЫСТЫ, УУЫЛ НЫХАС

*Бирæгъты Б.:* Ардæм куы æрбацыдысты, уæд исты зындзинæдтæ федтой паддзахады ‘рдыгæй? Карсмæ куы æрбацыдыстут, уæд уæм туркаг адæм цы цæстæй кастысты?

*Хосонты Хадизæт:* Диссаг кастысты. Уыдон кæлмæрзæнджын уыдысты, мах та – чаршавджын. Æмæ-иу дзырдтой, адон уырыссаг сты, зæгъгæ.

*Бирæгъты Б.:* Туркаг адæмы ‘хсæн кадджын уыдыстут?

*Хосонты Хадизæт:* Цæуылнæ! Цæуылнæ!

*Хъаныхъуаты З.:* Ирон чызджыты-иу куырдтой?

*Хосонты Хадизæт:* Фыццаг-иу чызг туркагæн нæ лæвæрдтой, нæ зонын, цæмæн, стæй дæттын байдыдтой. Тынг цытджын уыд ирон чындз кæнæ сиахс. Рæсугъд уыдысты, æвæццæгæн.

## ФÆРДЫГЫЛ НЫХАС

*Дзапарты Е.* Цыкурайы фæрдыг искуы фехъуыстай?

*Хосонты Хадизæт:* Иу фæрдыг уыди, æмæ уый хæйрæджыты лæвæрд у. Хæйрæг-иу куы фæзынд, уæд-иу исты аскъуын (дзаума – Е. Дз.), йæ цъæхахст цæуы, æмæ зæгъ, ай куыд скъуынын, афтæ ды дæр фервæз, зæгъгæ. Æмæ уæд лæвар кæны – фæрдыг раппары, æмæ уый хъæдтимæ сæвæрынц. Уым-иу уыди. Мæ мад мын дзырдта, æмæ, дам, иубон фæцæуæм ме 'фсымæримæ нартхор рувынмæ. Уалынмæ цъæхаст цæуы. Уæд, дам, мæ хæдоны дыс æрбаскъуыдтон æмæ йын æй аппæрстон æмæ загътон: «Ай куыд аскъуыди, афтæ фервæз». Ныр, дам, дыккаг аз уыцы ран кусæм, æмæ мæ къахыл цыдæр ауад, тынг мæ фæрысти. Ай цы у? Рацагуырдтон æй æмæ кæсын: иу фæрдыг. Уый-иу, фидæны дæм цы æнхъæлмæ каст, цы уыдзæн, уый æвдыста.

## ИРОН ЗАРÆГЫЛ НЫХАС

*Дзапарты Е.:* Ды исты зарджытæ зоныс, кæныс?

*Хосонты Хадизæт:* Ирон рагон зарæггæнджытæ нæм уыдис, ныр нæм ничиуал ис.

*Дзапарты Е.:* Дæхæдæг ницавæр зарджытæ зоныс?

*Хосонты Хадизæт:* Аслан тынг дæсны зарæг кодта «Хъарджиаты фаззæттæ». Фаззæттæ куыстæй æрбацыдысты. Дыууæ 'фсымæры æмæ сæ хо. Мæхъхъæл сæ размæ рацыдысты æмæ сын сæ бæхтæ исынц. Æмæ схæцыдысты, æмæ дыууæ 'фсымæры фæмард сты. Ныр се 'фсымæр сæ бамбæрзта, топп райста, хъатаратæ райста æмæ семæ схæцыди. Æмæ уыдонæй амардта. Райсом æрбахон и æмæ кæсынц æмæ сылгоймагимæ хæцынц, фефсæрмы сты, фæлæ <…>. «Хъарджиаты фаззæттæ», зæгъгæ. Аслан æй зарыди…



**ХЕТÆГКАТЫ Аслан.**
**Дзерассæ**



**СОКАТЫ Дианæ**

ЦИГСИИ-йы хайады сæргълæууæг, раззагон наукон кусæг, филологон наукæты доктор. 150 наукон куыстæй фылдæры автор. Ирон адæмон сфæлдыстады фарстатæ иртасæг. Къорд фольклорон экспедицийы архайæг.

# МАРГЪЫ ФÆЛГОНЦ РАЙСÆГ ЧЫЗГ ИРОН ФОЛЬКЛОРЫ

*Уац*

Маргъы фæлгонц райсæг чызг ирон нарты эпосы, алæмæттаг аргъæутты, таурæгъты æмæ кадджыты хайджын у йæ индоевропæйаг «фаззæтты» миниуджытæй. Дины йæ ахсджиаг нысаниуæг амоны скифты дунемæ, бæлвырддæр та скифты пантеоны сылгоймаг-дзуар Апимæ. Уый æххæссыд æппæт æртæ къабазыл дæр – арв, астæуккаг дуне æмæ бинаг дунейыл.

Чырыстон дин куы рапарахат, уæд уый фæлгæты мифтæй бахауд Апи алæмæттаг аргъаумæ. Нарты кадджыты уый сæйрагдæр бæлоны фæлгонцы бацæуæг чызг у, фæлæ æндæр хуызы дæр фæзыны – Æхсæртæг æй федта æрттывдтытæ калæг æфсæнбырынкъ маргъæй. У ма цæугæдонимæ баст Донбеттыры чызг. Абайты Васойы иртасæнтæм гæсгæ, йемæ сты дыууæ мотивы баст. Фыццаг – Уæрхæджы фырттæ Æхсар æмæ Æхсæртæг хъахъхъæнынц нарты фæткъуы æмæ базонынц йæ давæг мæргъты, Æхсæртæг ракуры маргъы фæлгонц райсæг Донбеттыры чызг Дзерассæйы. Дыккаг – Уæрхæг ракуры Дзерассæйы. Мæргътæ бæлвырд бынатмæ кæй æртæхынц (æртæйæ, стæмдæр хатт дыууæйæ), уый та зындгонд у ирæтты алæмæттаг аргъауæй. Цæрынц кæнæ мæсыджы, кæнæ æвиппайды кæцæйдæр фæзынынц æхсыры малмæ. Уыцы



аргъæутты ма ис арвыл бонмæ æртæ хатты æрзилæг мæргътæ дæр. Æртæ маргъы (бæлоны) фæлгонцы та уыдон сты «рæстмæдзæуджытæ», ома хæрзæмбæлджытæ. Прозæйы æмбæлынц «амондгæнджыты» тыххæй таурæгътæ. Вæййынц мæргъты сæртимæ нæлгоймæгтæ, фæзынынц сывæллоны райгуырдимæ æмæ йын йæ хъысмæтыл хорзæрдæм ахадынц.

Ацы мотив алы хуызты æмбæлы дунеон мифологийы. Тынг арæх – уырыссаг алæмæттаг аргъауы сюжеты: æртæ бæлон-чызджы, Хуры æртæ бæлон-чызджы, кæрæдзийы сæ райгуырдæй фæстæмæ нæ фенæг æртæ бæлон-чызджы. Хайджын вæййынц бирæ алæмæттаг миниуджытæй, феххуыс кæнынц аргъæутты æвæрццæг хъайтартæн. Райсынц алыхуызон мæргъты æмæ сырдты фæлгонцтæ дæр. Фæлæ уырыссаг аргъæутты фæлгонцтæй хъауджыдæр ирон чызг-маргъы нысаниуджытæ сбæрæг кæнæн, равзарæн æмæ раиртасæн ис.

Цымыдисаг ма уый у, æмæ ирон алæмæттаг аргъæутты кæй æмбæлæм уæллаг æмæ бинаг дунеты æнахуыр цæрæгойты быцæуыл. Зæгъæм, Уастырджи фервæзын кæны кæфхъуындары амæттаг чызджы. «Чызг-маргъы» бон ма у арв æмæ зæхх «бафидауын кæнын» – Хур кæнæ Мæйы чызджытæ æртæхынц арвæй зæхмæ. Чызг бæлон кæй фесты, стæй та ногæй адæймаг, уый йын ахъаз у иу дунейæ иннæмæ æртæхынæн, æмæ ма йын дæтты æртæ хатты хуыз ивыны мидис. «Нæлгоймаг-мæргътæ», уыдонимæ абаргæйæ, хайджын вæййынц пехуымпары миниуджытæй, фæлæ, стæмхатт йеддæмæ, аргъауы сæйраг хъайтартæ не свæййынц.

Хатдзæджы хуызы зæгъæн ис, маргъы фæлгонц райсæг чызг кæй у рагон мифологон мотив æмæ ирон фольклоры бирæ жанрты арæзтыл кæй ахады.

## ГУЫРИАТЫ ТАМЕРЛАН
## ( 1929 – 2016)



Филологон наукæты доктор, профессор, РЦИ-Аланийы æмæ УФ-йы наукæты сгуыхт архайæг, ЦИГСИИ-йы ирон æвзагзонынады хайады сæргълæууæг. Уыд РЦИ-Аланийы Ахуыргæндты ассоциацийы сæрдар, Профессионалон литераторты уæрæсейаг цæдисы цæгатирыстойнаг хайады сæрдар, ЮНЕСКО-йы ахуырады департаменты эксперт. Æвзагзонынадæй, фольклорæй, историйæ, этнографийæ, педагогикæйæ 230 зонадон куыстæй фылдæры автор, цалдæр дзырдуаты редактор. Йæ куыстытæ «Влияние русского языка на развитие осетинской лексики», «К вопросам ономастики осетинского нартовского эпоса», «К методике изучения ономастики эпоса», æндæр ахуыргæндтимæ иумæ фыст «Грамматика осетинского языка», «Лексикология современного осетинского языка» æмæ иннæтæ актуалон сты абон дæр, пайда сæ кæнынц ахуыргæндты ног æмæ ног фæлтæртæ. Фыста радзырдтæ, пьесæтæ æмæ уацмыстæ сывæллæттæн. Хорзæхджынгонд æрцыд майдан «Ирыстоны намысæн»-æй æмæ Национ преми «Нарты фæткъуы»-йæ.

*ГУЫРИАТЫ Тамерлан:*

*«Ирон адæмы Нарты эпос хауы дунеон фольклористикæйы æвæджиауы диссагдæр уацмыстæм. Йæ уидæгтæ цæуынц скифты-сæрмæтты дугмæ... Дзыхæйдзургæ адæмон сфæлдыстады ацы цыртдзæвæн чи сфæлдыста æмæ йæ царды дарддæр чи рахаста, уыдон кæуылты курдиатджын уыдысты! Уæдæ бирæ тухитæ бавзарæг адæмы фольклоры æнæфæцудгæ традицитæ дæр диссаг сты... Эпосы баззадысты йе сфæлдисæг адæмы цард æмæ дунембарынады тыххæй зонинæгтæ, дыууæ мин азы размæ куыд уыдысты, афтæмæй. Бацыдысты йæм бæлвырд историон цаутæ дæр... Йæхимæ нырма ахуыргæндты бирæ ног фæлтæрты æргом аздахдзæн».*

# ÆЛДАР

Царди-уыди æлдар. Уымæн уыди иу фырт, кæцы уыди ахæм фыдуаг, æмæ дондзауты донмæ нæ уагъта – сæ дурынтæ сын саста, куыройдзауты донмæ нæ уагъта – сæ къæссатæ сын-иу байста æмæ сæ скъуыдтæ кодта. Иухатт куы уыди, уæд къулыбадæджы чызджы дурын асаста. Чызг æм смæсты ис æмæ йæ ралгъыста:

– Цалынмæ Аллар-Билары усæн ссарай, уалынмæ цъæх арт-цъæх фæздæг фæуадз. Мæй куы фæцæуай, уæд дын балцы иу бон йеддæмæ куыннæ æнтыса, афтæ.

Лæппу йæхи мардта, æмæ йæ фыд æрæмбырд кодта адæмты æмæ уыцы адæмтæй сæвзæрста дыууадæс барæджы. Арвыста сæ лæппуимæ Аллар-Билары агурæг. Уыдон сæ фæндагыл куы цыдысты, уæд сæмбæлдысты зæронд лæгыл: уымæн йæ рихитæ йæ къахы уæлфæдтæм уыдысты, йæ дæлармы хъуынтæ дæр йæ фадгуытæй зындысты.

Зæронд лæг æлдары фыртæн загъта:

– Æз ма лæппу куы уыдтæн, уæд къулыбадæджы æлгъыстæй ацыдтæн Аллар-Билары агурынмæ. Мемæ ахастон æртæ адылийы æфсæйнаг лæдзæг æмæ ма у тæбынджы бæрзæнд. – Стæй йын загъта: – Ацы дыууадæс лæджы арвит фæстæмæ.

Уый сæ арвыста æмæ йæхæдæг иунæгæй ацыди. Бирæ фæцыди лæгъз быдыры æмæ сфæлмæцыди. Æмæ федта быдыры астæу арт, бацыди уыцы артмæ, æмæ уый уыди æнæсæр зæппадз. Уым сыгъди стыр арт, йæ алыварс уыди пылы стæгæй бандæттæ æвæрд. Лæппу катайыл сси: куыд сæм бадзурон. Стæй бадзырдта:

– Цыдæуы уæм?

Уæд æм сынтæгæй зæронд лæг рахъил и æмæ загъта:

– Годах, æдде уазæг дзуры.

Годах æм рауади, æрхизын æй кодта, йæ бæх ын бафснайдта.

Зæронд лæг загъта Годахæн:

– Уазæг дæр мын æй ныббарæд, æз Хуыцауæй курдиаты лæг дæн, æмæ мын ацы сынтæгæй æддæмæ ахизæн нæй. Годах, ам ын бахæрын кæн æхсæвæр æмæ йæ схуыссын кæн.

Æлдары фырт куы схуыссыди, уæд зæронд лæг йæ чызг Годахæн загъта:

– Ацу æмæ ды дæр йæ фарсмæ схуысс. Хуыцау дын мой æрхаста.

Годах йæ фарсмæ куы æрхуыссыди, уæд ын лæппу загъта:

– Цъæх арт уадзын, æмæ мæм хæстæг ма цу, æз æлгъыст дæн.

Уæд Годах фæстæмæ сыстади, цырагъ ссыгъта, æмæ йын зæронд лæг загъта:

– Цы кæныс?

Годах та йын фæстæмæ дзуапп радта:

– Æлгъыст у, усмæ йын хъомыс нæй.

Зæронд лæг Годахæн загъта:

– Райсом сыстын афонмæ барæгæн дзаумайæ цы хъæуы, уый сцæттæ кæн.

Уæд Годах сцæттæ кодта боныцъæхмæ, æлдары фыртæн цы хъуыди, уыцы дзаумæттæ. Годах ын сæ йæ уæлæ скæнын кодта, æмæ Годахмæ басидти зæронд лæг.

Зæронд лæджы уынаффæйæ Годах бацыди бæхмæ, уый хæстмондагæй æфсæн михтæ хордта.

–Алас æй, Годах, ды фондзыссæдз айкимæ фурдмæ найынмæ.

Куы йæ сласта фæстæмæ, уæд та йын зæронд лæг загъта:

– Бæхы алас демæ уыцы чырыны размæ. Чырыны дуар куы байгом кæнай, уæд уым уыдзысты йæ дзаумæттæ, æмæ сæм дзур хатиагау, æвналгæ сæм ма бакæн, æмæ уæд алчи йæ бынаты абаддзæни. Уыдон сæ бынаты куы сбадой, уæд æй ардæм ралас. Ардæм æй куы скæнай, уæд дæлæ мæ æргъæу чырыны мæ дзаумæттæ, æмæ йæ уырдæм акæн. Чырыны дуар байгом кæн, æмæ уым мæ дзаумæттæ цъæх арт уадзынц. Кæрæдзийыл æмдзæгъд кæнынц, æмæ сæм-иу сдзур хатиагау. Уæд алчи йæ быууаты абаддзæни. Скæн æй фæстæмæ мæ размæ.

Йæ размæ йæ куы скодта, уæд æй йæ разы бæхыл сбадын кодта æмæ йын загъта:

– Хъусыс, ацы бæхыл куы ацæуай, уæд ын амонын ницы хъæуы, йæ идонмæ йын ма бавнал – уый йын у фидауцы тыххæй, æндæр ын нæ хъæуы идон. Фæндагыл куы цæуай, уæд, хорз фæндаг куы ныууадза æмæ æвзæр фæндагыл куы цæуа, уæд дæ зæрдæ уынгæг ма кæнæд. Бирæ куы фæцæуай, уæд донмæ бахæццæ уыдзынæ. Уыцы дон фæлдахдзæни къодæхтæ æмæ бæлæстæ. Дæхицæн тынг тæрсдзынæ, фæлæ-иу бæхы йæхи бар уадз. Уый дæ доны уыцы фарс фæкæндзæнис. Уыцы фарс куы фæуай, уæд-иу бæхæн йæ гæрстæ йæ уæлæ бафтау æмæ йæ рауадз.

Зæронд лæджы бæх куы ауагъта, уæд та сæмбæлди чызгыл. Уый дæр æй йæ мой кæнынмæ хъавыди, фæлæ йын не сси. Æхсæвы уым

фæци, райсомы чызг фарста æлдары фырты, цы хорз дæ хъæуы, зæгъ-гæ. Уый йын загъта:

– Ницы хорз мæ хъæуы, æрмæст, Аллар-Билары усæн куы ссарин, уый йеддæмæ.

Уæд ын чызг загъта:

– Дæлæ уыныс æртæ хæрис бæласы. Уыдоны бынмæ ныццу, дæ нымæты дæхи батух æмæ уæлгоммæ хуысгæйæ дæхи мард скæн. Уырдæм æртæхдзæни æртæ бæлоны – уыдон уыдзысты зæдтæ. Хистæр зæд абаддзæни уæллаг бæласыл, астæуккаг – иннæ бæласыл, кæстæр та – æртыккаг бæласыл. Сæ бæлæстыл бирæ куы фæбадой, уæд дæм хистæр æртæхдзæни, æмæ йæм мацы бавнал. Астæуккаг дæр дæм æртæхдзæни, æмæ-иу уымæ дæр мацы бавнал. Кæстæр дæм куы æртæха, уæд-иу уый ахсыны кой бакæн. Куы йæ æрцахсай, уæд дын цалынмæ Хуыцауы æууæнк ратта, уалынмæ йæ ма суадз, стæй-иу æй суадз, æмæ уæд фестдзысты æртæ зæды. Уыдон дæ фæрсдзысты, цы хорз дæ хъæуы.

Уый сын загъта:

– Аллар-Билары усæн агурын.

Æмæ йын загътой уыдон:

– Æртæ фысы æмæ æртæ æмысы ссар.

Уæд уый уыцы сахатыл ауади æмæ ссардта, цы йын загътой, уый.

– Ныр дæлæ уыныс уыцы галуан. Уырдæм ацу, æмæ дæм рауайдзæни æртæ æфсæндзых бирæгъы, æмæ сын-иу ауадз æртæ нæл фысы. Æртæ нæл фысы ралидз-балидз кæндзысты, æртæ бирæгъы сæ расур-басур кæндзысты. Бирæгътæ уыдон куы сурой, уæд-иу ды мидæмæ бацу. Уым дæм ратæхдзæни æртæ цæргæсы, æмæ сын-иу баппар æртæ æмысы. Уыдоныл мах зилгæ-дымгæ ауадздзыстæм, æмæ сæ рахæсс-бахæсс кæндзысты. Ды та-иу уæд мидæмæ бацу. Уым уыдзæни ссæдз чызджы, уыдон дæм хæсдзысты сæ бандæттæ, сбад, зæгъгæ, æмæ-иу ды бадын ма баком. Куы сбадай, уæд дын дæ сæр ракæндзысты, фæлæ-иу зæгъ: «Æз ардæм бадынмæ не ‘рбацыдтæн, фæлæ хъазынмæ». Æмæ сæ-иу симын кæн. Дæхæдæг дæр-иу семæ сим.

Кæстæр зæд ын загъта:

– Æз фестдзынæн бындз æмæ къулы хуынкъæй æрбабырдзынæн æмæ Аллар-Билары ныхыл абырдзынæн, æмæ йыл куы абырон, уæд-иу æй ды дæ хъæбысы акæн, æз дæу куы агуырдтон, зæгъгæ.

Уæд чызг дæр загъта:

– Æз та дæумæ куы æнхъæлмæ кастæн.

Стæй хæрзæггурæггæгтæ арвыстой.

Уым чысыл ацардысты, æмæ лæппу хъыг кæнын байдыдта. Чызг æй фарста:

– Цæмæн хъыг кæныс? Цæмæн æнкъард дæ?

Уæд ын лæппу загъта:

– Мæ хæдзармæ мæ цæуын фæнды.

Уыдон ын загътой:

– Цалынмæ донызл хид кæной, уалынмæ фæлæуу.

Иу къуыримæ хид скодтой, æмæ, куы цыдысты, уæд ын йæ усæн фæсдзæуинтæ радта чызджы фыд. Ацыдысты æмæ семæ акодтой, зæдты сын чи бацамыдта, уыцы чызджы. Цæуынтæ байдыдтой æмæ схæццæ сты æнæсæр зæппадзмæ. Уырдыгæй дæр та акодтой зæронд лæджы чызджы – Годахы. Зæронд лæг ын ралæвар кодта йæ бæх æд гæрстæ, ралæвар ын кодта чырын. Уый ахæм чырын уыдис, æмæ дæ-иу цас бафæндыдаид, уыйас адæм дзы-иу рацыдаид. Æмæ ма йын ралæвар кодта айдæн. Уыцы айдæнмæ та уыди ахæм миниуæг, кæуылты-иу æй рахастаис, уыйас агъуыст дзы-иу фестадаид. Æмæ æппынæрæджиау схæццæ ис йæ фыдыбæстæм æмæ æрæнцади хъæуы кæрон. Æмæ сын зæронд лæг цы айдæн радта, уый асæрфтой зæххыл, цас сæ фæндыдис, уыйас, æмæ сын дзы агъуыст фестади.

Уайтагъд уыцы хъуыддаг хъæумæ сыхъуысти, æмæ æлдар æрцыди йæ фыртмæ æмæ йын загъта:

– Дæ усы мын фенын кæн.

Уый йын фенын кодта йæ кусджытæй иуы. Æмæ йын загъта:

– Куывд дын, дзæбæхæй кæй æрцыдтæ, уый тыххæй.

Уый та йын скодта марыны фæнд, æмæ сцæттæ кодта алы хæринаг æмæ сыл ныккодта марг. Годах та, куы йæ хуыдтой лæппуйы, уæд ын загъта:

– Ком дар, ма-иу бахæр.

Йæхæдæг чырыны дуар байгом кодта, æмæ йæ цас фæндыди, уыйас адæм дзы рацыди æмæ ныппырх кодтой хæринæгтæ, æрмæст ма дзы иу дурыны састы баззади иу агуывзæйы дзаг арахъхъ. Æлдар æй рауагъта æмæ йæ лæвæрдта йæ фыртæн, фæлæ йæ уый нæ бакуымдта, абон æз ком дарын, зæгъгæ. Æлдар агуывзæ зæххыл ныццавта.

Дыккаг бон æм æрцыди æлдар æмæ йын загъта:

– Мæ бæстæтæ дын фенын кæнон.

Бæстæ уынынмæ куы цыдысты, уæд та йын æлдар нæ ауагъта фæндаггаг хæссын. Йæхицæн ахаста уазал фыд æмæ уазал дон, йæ фыртæн та – цæхджын дон æмæ цæхджын фыд, цæмæй фæлмæца, уый тыххæй. Уыдон ацыдысты хъæдмæ. Уым лæппу сдойны ис æмæ фыдæн загъта:

– Дон мын ратт, мæлын.

– Æлдар, дæ цæст дын скъахон?

Уый фæхъуыды кодта æмæ загъта:

– Скъах.

Æмæ йын уый скъахта йæ цæст. Ноджыдæр та лæппу сдойны ис æмæ та йын йæ иннæ цæст дæр скъахта. Лæппу уайтагъд уыцы ран ахаудта. Йæ бæхы йын тардта æлдар, фæлæ йын бæх тæрын нæ бакуымдта, æмæ уыцы ран хъæды астæу баззади. Йæ сæрты ратахти зæрватыкк. Зæрватыкк куы федта лæппуйы богътæ кæнгæйæ æмæ йæ бæхы йæ алыварс рацу-бацу кæнгæйæ, – фæтæригъæд кодта лæппуйæн. Стахти Хуыцаумæ æмæ йын радзырдта лæппуйы хъуыддаг. Хуыцау ын радта фæткъуы, зæрватыкк æртахти æмæ йæ сæвæрдта лæппуйы риуыл. Лæппу, йæ риуыл фæткъуы ссаргæйæ, фæцин кодта, ахордта йæ æмæ йæ цæстæй ракасти. Æмæ æрцыди йæ хæдзармæ. Уый федта бирæ цагъд адæм. Бафарста, æмæ йын загътой:

– Дæ фыд ныл æфсад скодта, æмæ сæ ныццагътам.

Уый сæ бафарста:

– Мæ фыд та цы фæци?

Уыдон ын загътой:

– Нæ зонæм!

Уый сын загъта:

– Цæуылнæ йæ амардтат?

Æмæ йын загътой, кæй йæ амардтой, уый. Йæ мард ын бацагуырдта æмæ йæ бабаста æнæдомд уырсы къæдзилыл. Лæппу баззади йæ устытимæ æмæ абон дæр ма цæры æмæ хæры æнæ мастæй

*ЦИГСИИ, ф.ф., д.4, п.65, Л.15-22, 17.01.1891 аз.*
*Ныффыстой йæ Æрыдоны семинары ахуырдзаутæ,*
*радтой йæ 17–19.01.1891 азы Токаты К.-мæ,*
*уый та йæ 1891 азы Æрыдоны радта Æмбалты Ц.-мæ*

# ЗÆРВАТУК – АДÆМИ ЕРВÆЗГÆНÆГ

Хелагæ Хуцаумæ рарвиста биндза. Чи хуæрон, цæмæй цæрон, уой мин истæрхон кæнæ, ‘ма мæмæй æрæрветæ. ‘Ма биндзæ рандæ ‘й Хуцаумæ, зæрватук ба æ фæсте горæй гор фæццудæй, ‘ма ку батахтæй Хуцаумæ, уодта дуари сæрмæ бабадтæй, ‘ма сæ фегъуста. ‘Ма Хуцау биндзæн дзагъта: «Хелагæн авд анзи чи беччеубæл цæуй , уой хуæрæд». Ку ратахтæй биндзæ, уодта зæрватук æхе нæ фæйй ‘ма ‘й рафарста: «Чи дин дзагъта Хуцау?» Мæ авдандзон сувæллони фид хуæрæ, уотæ ку сдзурдта, уодта ин зæрватук ‘йе взагмæ фæллæбурдта, ‘ма ин йе ‘взаг истудта. ‘Ма уодæй фæстæмæ биндзæ дзургæ нæбал искодта, фал кодта дув-дув. Зæрватук адæн уарзон уомæн фæцæй, ‘ма адæни ервæзгæнæг фæцæй, æндæр ба хелагæ сувæллæнттæ хуардтайдæ

*Радзырдта йæ Малиты Васо (цæуы йыл 50 азы)*
*4.07.2000 азы, Стыр Дыгур.*
*Ныффыста йæ ирон филологи æмæ журналистикæйы факультеты 3 курсы студенткæ Гуйты Иринæ //*
*ЦИГСИИ, 0.1, д. 657, инв. № 2518*

# КАЛМ КУЫД СÆВЗÆРЫДИС ГÆЛИАТЫ КОМЫ

*Таурæгъ*

Раджы Гæлиаты хъæуы – цæудзæн ыл, æвæдзы, иу-сæдæ цыппорсæдæ æхсай азы – сæвзæрд иу сайраг калм. Хъæуы цур ис куывддон (фæрон), уый цур уыд цъына, æмæ уый хуылфы уалдзæджы сæнтыст калм (стыр сайраг). Уалдзæгæй та фæззæгмæ цъына нал æмбæрзта. Куы нал æй æмбæрзта, уæд ссыд Хуссæртты (зæххы ном), уыд цæндыл уагъыллæты къох, кæцы ныр дæр у æгас, æмæ уырдæм. Калм уырдæм куы ссыд, уæд уырдыгæй лæбурдта, адæмæй-иу æддæмæ исчи куы рацыд, уæд уымæ. Афтæмæй адæм нал уæндыдысты æддæмæ се знагæй рацæуын. Уæд иу ассыйаг, Мысыкаты Хъæсболат, сфæнд кодта уыцы калмимæ рацæуын, зæгъгæ, цæуон æмæ дыгурæн се знаджы рамарон, кæд, зæгъгæ, рамæлон, уæд мын дыгур баст ныккæндзысты (хъалон алы аз дæр), кæд нæ рамæлон, уæд дæр. Стæй мын, зæгъгæ, уыдзæн кад дæр. Уыцы хабар куы райхъуыст, уæд Ныстолаты Хъæсболат (Ныстолатæ

цардысты Къæмынты хъæуы – фæсдоны зæххы ном), загъта: «Цæй, ныр нын не знаджы Мысыкаты Хъасболат куы рамара, уæд нын уый кад нæ уыдзæн – не знаджы рамарын нæ бафæрæзтам».

Ныр уыцы дыууæ Хъасболаты уыдисты дыууæ æрдхорды. Уæд Ныстолайы-фырт æртæ чъирийы скæнын кодта, йæ бæхыл саргъ сæвæрдта, йæ дыууæ куйи йæ хæццæ рахуыдта, райста кард, топп æмæ рараст уыцы калмы марынмæ Гæлиатмæ. Рацыдис æмæ, калм кæм уыд, уырдæм бацыд йæ дæлæты æмæ йæм бадзырдта: «Гъе уæртæ æнамонд, æддæмæ-ма ралæс». Æмæ йæм ралæбурдта æмæ йын йæ бæхы къæдзил рацахста. Бæх фæтарст, æмæ дæлæмæ рындзмæ æрхæццæ сты (хæхты сæрмæ). Уым ын Ныстолайы-фырт йæ топп йæ уæлæ фæкодта. Куыйты йыл ардыдта, стæй йæ йæхæдæг кардæй цавта æмæ йæ уым амардта. Куы йæ амардта, уæд доны йæхи ныхсадта. Æмæ чъиритæ систа æмæ скуывта: «Йæ Хуыцау, уæддæр не знаджы кæй рамардтон», æмæ куйтæн фæйнæ чъирийы радта. Йæхæдæг дæр хæры. Куйтæ æрбадтысты æмæ сæ къæхты æхсæн æркодтой чъиритæ. Æмæ сын се ‘рдджытæ бахордтой, афтæмæй ныммардысты. Стæй йæхæдæг рацыд бæхыл æмæ схæццæ хъæуы сæрмæ, æмæ уым йæ бæх амард, уым куй дæр ныммард. Уæд йæ саргъ систа æмæ йæ йе рагъыл фæхаста сæхимæ. Уый фæстæ сæйын байдыдта æмæ аз фæсад æмæ та йæхæдæг дæр амард Хъасболат.

Уæд Ныстолатæ дзурын байдыдтой, Гæлиатæ, нæ лæг сымах тыххæй амард, зæгъгæ, æмæ нын исты бафидут. Уæд сын Гæлиатæ радтой зæхх. Хъæдгæроны надæй уæлæмæ дзæвгар зæхх иу-дыууæ кв. км, æрмæст ма дзы Гæдзаты Гæуыз æмæ Зæнджиаты Ахмæд баззадысты, уыдисты æфцæггæс. Уыдонæн Зæнджиаты Ахмæт Гæдзæутæн уыд сæ хæрæфырт æмæ йæ зæххы хай радта Гæдзæутæн, æмæ йын Гæдзæутæ радтой гъулон хъунаджын.

*ЦИГСИИ, ф. 19*
*(Æлборты Б.А., 0.1, д. 86, с. 84-85.æхх.*
*Гуыссауты Таймураз)*

# КУЫРЫСМÆДЗÆУÆДЖЫ АРГЪАУ

Раджыма-раджы цардысты лæг æмæ ус. Цот сын нæ уыдис, æмæ цоты бæсты дардтой кæрчытæ. Сæ кæрчытыл сын цæргæс сагъуыдис æмæ сын сæ иугай-дыгай хаста. Ус смæсты ис æмæ йæ лæгæн загъта:

– Æ дæ бинонтæ амæлой, цотæн дæр нын уыдон куы сты æмæ фосæн дæр, уæд уый фæтæрсын кæнынæн нæ дæ?

Иубон цæргæс куы ‘ртахтис, уæд æй лæг марынмæ хъавыд, æмæ йæм топп куы фæдардта, уæд æм цæргæс дзуры:

– Ма мæ амар, дæ дзæбæх дын нæ ферох кæндзынæн.

Дыккаг бон дæр та æртахтис, æмæ та йæм лæг топп радавта. Цæргæс та йæм дзуры:

– Ма мæ амар.

Лæг та йæ ныууагъта. Æртыккаг бон дæр та æртахтис, æмæ та йæ лæг фæцæймардта. Цæргæс та йæм дзуры:

– Абон ма мæ ма амар, уый йеддæмæ дæм никуыуал æртæхдзынæн. Æмæ та йæ лæг ныууагъта. Стæй йæм цыппæрæм бон æртахтис æмæ йын загъта:

– Гъеныр æрбабад мæ базырты сæр æмæ цом.

Лæг йæ базырты сæр сбадтис, æмæ ацыдысты. Цæргæс æй иу айнæджы сæр æрæвæрдта æмæ йын афтæ:

– Гъеныр дæ ам уадзон?

Лæг загъта:

– Ам мæ куы ныууадзай, уæд цы фæуыдзынæн, ардыгæй куы ахауон, уæд мын халон ме стæг дæр нал ссардзæн.

Цæргæс загъта:

– Уæд ды мæнмæ топп куы радавтай, уæд мæнæн дæр афтæ хъыг уыдис. Цом та ныр, – загъта цæргæс, – дарддæр.

Систа йæ æмæ та йæ бирæгъты æрдонджы цур æрæвæрдта æмæ та йын загъта:

– Гъеныр дæ ам уадзон?

Лæг та йын афтæ:

– Æмæ мæ адон куы бахæрой, уæд цы фæуыдзынæн?

Цæргæс загъта:

– Ды мæнмæ топп куы радавтай, уæд мæнæн дæр афтæ хъыг уыдис.

Дарддæр та цом, зæгъгæ, ахаста йæ æмæ та йæ цъæх айнæджы сæр æрæвæрдта æмæ йын загъта:

– Гъеныр ам лæуу.

Лæг йæ цæссыгтæ æркалдта æмæ загъта:

– Ныр ам куы фæбырон, уæд цы фæуыдзынæн?

– Цæй ныр мауал тæрс, – загъта цæргæс.

Ахаста йæ æмæ йæ йæ хистæр хойы хæдзары цур æрæвæрдта. Йæ хо сæм рауад, мидæмæ рацæут, зæгъгæ. Цæргæс ын афтæ:

– Кæд дæ ехс æвдæлы, уæд нын æй ратт.

Уымæ та уыдис ахæм ехс, æмæ, дæ дзыхæй цыдæриддæр загътаис, уый-иу фестадис дæ цуры.

Йæ хо йын загъта:

– Æмæ мæхæдæг та ма цæмæй цæрон уæд?

Цæргæс загъта:

– Уæд ма нæ хæдзармæ цæмæн кæныс?

Уырдыгæй рацыдысты æмæ та йе 'ннæ хойы хæдзармæ бацыдысты. Уый дæр сæм дзуры:

– Хæдзармæ рацæут æмæ исты бахæрут.

Цæргæс загъта:

– Хæргæ ницы кæнæм, фæлæ дæм къухдарæн амонынц, æмæ нын æй ратт, кæд нæ дæттыс, уæд цæугæ кæнæм.

Хо загъта:

– Æмæ ма уæд мæхæдæг та цæмæй цæрон?

Уырдыгæй дæр рацыдысты æмæ, йе 'ртыккаг хомæ куы бацыдысты, уæд сæ уый хорз федта æмæ сын радта йæ сæрбæттæн. Уый ахæм сæрбæттæн уыдис, æмæ-иу æй, цот чи нæ кодта, ахæм куы бабастаид, уæд-иу ын цот рацыдис. Уырдыгæй йæ цæргæс рахаста æмæ йæ сæхи доны был æрæвæрдта æмæ йын загъта:

– Уæртæ дæ хъæу, æмæ, куыддæр бацæуай, афтæ дын лæппу райгуырдзæн.

Цæргæс лæджы доны был ныуагъта, лæджы хуыссæг æрцахста, æмæ уым бафынæй. Донæй куырысмæдзог лæг сбырыдис æмæ йын йæ сæрбæттæн адавта. Лæг куы райхъал, уæд ма сæрбæттæн агуырдта, æмæ ма кæм уыдис сæрбæттæн! Лæг æрдиаг кæнын байдыдта, уæд æм донæй куырысмæдзог лæг дзуры:

– Хорз лæг, цы агурыс?

Лæг загъта:

– Сæрбæттæн мæм уыдис æмæ мын кæмдæр ахаудта.

Куырысмæдзог лæг загъта:

– Уый дын мæнмæ ис, æмæ дын æй куы раттон, уæд дын лæппу куы райгуыра, уæд æй йæ афæдзы бонмæ ардæм æрхæсдзынæ? Уæд дын æй дæттын.

Лæг загъта, æрхæсдзынæн, зæгъгæ, æмæ йын æй радта. Лæг куы ‘рбацыдис, уæд сын лæппу райгуырдис. Лæг ыл мæт кодта, ус та йыл цинæй мардис. Иуæхсæв сæм куырысмæдзог лæг бадзырдта. Лæг рауадис æмæ йын загъта, йæ афæдз нæма у, зæгъгæ. Лæг фæстæмæ куы бацыдис, уæд æй ус нал уагъта, цы дæ кодта уыцы лæг, зæгъгæ, лæг та йын æй хъæр нæ кодта. Дыккаг æхсæв дæр та сæм бадзырдта. Лæг æм рауадис æмæ та йын загъта, райсом дын æй фæхæссын, зæгъгæ. Нæ та йæ ныххаста, æмæ та сæм æртыккаг æхсæв дæр бадзырдта:

– Цæй-ма, нæма йæ хæссыс?

Лæг загъта, райсом æй фæхæссын, зæгъгæ. Уатмæ куы бацыдис, уæд æй ус нал уагъта, цы дæ кодта, зæгъгæ. Лæг ын хабар радзырдта, æмæ ус йæхи кæуынæй мардта. Райсом лæг йæ усæн афтæ зæгъы:

– Лæппу нын афтæмæй нæ бакомдзæн, чъиритæ куынæ скæнæм æмæ, куывды цæуæм, зæгъгæ йæ куынæ басайæм, уæд.

Ус чъиритæ скодта, æмæ йæ афтæмæй расайдтой доны былмæ. Ныццыдысты æмæ уым скуывтой, стæй лæг лæппуйæн загъта:

– Ды ам лæуу, æз уæлæ уым дон ануазон.

Лæг уæлæмæ ссыдис, куырысмæдзог лæг лæппуйы аскъæфта. Мæгуыр лæг та кæугæ сæ хæдзармæ ссыдис. Куырысмæдзог лæг æмæ лæппу доны бын куы фæцæйцыдысты, уæд, йæ фыдимæ хæлар чи уыдис, ахæм загъта:

– Кæмæ цæуыс, уымæн ис дыууадæс чызджы, æмæ дын зæгъдзæн, уыдонæй дæ кæцымæ фæнды, уымæ бацу, зæгъгæ, æмæ-иу кæройнаг уатмæ бацу уæд.

Лæппу æмæ лæг куы ныххæццæ сты, уæд лæг загъта лæппуйæн, кæцымæ дæ фæнды, уымæ бацу, зæгъгæ.

Лæппу кæройнаг уатмæ бацыдис, æмæ йын чызг загъта:

– Ацу æмæ дæхи цæхс, стæй дадамæ бацу æмæ йын афтæ зæгъ: «Дæ изæр хорз уæд, дада, фæлæ мын райсом цы куыст ис, уый куы зонин».

Лæппу йæхи цæхсадта, дадамæ бацыд æмæ йын загъта:

– Дæ изæр хорз уæд, дада, фæлæ мын райсом цы куыст ис, уый куы зонин.

Лæг ын загъта:

– Райсом дын фурдыл æфсæйнаг хид кæнинаг ис.

Лæппу уатмæ рацыд æмæ мæт кодта:

– Ныр куы ницы зонын, уæд ын цы бакæндзынæн?

Чызг ын загъта:

– Ууыл та цы мæт кæныс? Мæнæ дын къухдарæн æмæ ехс. Райсом ауай, ехсæй æркъуыр, æмæ хид фестдзæн, стæй йыл къухдарæн атул æмæ йыл фалæрдæм ауай, æмæ æфсæйнаг фестдзæн.

Лæппу райсом раджы сыстад, доны былмæ ацыд, ехсæй æркъуырдта, æмæ хид фестади. Стæй йыл къухдарæн атылдта æмæ йыл фалæрдæм ауад, æмæ æфсæйнаг фестадис.

Дыккаг изæр дæр та бацыд лæгмæ æмæ та йын загъта:

– Дæ изæр хорз уа, дада, фæлæ мын райсом цы куыст ис, уый куы зонин.

Лæг та йын загъта:

– Райсом дын дыууадæс æмæ æртиссæдз дæсæтины кæнинаг ис, изæрмæ фæстæмæ къутуйы куыд уой, афтæ.

Лæппу рацыдис æмæ та мæт кодта. Чызг ын загъта:

– Цы йыл мæт кæныс? Райсом ехс ахæсс, æркъуыр æй, æмæ дæ куыд фæнда, афтæ дын изæрмæ куыстгонд фæуыдзысты.

Æртыккаг изæр та лæппу бацыдис хæдзармæ æмæ загъта:

– Уæ изæр хорз уа, фæлæ мын райсом цы куыст ис, уый куы зонин.

Уæд ын лæг загъта:

– Райсом дын дыууадæс бæхæй дæхицæн бæх æвзаринаг ис.

Чызг та йын загъта:

– Уыдон мах стæм. Ды дуртæ дæ фæдджийыдзаг бахæсс æмæ сæиу бæхтыл цæв, æз æнцад лæудзынæн, æмæ-иу зæгъ, уæртæ æнцад чи лæууы, уый мæ куы уаид.

Райсом бæхтæ быруйы лæууынц, лæппу фæдджийыдзаг дуртæ бахаста æмæ бæхты цæвын байдыдта. Иу дзы æнцад лæууыд, иннæтæ ралидз-балидз кодтой, æмæ загъта:

– Уæртæ æнцад чи лæууы, уый мæ куы уаид.

Лæг ын загъта, акæн æй, зæгъгæ. Цыппæрæм изæр дæр та йæм бацыдис, æмæ йын лæг афтæ:

– Райсом дын доны был дыууадæс хъазæй дæхицæн хъаз æвзаринаг ис.

Уатмæ куы рацыд, уæд та йын сæ чызг бацамыдта.

Райсом дыууадæс хъазы доны был лæууынц, æмæ та лæппу загъта:

– Уæртæ æнцад чи лæууы, уый мæ куы уаид.

Лæг та йын загъта, акæн æй, зæгъгæ.

Фæндзæм изæр дæр та йæм бацыд лæппу фæрсынмæ, æмæ йын загъта:

– Райсом дын дыууадæс бæлонæй дæхицæн бæлон æвзаринаг ис.

Уатмæ та куы рацыд, уæд та йын сæ чызг бацамыдта.

Райсом дыууадæс бæлоны рацæйтахтысты, æмæ лæппу загъта:

– Уæлæ фæсте чи баззад, уый мæ куы уаид.

Лæг та йын æй радта. Стæй та йæм лæппу æхсæзæм изæр дæр бацыд, æмæ йын лæг загъта:

– Райсом дын ницыуал куыст ис, дæлæ абанайы уæхи цынайут, æндæр.

Чызг æмæ лæппу абанамæ куы бацыдысты, уæд сыл лæг дуæрттæ бахгæдта. Чызг абанайы къуымы æртæ туйы ныккодта æмæ загъта:

– Мæ бæсты æртæ дзырды куыд скæнат, афтæ.

Стæй абанайы рудзынг фестад, æмæ чызг æмæ лæппу уырдыгæй алыгъдысты. Уæд-иу лæг бадзырдта, нæма фестут, зæгъгæ, æмæ йæм иу ту радзырдта, нæма, зæгъгæ. Æртыккаг хатт куы бадзырдта, уæд æртыккаг ту радзырдта, цыма тынг æххормагæй бафæлладысты, уый хуызæн. Лæг дуар байгом кодта, æмæ цæй чызг æмæ цæй лæппу! Æрдиаг кæнгæ рацыдис, йæ усмæ бадзырдта:

– Мæ чызг та мæхицæй кæлæнгæнæгдæр разындис, – алыгъдысты мæ чызг æмæ мæ лæппу.

Ус ын загъта:

– Тагъд уайгæ сæ фæдыл.

Уæд уайын байдыдта.

Чызг лæппуйæн афтæ:

– Акæс, æмæ кæд комы сау мигъы къуымбилы хуызæн æрцæуы, уæд уый нæ фыд у.

Лæппу акаст æмæ загъта, æрцæуы, зæгъгæ. Чызг къудзи фестад, лæппу та цъиу, æмæ цъиу къудзийыл гæппытæ кæны.

Уæд фæрсы цъиуы:

– Цъиу, ам дæлæмæ чызг æмæ лæппу алидзгæ нæ федтай?

Цъиу ын загъта:

– Ам цалдæр азы дæн æмæ ницы федтон.

Лæг раздæхт æмæ йæ йæ ус фæрсы:

– Ницы ссардтай?

Лæг загъта:

– Иу ран цъиу федтон, бафарстон æй, æмæ мын загъта, ницы федтон, зæгъгæ.

Ус ыл фæхъæр кодта:

– Ацу тагъд, уыдон дæ чызг æмæ дæ лæппу уыдысты.

Лæг та сæ фæдыл рацыд

Чызг лæппумæ дзуры, акæс, æмæ кæд дымгæ рацæуы, уæд та уый нæ фыд у, зæгъгæ.

Лæппу ракаст æмæ афтæ:

– Ахæм дымгæ рацæуы, æмæ диссаг у.

Чызг зæронд аргъуан фестад, лæппу та – зæронд сауджын æмæ аргъауы.

Лæг æрхæццæ æмæ йæ фæрсы:

– Ам чызг æмæ лæппу алидзгæ нæ федтай?

– Ацы ран цалдæр азы дæн æмæ ницы федтон.

Лæг раздæхт æмæ та йæ йæ ус фæрсы:

– Ницы ссардтай?

– Иу ран зæронд сауджын федтон, бафарстон æй, æмæ мын загъта, ницы федтон, зæгъгæ.

Уæд ын ус загъта:

– Уый сауджын дæ лæппу уыдис, аргъуан та – дæ чызг. Æз мæхæдæг куынæ ауайон, уæд ды ницы.

Ус рауадис сæ фæдыл.

Чызг дзуры лæппумæ:

– Акæс-ма, æмæ кæд комы цæргæсы хуызæн рацæуы, уæд уый нæ мад у.

Лæппу акаст æмæ афтæ, рацæуы, зæгъгæ.

Чызг денджыз фестад, лæппу та – хъаз æмæ денджызы хъазыд.

Ус æрхæццæ æмæ загъта:

– Æз ныртæккæ дæу куынæ ахæрон, æмæ дон нуазын байдыдта.

Иугыццыл ма йын дзы куы уыд, уæд ус нытътъæпп кодта æмæ фехæлдис. Чызг æмæ лæппу ацыдысты æмæ, сæ хъæугæронмæ куы ‘рбахæццæ сты, уæд уым алæууыдысты, æмæ чызг загъта лæппуйæн:

– Дæ мад æмæ дæ фыд тынг базæронд сты, ацу æмæ сæ æркæн ардæм.

Лæппу ссыдис æмæ сæ æркодта. Чызг сæ ехсæй æркъуырдта, æмæ, фыццаг куыд уыдысты, афтæ фестадысты.

Бацыдысты иумæ сæ хæдзармæ æмæ абон дæр ма цæрынц æмæ хæрынц.

*ЦИГСИИ, ф.ф., д.12, п. 68, Л. 101-113,*
*æхх.. Быдтаты Ф., 21. 1. 1929 аз, Хохы Дæргъæвс.*
*Ныффыста йæ Сеоты М. М.*

# МÆГУЫР ЛÆГ ÆМÆ РУВАС

Мæгуыр лæг хъæугæрон царди. Къæбæргæнæг ын нæ уыди, ‘мæ мæгуырæй царди. Рувас æм бацыд æмæ йын загъта, иумæ бацæрæм, зæгъгæ. Мæгуыр лæгмæ уыди авд карчы. Куы бацардысты иумæ, уæд рувас загъта, нæ кæрчытæ бахæрæм, зæгъгæ.

– ‘Мæ уыдон куы бахæрæм, уæд ма цы кæндзыстæм?

– Уый дæ хъуыддаг нæу, бахæрæм уал сæ.

Бахордтой авд карчы. Ныр сæм ницыуал ис. Уæд рувас куыд ардта, афтæ хаста. Уæд лæгæн афтæ: «Усæн дын амал скæнон». ‘Мæ лæг загъта: «Мæнæн чи бакомдзæн?» Ацыдис рувас æмæ æлдармæ ссыдис. Æлдарæн æртæ хорз чызджы уыдис, ‘мæ йын загъта:

– Дæ чызджы дын хорз курæг ис, æмæ ма фæрæди.

Уæд ирæдыл систы, æмæ æлдар загъта:

– Кæд алы сырды мыггагæй дæр фондзыссæдзы ссардзæни, уæд ын чызг. Кæд нæ уыдзæни, уæд мæнмæ чызг дæттинаг нæй.

Рувас загъта, ссардзæн, зæгъгæ. Йæхæдæг рувас хъæдтыл зилын байдыдта, ‘мæ, кæуыл æмбæлди сырдтæй, уыдонæн дзырдта: «Агуыры æфсæдтæ æрцæуынц. Хъæдтæ ‘мæ хæхтæ фæзтæ скæндзысты, ‘мæ сæфæм! Кæй бон у, уый æлдары галуанмæ лидзæд æмæ уым æмбæхсæд!» Афтæмæй æлдары галуантæ сæ тæккæ дзаг баисты алыхуызон сырдæй: ирæд æртымбыл кодта рувас. Ныр ныццыдис æмæ мæгуыр лæгæн загъта:

– Цæуын хъæуы дæ каистæм.

Йæхæдæг быдыртыл зилын байдыдта. Алыхуызон дидинæг æмбырд кодта æмæ сæ мæгуыр лæджы бызгъуырты тъыста. Афтæмæй мæгуыр лæг æрттывдтытæ калгæ араст. Рувас ын бафæдзæхста: «Æлдары галуанмæ куы схæццæ уай, уæд къаххидыл ауайдзынæ æмæ доны дæхи ныппар, дæ бызгъуыртæ дын куыд аласа, афтæ.

Ацыдысты. Лæг доны куы ныххауди, уæд рувас æлдармæ ссыдис æмæ йын загъта, дæ сиахс доны ныххаудис, йæ дзаумæттæ йын дон

аласта, æмæ дæлæ доны был бæгънæгæй бады. Æлдар ын дзаумæттæ радта, æмæ сæ рахаста. Лæджы ссыдмæ дзыллæтæ æрæмбырд сты. Уый æлдары хорз дзаумæттæ куы скодта, уæд йæхимæ æркæс-æркæс кодта. Адæм ыл дис кодтой, æмæ сын рувас афтæ: уымæн йæхи дзаумæттæ æрттывдтытæ калдтой, адон йæ зæрдæмæ нæ цæуынц, æфсæрмы дзы кæны æмæ уымæн æркæс-æркæс кæны йæхимæ.

Ныр чындз хæссынц хъæуы. Æлдары уæрдоны рахæссынц чындзы. Рувас разæй сæпп-сæпп кæнын байдыдта, авд уæйыгмæ ныххæццæ æмæ сын зæгъы: «Æмбæхсгæ ут! Уæлæ Агуыры æфсæдтæ адæмы цæгъдгæ æрцæуынц æмæ уæ марынц!» Уæйгуытæ хъæмпы рæгъты сæхи бамбæхстой. Рувас сыл арт бандзæрста æмæ басыгъдысты. Иу ма дзы æрдæгсыгъдтытæй раирвæзт æмæ авд хохы æддæмæ алыгъд.

Уæд уæйгуыты галуанты хорз чындзæхсæв скодтой. Лæг æмæ ус цæрын байдыдтой. Рувас-иу куы ʻрбацыд, уæд-иу ын стджытæ радтой. Куы нал фæрæзта рувас, уæд цæуын байдыдта æмæ авд хохы æдде уæйыгмæ бацыд æмæ йын загъта:

– Рацу дæ хæдзармæ! Уым ницæйæгтæ цæрынц, æмæ сæ расур, ам цы бадыс?

Уæйыг ыл не ʻууæндыд æмæ нæ куымдта. Уæд ын рувас афтæ: «Уæдæ рæхыс æз мæ къубалыл бабæтдзынæн, ды та йæ дæ къахыл бабæтт, æмæ афтæмæй цом».

Æркодта уæйыджы. Се ʻрцыдмæ мæгуыр лæг æхсаргард дауы. Уæйыг уый куы федта, уæд фæтарст æмæ ралыгъд, æмæ рувасы ныххурх кодта. Афтæмæй мæгуыр лæг авд уæйыджы галуанты цæргæ баззад.

*ЦИГСИИ-йы зонадон архив, ф.ф. хъ.394, п. 144. С. 122-124,*
*радзырдта йæ Æлбегаты А. 1966 азы 21 сентябры*
*Заманхъулы хъæуы.*
*Ныффыста йæ Цагъаты А.*

*Æрмæг мыхуырмæ бацæттæ кодта СОКАТЫ Дианæ*



**МÆРЗОЙТЫ Ислам-Бег**

ЦИГСИИ-йы раззаг зонадон кусæг, генеалогон иртасæнты секторы сæргълæуæг, историон наукæты доктор, Уæрæсейаг генеалогон федерацийы советы уæнг. 100 наукон куыстæй фылдæры автор.

# УÆЛЛАДЖЫРЫ ÆХСÆНАДЫ МЫГГÆГТÆ

*Уац*

1834 азы Цæгат Ирыстоны Уæлладжыры æхсæнады цæрджытæ, Уæрæсейы империйы хицаудзинадимæ тох ницы дæтты, уый æмбаргæйæ, сæ гæрзтæ æрæвæрдтой æмæ сæхи стыр паддзахады бар бакодтой.

Уыцы хъæппæрис хынцгæйæ, Кавказы сæйраг хаххы хицау, инæлар-майор Александр Пирятинский фидар Дзæуджыхъæуы комендантæн бахæс кодта, Уæлладжыры æхсæнад Уæрæсейы императорæн цæмæй ард бахæра, уымæн фадæттæ саразын. Барвæндонæй йæ тох кæй ныууагъта, уый хынцгæйæ, æхсæнад æрцыд хъалонтæй уæгъд, Дзæуджыхъæумæ та дзы райстой амынæтты æмæ сын уым, иннæ ахæм хуызы хъомылгæнинæгты æмрæнхъ, цæрынæн æмæ ахуырæн фадæттæ сарæзтой.

XIX æнусы астæумæ Æфсæддон-Ирон зылдмæ хаудтой Уæлладжыры, Дыгуры, Захъхъайы, Зæрæмæджы, Зруджы, Куырттаты, Мамысоны, Нары, Тæгиаты æмæ Цъæйы æхсæнадтæ. Бирæ азты дæргъы Уæлладжыры æхсæнады уæздан мыггæгтæ æнхъæлмæ кастысты, сæ уæлбартæ сын закъоны бындурыл кæд сфидар кæндзысты, уымæ. Уæдмæ та уал уæлбартæй пайда кæныны фадат лæвæрдта 1834 азы 15 сентябры арæзт сæрмагонд гæххæтт (отзыв) 5210 номыримæ. Фæлæ Кавказы ног æфсæддон администрацийы минæвæрттæ сæ

развæдгæнджыты политикæ аивтой, æмæ уæздæттыл дæр хъалон фидыны уаргъ сæвæрдтой. Уæздæттæ сæ хъаст бахастой Кавказы Æххæстбарджын кънйаз Михаил Воронцовмæ. Куырдтой, цæмæй фæлтæрæй-фæлтæрмæ цæуæг уæлбартæ фæстæмæ раздаха æмæ уæздæттæ састы бынаты баззайæг хæххон знæмты æмрæнхъ нымад ма цæуой. Уыйадыл Кавказы Æххæстбарджыны къæнцылары разамонæг фæсидт Фæскавказы крайы Граждайнаг разамындмæ уæздæттæн «дворяйнæгты цин» раттыны курдиатимæ. Цалынмæ хъуыддаг ræза, уæдмæ та уал сæ хуымæтæг адæмыл æвæрд уаргъæй хъуамæ ссæрибар кодтаиккой.

Фыццаг азты Кавказы Уæрæсейаг администраци бынæттон уæздætты зæрдæхудты нæ цыд. Фæлæ сæ уый фæстæ хъуамæ бакодтаид Уæрæсейы империйы кълассон системæйы фæлгæты. Уый тыххæй сарæзтæуыд, уæздæттæ сæхи æхсæнады æмæ паддзахады цæйбæрц ахадынц, уый бæрæггæнæг комитеттæ æмæ къамистæ.

1859 – 1860 азты куыста «Æфсæддон-Ирон зылды цур уыцы зылды туземæгты зæххы æмæ хи сæрмагонд бартæ æвзарæг комитет» («Комитет, учрежденный при Военно-Осетинском округе для разбора поземельных и личных прав туземцев этого округа»). 1859 азы 24 августы комитеты сæрдар ныффыста Уæлладжыры æхсæнады пъырыстыфмæ. Радта йын бардзырд, цæмæй, Тæгиаты æлдæрттæ æмæ Дыгуры бадилаты æмсæр чи у, æхсæнады уыцы уæздæтты номхыгъд сараза бæлвырд уагæвæрдмæ гæсгæ æмæ йæ барвита комитетмæ. Номхыгъдимæ иумæ ма хъуамæ уыдаид адæмы ‘хсæн нымад уæздæттæй депутатты тыххæй зонинæгтæ, чи сæ цы динмыл хæст у, уый нысангондæй. Уæздæттæй, йæ мыггаджы уидæгтыл, цы сгуыхтытæ йæм ис æмæ йæ адæмæн цы хæрзты бацыд, уыдæттыл дзурæг гæххæтт кæмæ уыд, уый йæ хъуамæ комитетмæ радтаид.

1859 азы 4 сентябры Уæлладжыры-Нары-Зæрæмæджы-Мамысоны участочы штабс-капитан Козловский комитетмæ барвыста дзуапп. Уым амындæуыд, Уæлладжыры æхсæнады дзыллæ депутаттæй кæй равзæрстой Цæразонты, Сидæмонты æмæ Кусæгонты къабæзтæй минæвæртты. Бæлвырдæй ныхас цыд юнкер Саламты Тæтæрийыл (Кусæгонтæй), юнкер Доцоты Дударыл (Сидæмонтæй), юнкер Магкæты Елдзарыхъойыл (Сидæмонтæй), юнкер Гæбуты Ахъмырзæ-

йыл (Кусæгонтæй), юнкер Датиты Долæтмырзæйыл (Сидæмонтæй). Ноджы ма – Реуазты Бæбийыл, Цæллагты Дзбайыл, Уырымты Асæзейыл, Беккуызарты Дударыл, Баскаты Батрийыл (иууылдæр – Сидæмонтæй). Чехойты Цопан æмæ Мзокты Азæмæт уыдысты Цæразонтæй, Бесолты Хъуыдайнат æмæ Дзугаты Саукуыдз – Кусæгонтæй.

Мызуры æхсæнадæй равзæрстæуыд Бутаты Смайлыйы æмæ Зæнджиаты Елæмырзæйы.

Штабс-капитан Козловскимæ рапорты комитеты хъуыддæгтæ аразæг подпоручик Михайловский балæвæрдта бинонты номхыгъд. Цæразонтæй дзы нысангонд уыд Мзокты Азæмæт (æртæ сывæллоны), Сидæмонтæй – юнкер Доцоты Дудар (цыппар сывæллоны), Кусæгонтæй – юнкер Саламты Тæтæри (иу сывæллон). Кæвдæсардтæ сæ никæмæн уыд, æххуырстытæ сæ ничи дардта.

Балæвæрдæуыд мыггæгты равзæрды тыххæй бирæ цымыдисаг зонинæгтæ. Алчи дæр уыд Ос-Бæгъатыры цоты кæцыдæр къабазы байзæддаг. Иуæй-иу мыггæгтæ балæвæрдтой бæлæсты хуызы конд бæрæггæнæнтæ, уыимæ æрмæст нæлгоймæгты нæмттæ, кар æмæ цин нæ бацамыдтой, фæлæ ма сæ бинойнæгты мыггæтæ, нæмттæ, фыдынæмттæ, социалон къæпхæн дæр. Абон уыцы æвдисæндартæн ис æвæджиауы историон, этнографион, генеалогон нысаниуæг, æмæ сæм се 'ргом здахынц куыд мыггæгты байзæддæгтæ, афтæ иртасджытæ дæр.

Номхыгъдтимæ арæх æмбæлынц курдиаттæ дæр. «Дворяйнаг цин» агурджытæ арæзтой сæхи æмæ се 'рвадиуæггæнæг мыггæгты бæстон æрфыстытæ. Уæлбарты аккаг кæй сты, уымæн радтой Ос-Бæгъатыры фæдонты æвдисæндартæ, иннæ ирон æхсæнадты аристократиимæ сын хæстæгдзинад кæй ис, Уырыссаг хицаудзинадæн хæрзты кæй бацыдысты, уыдæтты тыххæй зонинæгтæ. Ахсджиаг баххæстгæнинагыл нымадæуыд, зæххытæ, дурæй амад хæдзæрттæ, мæсгуытæ, фидæрттæ сæм кæй уыд. Уæлладжыры æхсæнады бирæ мыггæгтæ ма бацамыдтой, гуырдзиаг паддзæхтæй сæм сæ æнувыд службæйы тыххæй Кады гæххæттытæ кæй ис (Алæджыхъотæ, Мзоктæ, Беккуызартæ, Калотæ, Томайтæ æмæ иннætæ).

Генеалогон таурæгъты ма загъдæуы, Сидæмонтæ, Цæразонтæ, Кусæгонтæ æмæ Æгъуызатæ сыхаг адæмты аристократиимæ хæстæгдзинад дæр кæй саразтой. Æцæг уыд æви нæ, уый абон зын сбæрæг-

гæнæн у, фæлæ уыцы хæстæгдзинад дзуры, Кæсæджы, Гуырдзыйы, иннæ сыхаг адæмтимæ ахастытæн цы ахсджиаг нысаниуæг уыд, уыл. Ис уырыссаг дворянтимæ хæстæгдзинадæн æвдисæнтæ дæр.

Хæстæгдзинады тæгтæй дарддæр ма мыггаджы уæлбартæн æвдисæнæн амындæуы ирæды бæрц, иннæ ирон æхсæнадты аристократон мыггæгтимæ абарстæй туджы аргъ бафыст, хи кæвдæсардты нымæц.

Хъæздыг этнографион æрмæг у, чырыстон дины бæрæгбæттæ куыд арæзт цыдысты, хистæр æмæ кæстæр æфсымæртæн сæ фыды бынтæй цы ‘мбæлыд, уыдæттимæ баст хабæрттæ.

Архивты гæххæттытæ ма дзурынц, алы ирон æхсæнадты мыггæгтæ цы динылхæст уыдысты, уыл.

Курдиаттæ æмæ иннæ гæххæттытæ, къух бафыссынæй дарддæр, сты хи сæрмагонд мыхуырæй фидаргонд.

Уæлладжыры æхсæнадæй курдиаттæ балæвæрдтой 73 мыггаджы. Æхсæнады номæй амынд комитеты куысты бацархайдтой 17 депутаты.

Хъуыддæгтæ бæлвырдгæнæг комитеты куысты архайæг депутаттæ ард бахордтой рæстаг уынаффæтæ хæссынæй. Уыимæ чырыстон æмæ пысылмон депутатты ардбахæрд уыд фæйнæхуызон.

Уæлладжыры æхсæнады мыггæгтæй уæлбарты аккаг чи у, уый æвзарынæн æвдисæнтæй лæуд уыдысты иннæ ирон æхсæнадтæй æвзæрст минæвæрттæ: Тæгиатæй – Дударатæ, Дыгурæй – Хъуыбадтæ, Хъабантæ, Тугъантæ, Хъарабугъатæ, Хъантемыртæ æмæ Таймазтæ, Нарæй – Хетæгкатæ. Депутатты сконд рæстæгæй-рæстæгмæ ивта.

XIX æнусы астæумæ Ирыстоны мыггæгтæ, абон сæ куыдæй зонæм, ахæм хуызы нæма сфидар сты. Гæххæттыты ис иу фыдæлæй рацæуæг цалдæр мыггаджы амынд. Зæгъæм, Агутæ (Зембаттæ, Хъайыртæ, Тæбæхсæутæ, Цæрукъатæ) фыстой, сæ мыггаг кæй рацыд Сидæмонæй, Сидæмонæн кæй уыд фырт Ораст, уымæн – фырт Орестамон, Орестамонæн – фырт Агуй, уымæн та – цыппар фырты Зембат, Хъайыр, Цæрукъа æмæ Тæбæхсæу. Гъемæ, зæгъгæ, амынд мыггæгтæ уыдоны байзæддаг сты. Сæхи Агутæ хонгæйæ, комитетмæ балæвæрдтой бинонты хистæрты номхыгъд. Дзиутæ фæстæдæр адих сты æхсæз мыггагыл: Дзиутæ, Махъотæ, Хохтæ, Быгъуылтæ, Елойтæ, Æфсæрæгатæ. Тогъуызтæй рахицæн сты Хæситæ, Гуситæ æмæ Саулатæ. Мæрзойтæ сæхи хуыдтой Зæнджиатæй кæнæ Знауыртæй, уымæн æмæ сæ мыггаг рацыд Зæнджиаты Знауырæй.

Мыггæгтæ алыхуызон уыдысты сæ нымæцмæ гæсгæ дæр. Иутæ – стырдæр: Баскатæ – 29 бинонтæ, Зæнджиатæ – 27, Хъайтыхътæ – 23. Иннætæ – къаддæр: Тотитæ – 3 бинонтæ, Къалатæ – 2, Сæхуыгатæ – 1.

Архивы æрмæджытæм гæсгæ сбæлвырдгæнæн ис Ос-Бæгъатыры фырттæ Сидæмон, Цæразон, Кусæгон æмæ Агъуызæй рацæуæг къорд мыггаджы. Комитетмæ æвдыст гæххæттыты амындæуы, Уæлладжыры æхсæнады иу кæнæ иннæ цæрæнбынаты бындурæвæрæг чи у, раздæр дзы кæцы мыггæгтæ æрцард.

Курдиаттæ чи балæвæрдта, уыцы мыггæгтæ иууылдæр Ос-Бæгъатыры байзæддаг нæ уыдысты. Кæцыдæртæ рацыдысты Гуырдзыйæ, Ирыстоны Дыгуры кæнæ Куырттаты æхсæнадтæй, Кавказы æндæр рæттæй. Фæлæ уыцы рæстæг мыггæгтæ цардысты Ос-Бæгъатыры фыртты зæххытыл, æмæ уый байзæддæгтæн уæздæттыл сæ банымайынæн æмæ Уæрæсейы хицаудзинадæй уæлбартæ райсынæн фылдæр гæнæнтæ уыд. Гъемæ æппæт мыггæгтæ дæр тырныдтой Ос-Бæгъатыры байзæддаг уæвынмæ.

Нæдæр Уæлладжыры, нæдæр иннæ ирон æхсæнадты дворяйнаг уидæгтæ бæрæггонд не ‘рцыдысты. Иртæстой сæ суанг 1917 азы революцийы онг. Фæлæ уæддæр Ирыстоны Уæлладжыры æхсæнады раздзæуджытæн 1834 азæй фæстæмæ цавæрдæр уæлбартæ уыд, æмæ сын сæ Кавказы Æххæстбарджынтæй ничи фæкайдта.



**БРЫТЪИАТЫ Анжелæ**

ЦИГСИИ-йы хистæр наукон кусæг, филологон наукæты кандидат. 60 наукон куыстæй фылдæры автор. Иртасы ирон литературон аргъауы рæзтимæ баст фарстатæ. Архайдта цалдæр фольклорон экспедицийы.

# СЫВÆЛЛÆТТЫ ЛИТЕРАТУРÆ XX ÆНУСЫ КÆРОНÆЙ АБОНЫ БОНМÆ: ЙÆ УАВÆР, ЖАНРТЫ РАЙРÆЗТ, НОГ НÆМТТÆ

*Уац*

Сывæллæтты литературæ у нæ аивадон дзырдаивады егъау æмæ вазыгджын къабаз. Йæ райрæзты процесс алкæд иугъæдон нæ уыд: кæм-иу хæрды суад, кæм та-иу уырдыджы ныууад, уыдис дзы, æргомæй куы дзурæм, уæд, мидцоппайы рæстæджытæ дæр. Зæгъын хъæуы уый, æмæ æппæт уыцы фæлварæнты æмæ фæзындтыты сæрты ахызтысты æппæт национ литературæтæ дæр. Зæгъæм, дагестайнаг литературæиртасæг Фатыма Мухамедовайы хъуыдымæ гæсгæ, XX æнусы 80-æм азты уыдонмæ дæр сывæллæтты литературæ уыд тынг зын уавæры: канд ног уацмысты, чингуыты нымæц нæ фæкъадддæр,  – фæцудыдта сæ хæрзхъæддзинад дæр: уый, кæй зæгъын æй хъæуы, баст уыд бæстæйы цы экономикон уавæр сæвзæрд, стæй æхсæнады цы æппæрццæг ивддзинæдтæ цыд, уыдонимæ. Уыцы азты дæргъы уацмысты цы цард æвдыст цыд æмæ æцæгдзинадæй цы уавæрты цардысты адæм, уыдон кæрæдзийæ тынг адард сты. Ахуыргонд уым уыны сывæллæтты литературæйы уавæры аххосæгтæ. Уыцы уавæры уыд нæ бæстæ æнхъæнæй дæр, æмæ уыцы къуылымпытæ фæзындысты царды, литературæйы, аивады алы къабæзты дæр*.

* Мухамедова Ф.Х. Дагестанская детская литература: Историко-литературный очерк. – Махачкала, 2001. – Ф. 10.

Ирон сывæллæтты литературæ дæр уыцы рæстæг йæ хуыздæр уавæры нæ уыд. Ног чингуытæ-иу стæмхатт фæзындысты дуканиты тæрхæджытыл, фæлæ, Хуыцау хорз, æмæ нæм уыдысты нæ журналтæ: «Мах дуг», «Ногдзау», «Фидиуæг». 80-æм азты кæрон – 90-æм азты цы уацмыстæ фæзынд ацы журналты фæрстыл, уыдоны автортæ уыдысты Дауырæ (Дауыраты-Сланты Зоя), Бырнацты Барон, Брытъиаты Аслæнбег, Цомайты Ростислав, Гæбæраты Тенгиз, Хъантемыраты-Джимиты Кларæ, Дзуццаты Зæлинæ, Будайты Милуся æмæ иннæтæ. Уæдæ нæ зындгонд фысджытæй дæр бирæтæ разæнгарддæрæй фыссын райдыдтой рæзгæ фæлтæрæн, уыдонимæ Хуыгаты Сергей, Багаты Лади, Ситохаты Саламджери, Айларты Измаил, Малиты Васо. Ног уацмыстæй сабиты зæрдæтæ раздæрау рухс кодтой сæ рагон хæлæрттæ, курдиатджын фысджытæ Хозиты Макар, Чеджемты Геор, Дзасохты Музафер, Хъазиты Мелитон, Бязырты Роланд æмæ иннæтæ.

Уыдон дарддæр хæццæ кодтой, сæ размæ цы фысджытæ уыд куыд уырыссаг литературæйы, афтæ ирон литературæйы дæр, уыдоны традицитæ, сæхæдæг бындурæвæрæг систы ног традицитæн дæр. 80-æм азты онг цы жанрты фыстой – литературон аргъау, уацау, радзырд, поэзийы алы хуызтæ, басня, уыдонæй уæлдай ма фæзындысты ногтæ дæр; уыцы уацмыстæ фæзындысты алы жанрты баиуы бындурыл, фæзынд нæм фэнтези кæй хонынц, уыцы литературæйы хуыз дæр.






Æппæтæй цымыдисагдæр рæзгæ фæлтæрæн, уæлдайдæр та кæстæр кары сабитæн, у **аргъау**. Фысджыты дæр йæхимæ тынг æлвасы ацы жанр. Чи зоны, æмæ дзы авторы фантазийы гæнæнтæн æгæрон тыгъдад кæй ис, уымæй: реалон царды уæвæн цæмæн нæй, уый æвдисгæйæ, фыссæгæн амал ис йæхи ног дуне саразын, царды йæм хорз æмæ æвзæр цы кæсы, уый æдæрсгæйæ равдисын. Литературон аргъау куы фæзынд, уæд тынг хæстæг лæууыд фольклорон аргъаумæ йæ сюжеттæм, мотивтæм, суанг йæ персонажты системæмæ гæсгæ дæр. Фæстæдæр ахызт жанры фæлгæттæй, райста символикон-философон æмбисонды (притчæ кæй хонынц уырыссагау, уый) æууæлтæ, фенгомдæр таурæгъы, новеллæйы жанртимæ. Нырыккон литературон аргъæуттæ сты дыууæ хуызы: сæ иутæ раздæрау æнцой кæнынц фольклорон традицийыл, зæгъæм, Хъайтыхъты Азæмæты, Дзабайты Таисæйы, Батырты Алыксандры, Хъантемыраты-Джимиты Кларæйы («Æмбисонды авд айдæны») аргъæуттæ. Иннæтæ дæрдгомау акъахдзæф кодтой традицион аргъауы арæнтæй: уыдоны уацмыстæ сты символикон-философон æмбисæндтæ-притчæтæ (Джимиты Кларæйы «Бæдул æмæ цæргæсы аргъау», Дзуццаты Зæлинæйы «Цæргæс æмæ сырддонцъиу», «Раттаджы къух райсаг у, кæнæ уызын æнæ кæрцæй куыд баззад», «Стъалыджын фæндаг», Хъазиты Мелитоны «Цардæттæг æнгуз»), Бязырты Роланды аргъæуттæ æмæ а.д.

Уый 90-æм азты. XXI æнусы райдианæй нырмæ сывæллæттæн цы чингуытæ цæуы, уыдоны нымæц фылдæрæй-фылдæр кæны. Мыхуыры рацыдысты Будайты Милусяйы «Сауадонæ» (2003), «Тетейы радзырд» (2007) æмæ «Бабай аргъæуттæ» (2010), Хъазиты Мелитоны «Цатыр» (2012) (хаст æм æрцыдысты сывæллæттæн фыст уацмыстæ дæр), Бызырты Роланды «Айдæн» (2013), Джыккайты Бэллæйы «Сызгъæрин хъуырау» (2013), «Тулдзхъæды сусæгдзинад» (2018), «Алæмæттаг сис» (2019), Бекъойты Маяйы «Ногазон лæвæрттæ» (2021) æмæ ма бирæ æндæртæ. Раст зæгъгæйæ мæм фæрстытæ ис сæ иуты аивадон фæлыстмæ. Зæгъæм, Бекъойты Маяйы чиныг «Ногазон лæвæрттæ» (2021) мыхуыргон у тынг хæрзхъæд гæххæттыл, ис дзы ирд нывтæ. Фæлæ уыцы нывтæ ист сты алы рæттæй, сæрмагондæй уацмыстæм конд не сты. Æмбарын ын йæ аххосаг дæр: цæмæй чиныгæн уа сæрмагонд нывгæнæг, уымæн æхцайы фæрæзтæ чысыл нæ хъæуы, фæлæ уæддæр равзарæн уыд, кæрæдзимæ хæстæгдæр чи лæууы сæ стильмæ

гæсгæ, ахæм нывтæ. Ам Митын Дада иу фарсыл у европæйаг, америкаг Санта Клаус, иннæ ран – уырыссаг Дед Мороз, аннæ ран та – цæгатаг адæмты Митын лæг æмæ а.д. Уый чиныджы мидисыл нæ фæзынд, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, сывæллæттæн фыст чиныджы хъуамæ ныв æмæ уацмыс кæрдзиимæ фидауой, хъуамæ иу æвзагыл дзурой.

Ныртæккæ уырыссаг, стæй дунеон дзырдаивады дæр тынг æргом здæхт цæуы психологимæ. Литературæ æмæ психологийы цæдисæй рауайы, сабитæн сæ цавæрдæр зындзинæдтæ аиуварс кæнынæн ахъаз чи у, ахæм уацмыстæ, уырыссагау сæ хонынц «терапевтические сказки», психологийы уыцы къабаз та хуынд æрцыд «сказкотерапия». Уыцы хабæрттæ нырма куы нæма апарахат сты, уæддæр нæ литературæйы уыд уацмыстæ, ахæм хуызы кæмæй уыд спайдагæнæн. Уыдон сты, кæй зæгъын æй хъæуы, Чеджемты Георы уацмыстæ («Уæртджынхæфс æмæ йæ сыхæгтæ», «Зæрин-дзывылдар» æмæ а.д.), бафтыдисты ма сыл абоны бон Дзуццаты Зæлинæйы, Будайты Милусяйы, Джыккайты Беллæйы æмæ иннæ дзырддæсныты уацмыстæ. Уыдон психологимæ хæстæгдзинадæй дарддæр хæццæ кæнынц Георы традицитæ, автортæ стыр æргом здахынц сæ хъайтарты миддуне равдисынмæ, æргом сын кæнынц сæ сагъæстæ, сæ мидхъуырдухæн, уымæн та сын ахъаз сты персонажты мидмонологтæ. Зæгъæм, Беллæйы аргъау «Уагъылы къутæр æмæ къæдзбазыр мыдыбындз» у лирикон аргъау, йæ сæйраг хъуыды ис уый мидæг, куыд ахсджиаг у, цæмæй дæ фарсмæ бахъуаджы заман уа, йæ цæстуарзон ныхасæй дын дæ тыхыл тых чи æфтауы, кæй зæрдæбын ахасты фæрцы бауæнддзынæ дæ тыхтыл, дæ хъарутыл, ахæм хæлар; цæмæй дын дæ рæдыд дæ цæстмæ ма бадара, фæлæ дын æй цæстуарзонæй бацамона. Уый у æнæныфс Уагъылыйы, стæй зæрдæбын, цæстуарзон дзырдæн цы тых ис, уый хабар.

XXI æнусы райдиан фæзынд фэнтезийы жанры фыст чи æрцыд, ахæм уацау-аргъау «Приключения Солнечной девочки нартов». Уацмысы кой мæ раздæры куыстыты уыд, уымæ гæсгæ йыл бæстон нал дзурдзынæн, фæлæ уæддæр – дыууæ ныхасы. Аргъау фыст у Нарты кадджыты бындурыл; кæд уырыссаг æвзагыл фыст у, уæддæр ирон у йæ æрмæгмæ, авторы удыскондмæ, йæ миддунейы фæзилæнтæм гæсгæ. Ацы уацмыс тынг ахсджиаг у, нарты дунемæ кæй «æрвиты» чиныгкæсæджы, уымæй. Чи зоны, йæ кæсджытæй искæй сразæнгард кæна «Нарты кадджытæ» къухмæ райсынмæ, цæмæй ба-

зоной, уацмысы хъайтартæ чи сты, цы миниуджытæ сæм ис æмæ а.д. Сывæллæттæн цымыдисаг у йæ сюжет, хистæр карæй йæ чи бакæса, уыдоны та йæ философон апп хъуыдытыл бафтаудзæн.

**Уацау**. Ацы жанр егъау бынат ахста ирон сывæллæтты литературæйы XX æнусы 60–80-æм азты. Уыцы азты ирон фысджытæй рæзгæ фæлтæрæн уацауы жанры чи фыста, уыдонимæ сты Дзадтиаты Тотырбеджы, Мамсыраты Дæбейы, Цæгæраты Максимы, Сечъынаты Ладемыры, Айларты Измаилы, Цæрукъаты Валодяйы, Айларты Чермены, Тотраты Русланы, Хъариаты Тамарæйы, Дзасохты Музаферы, Хъазиты Мелитоны æмæ иннæты нæмттæ. Цы темæтыл фыстой, уыдоны ‘хсæн та – патриотизм, æрыгон адæймаджы миддунейы рæзт царды зындзинæдты, хистæртæ æмæ кæстæрты ахастдзинæдтæ, зæронд æгъдæуттæ æмæ ног царды ныхмæвæрдтæ æмæ а.д.

Уырыссаг литературæйы егъау бынат ахсынц скъолайы царды тыххæй уацаутæ (М. Прилежаевайы «Семиклассницы», В. Осеевайы «Васек Трубачев и его товарищи», Н.Н. Носовы «Витя Малеев в школе и дома», А. Алексины «Безумная Евдокия», В. Железниковы «Чучело» æмæ а.д.). Ирон литературæйы уыцы жанр уæвгæ дæр нæй. Уыимæ афтæ нæ зæгъдзынæ, æмæ нæ литературон уацмысты скъолайы кой æппындæр нæй. Ис, кæй зæгъын æй хъæуы, фæлæ куыд жанр «школьные повести», зæгъгæ, ахæм нæм нæй.

Уый канд махмæ афтæ нæу, дагестайнаг литературæты тыххæй ахæм хатдзæгмæ æрцыд Фатыма Мухамедова дæр. Уый хъуыдымæ гæсгæ йæ аххосаг у, фыссæгæй скъолайы æхсæн егъау дæрддзæг кæй ис, уый; стæй националон литературæты кæй ныффидар ахæм хъуыды, зæгъгæ, адæймаджы уды рæзты егъаудæр бынат бинонтæ кæй ахсынц, скъолайæн йæ нысаниуæг уыйбæрц нæу[*]. Чи зоны, афтæ дæр у… Фысджытæ фылдæр æвдисынц сæ чысыл хъайтарты, скъолайимæ баст чи нæу, ахæм уавæрты. Фæстаг азты ацы жанры ма мыхуыры рацыдысты Агънаты Гæстæны «Бæх куыдта…» (2010) æмæ Бицъоты Гришы «Фатимæ, Блу æмæ дзибатæ» (2008).

Гæстæны «Бæх куыдта…» у арф психологон уацмыс, фыст у сæйраг хъайтары мидмонолоджы хуызы. Цæрæгойтæм ахасты фæрцы йын автор дæсны раргом кæны йæ уды катай, йæ зæрдæйы рыст. У тынг эмоционалон. Мзокты Аслæнбеджы хъуыдымæ гæсгæ, йæ аивадон

[*] Уый дæр уым. Ф. 182.

æмвæзадмæ, стæй йæ хъомыладон ахадындзинадмæ гæсгæ хъуамæ хаст æрцæуа скъолайы ахуырадон программæмæ. «Сывæллæттæн фыст уацмысты ‘хсæн бирæ нæ разындзæн ахæм бæрзондидейон уацмыстæ», – фыссы уый*.

XX æнусæй абоны онг литературон жанртæй тæккæ рæвдздæр чи рæзы, егъаудæр къахдзæфтæй чи цæуы размæ, уыдон сты, кæй зæгъын æй хъæуы, радзырд æмæ æмдзæвгæ, уыдон тагъддæр ацахсынц, рæстæджы дымгæ кæцырдæм дымы, цавæр ивддзинæдтæ цæуы æхсæнады царды, адæймаджы миддунейы, уый.

Сывæллæттæн фыст **радзырдтæн** алывæрсыг у сæ тематикæ: æрдзыл аудыны, скъола, бинонтæ æмæ æмгæрттæ цы хуызы фæзынынц рæзгæ адæймаджы удысконды, миддунейы рæзтыл æмæ а.д.

Бирæ ног нæмттæ фæзынд сывæллæтты дзырдаивады фæстаг 30 азы (чи зоны, се ‘ппæт ног нæмттæ не сты, фæлæ, хъыгагæн, нæ хуссайраг фысджыты чингуытæ хатт махмæ хæццæ дæр нæ равæййынц, æрæгмæ базонгæ вæййæм семæ. Хуыцау хорз, æмæ нæм фæзынд сайт «Бæрзæфцæг». Бузныг йæ саразæг Кудзаты Асланæн, – уый стыр æххуыс кæны ирон чиныгуарзджытæн, литературæиртасджытæн). Радзырды жанры чи архайы, уыдонимæ: Наниты Асиат («Дыууæ гæлæбуйы», 2002), Гæбæраты Тенгиз («Хивæнд тыртына», 2009), Джиоты Катя («Айрæзут, мæ чысыл хуртæ», 2008; «Ӕгæнон чызджытæ», 2011), Мамсыраты Мурат («Ну, погоди!..», 2010), Бязырты Роланд «Айдæн» (2013), Джусойты Майæ («Фыстæг Митын Дадамæ», 2015) Гæззаты Иван («Радзырдтæ сывæллæттæн», 2017), Джиоты Джетæ («Радзырдтæ сывæллæттæн», 2018). Бекъойты Майæ («Уасæг», 2019) æмæ иннæтæ. Ранымад авторты уацмыстæн сæ фылдæр хай фыст у кæстæр кары скъоладзаутæн. Сæ хъайтартæ сты чиныгкæсджытæн сæхи цахъхъæн. Автортæ сæ уацмысты рæгъмæ рахæссынц, сæ чысыл хъайтартæ царды фæлтæрдзинад цы цаутæй исынц, ахæм юморæй дзаг нывтæ. Автортæ цæстуарзон уайдзæф кæнынц сæ персонажтæн сæ рафауинаг æууæлты тыххæй: магуса, зивæггæнджытæн. Иннæты дзурынц, чиныгкæсæгæн цæвиттойнаг чи у, сæ хъайтарты уыцы раппæлинаг хъуыддæгты тыххæй. Зæгъæм, цыбыр радзырдты жанры æнтыстджынæй архайы Бекъойты Майæ («Уасæг», 2019). Уый æвдисы хæрз чысыл сабитæ куыд тырнынц сæ алфамбылай дуне бамбарынмæ,

* Мзокты А. Агънаты Гæстæны уацау «Бæх куыдта…»-йы аивадон фæрæзтæ æмæ сæ ахадындзинад. // Рухстауæг. 2019. № 2. Ф. 35

базонынмæ, æвдисы сын сæ ахастдзинæдтæ кæрæдзиимæ, хистæртимæ.

Фыццаг къахдзæфтæ чи акодта ирон дзырдаивады, уыдонæй уæлдай сæ курдиат æнæвгъауæй раздæры азтау рæзгæ фæлтæрæн лæвар кодтой æмæ кæнынц Хуыгаты Сергей, Дзасохты Музафер, Малиты Васо, Чеджемты Геор (чи нал ис, уыдон рухсаг уæнт, иннæтæ та ма бирæ азты дæргъы рухс кæнæнт сæ аивад уарзджыты зæрдæтæ ног æмæ ног уацмыстæй). Уыдоны сфæлдыстад егъау бавæрæн у ирон дзырдаивады хæзнадонмæ. Сæ размæ чи фыста (Саламты Алихан, Гаглойты Владимир, Айларты Измаил, Хъуппеты Мысост, Гуырдзыбеты Барис), уыдоны, стæй уырыссаг классикты (Н.И. Сладков, М.М. Пришвин, В.В. Бианки, К.Д. Паустовский æмæ иннæтæ) фæлтæрддзинадыл æнцогæнгæйæ, нырыккон фысджытæ дарддæр кæнынц «æрдззонæн литературæйы» традицитæ. Экологийы фарстатæ кæддæриддæр актуалон уыдысты, ныртæккæ сын, хъыгагæн, схонæн ис рæстæджы риссагдæр фарстатæ. Фæстаг азты дзырдаивады ацы къабазы цы чингуытæ æмæ прозаикон уацмыстæ фæзынд, уыдонимæ – Гуырдзыбеты Барисы «Сæгуытты балц» (2008), Хозиты Хъуыдæберды «Дадойы кæсаг» (2013) æмæ æнд.

Нырыккон ирон фысджыты уацмыстæй бирæтæ хистæр фæлтæры фысджыты уацмыстау хъæздыг сты цымыдисаг æрдззонæн æрмæгæй,






стыр ахъаз сты йæ царды фæндагыл фыццаг къахдзæфтæ чи кæны, ахæм адæймаджы удысконды рæстæн.

**Поэзи** – дзырдаивады тæккæ активондæр æмæ мобилондæр хай. Йæ хуыздæр уацмыстæй уый дырыс дæгъæлтæ ссары чиныгкæсджыты, поэзи уарзджыты зæрдæтæм. Тематикон æгъдауæй йын аргъ куы кæнæм, уæд та куыд раздæры азты, афтæ ныр дæр, æмдзæвгæты дзырдæуы æрдзы рæсугъддзинадыл, фæллойыл, хæлардзинадыл. Уыдон ахуыр кæнынц, рæстæджы цыдимæ чи нæ ивы, кæнæ та, растдæр уыдзæн, чи хъуамæ ма ива, уыцы хорздзинæдтыл: рæстзæрдæ, цæстуарзон, æххуысмæ цæттæ уæвын, хистæртæн аргъ кæнын, лæмæгъдæры ма æфхæрын æмæ а.д. Æмткæй куы дзурæм XX æнусы кæроны æмæ XXI æнусы кæроны поэзийы тыххæй, уæд зæгъын хъæуы уый, æмæ цух у идеологон риторикæйæ, лозунгтæй, йæ уидæгтæ арф ацыдысы адæмон сфæлдыстады тыхдæттæг мæры, уыимæ алы фыссæджы сфæлдыстад дæр у уникалон.

Поэзийы эстетикон æмæ этикон авналæнтæ ахсджиаг мадзал сты хъомыладон куысты, æххуыс сты канд алфамбылай дуне нæ, фæлæ адæймагæн йæхи базонынæн дæр. XX æнусы кæронæй сывæллæтты литературæ, сæрмагондæй та поэзи разæнгард къадзæфтæй цæуы размæ. Мыхуыры рацыдысты сабиты рагон хæлæртты чингуытæ æмæ хицæн уацмыстæ журналты, газетты фæрстыл. Сæ чингуытæй ирон чиныгкæсæджы зæрдæтæ барухс кодтой: Балаты Альберты «Хъазынц сабитæ хæстæй» (1994) æмæ «Уызыны зарæг» (2014), Айларты Чермены «Сагты хæрæндон» (1997), Баситы Мысосты «Хур æмæ гæлæбу» (1998), Багаты Ладийы «Дзураба» (2012) æмæ «Æмхуызон лæппутæ» (2015), Хъазиты Мелитоны «Саг» (2000) æмæ «Хиппæлой мыст» (2002) Айларты Измаилы «Нæ фæстагæттæн» (2015 азы), Брытъиаты Аслæнбеджы «Гимн рассвету» (2018) æмæ «Хуры тынтæ» (2019) Гуцмæзты Алешы «Рохсана» (1999) æмæ Уырымты Петры «Сабиты цин» (2018) æ.а.д.

Нæ сывæллæтты литературæйы поэтикон дунейы уыцы рæстæг фæхъæздыгдæр куыд ног нæмттæй, афтæ фæлтæрдджын поэтты ног уацмыстæй дæр: Куыдзæгты Валодяйы «Гæбæцийы хабæрттæ» (1995), Дауырæйы (Дауыраты-Сланты Зоя) «Мæ чысыл хуртæн» (1990), «Мæ къонатæн мæ хуртæн» (2002), «Мæргъты паддзах» (2006), «Æз æмæ ды» (2011), Хæуытаты Къостайы «Æрдз æмæ сывæллæттæ» (2004), Соттиты Риммæйы «Зивæггæнаг гæды» (2007), Бырнацты Бароны

«Хуры уазæг» (2014), Хозиты Макары «Гино, Гино, гис…» (2002) æмæ «Фараст булæмæргъы» (2008), Будайты Милусяйы «Суадон» (2003), Бызыккаты Земфирæйы «Хуры кафт» (2008) æмæ «Уæлæрвты чызг» (2012); Будайты Аслæнбеджы «Бабай хортæ» (2018), Хохойти Энверы «Страна детей» (2009), «Къапа-къуппа» (2021) æмæ иннæтæ, Гетъоты Викторы «Цæргæсты кафт» (2012), Къибирти Амурханы «Дзубу, дзубу, дзубулдар» (2023). Къорд чиныджы рацыд Хъауыраты Дауырæн: «Бускайы аргъау» (2000), «Барæг» (2009), «Гакк-Гукк» (2012), «Цъырцъыраджы зарæг» (2013). Уæдæ ма уымæй уæлдай «Ногдзау»-ы, «Мах дуг»-ы, «Фидиуæг»-ы, газетты мыхуыргонд цыд тынг бирæ поэтикон уацмыстæ (Хуыгаты Сергейы, Мæргъиты Венерæйы, Скъодтаты Эльбрусы, Гæхаты Æхсары æмæ иннæты æмдзæвгæтæ). Тынг райрæзт поэтикон базон-базонты жанр дæр (Айларты М., Хозиты М., Даурæ (Даураты-Сланты З.), Айларты Ч., Хохойты Э., Къибирты А.).

Ныртæккæйы компьютерон дуджы æнцон нæу чиныгкæсæджы æргом дæхимæ раздахын, фæлæ уæддæр нæ сæтты сæ ныфс нæ фысджытæн, нæ поэттæн, сæ зæрдæ дарынц, дуг кæй раивдзæн. Хуыцау зæгъæд! Кæддæр уырыссаг литературæйы классик Лев Толстой афтæ загъта: «Если уж писать, то только тогда, когда не можешь не писать». Не ‘ппæт дæр æй зонæм, кæсынц æви нæ ныртæккæ рæзгæ фæлтæр чингуытæ, уый. Уæдæ ирон чиныг йæ къухмæ чи райсдзæн, ахæм сывæллæтæ та – цырагъы рухсмæ агуринаг, хъыгагæн. Ахæм уавæрты, мæнмæ гæсгæ, фысдзæн æрмæст ахæм фыссæг, поэт, фыссын улæфынау кæмæн у. Ирон поэттæ сæ ирд фæлгонцтæй, зылланггæнаг рифмæтæй æмæ ритмæй, рæзгæ фæлтæры психологийы æууæлтæ хынцгæйæ, æххæст кæнынц сæ размæ цы вазыгджын хæс сæвæрдтой, уый – сывæллоны уды сыгъдæгдзинадыл тох кæнын. Уæлдай цымыдисагдæр, зæрдæмæисгæдæр рауайынц сæ сатирикон, юмористон уацмыстæ, уæлдайдæр дзы комкоммæ «Афтæ ма кæн, афтæ кæн» куынæ уа, уæд, – уыдон арфдæр айсынц сæ зæрдæтæм сабитæ.

Мæнмæ гæсгæ, поэт хъуамæ хæстæгдæр уа йæ чиныгкæсæгмæ. Хорз уаид, куы æмбæликкой скъоладзаутимæ, куы сæ хониккой ахуыргæнджытæ скъолатæм… «Мах дуг»-ы кусджытæ уыцы хъуыддаджы тынг рæсугъд къахдзæфтæ кæнынц: æмбæлынц ахуырдзаутимæ, студенттимæ. Тынг цымыдисаг рауайынц сæ фембæлдтæ. Иу-дыууæ адæймаджы куы сразæнгард кæной чиныг къухмæ райсыныл, уæддæр уый æнтыстыл




банымайæн ис. Афтæ фæзæгъынц, æцæг поэт, дам, у ахæм кардзыд адæймаг, йæ сабибонтæ рох кæмæй не сты, уымæ гæсгæ йын царды алы чысыл фæзилæн дæр у ахсджиаг, хъусы йæ, уырыссагау «внутренний ребенок», зæгъгæ, кæй хонынц, уый хъæлæс; уыимæ цардæн йæ фæзындтæн аргъ кæны йæ кары, йæ фæлтæрддзинады бæрзæндæй. Æрдзон æгъдауæй йæ уды, йæ зæрдæйы, йæ хъуыдыкæнынады кæрæдзиимæ хорз фидауынц йæ дыууæ уыцы хайы: кардзыд æмæ саби. Уыцы æууæлæй хайджын сты нæ курдиатджын поэттæй бирæтæ – ссарынц хъæугæ æмæ зæрдæмæхъаргæ ныхæстæ, цæмæй сабитæн бамбарын кæной, цы у хорз æмæ цы у æвзæр.

**Сывæллæты драматурги** литературæйы иннæ къабæзтæй иучысыл фæсте аззад. Уый æнæ фæзынгæ нæу театр «Саби»-йы репертуарыл дæр. Фæлæ уæддæр архайынц, цæмæй сценæйыл æвæрд цæуой националон спектакльтæ: актертæ, режиссертæ сæхæдæг фыссынц инсценировкæты сценаритæ. Уыдон сты Нарты кадджыты, адæмон аргъæутты мотивтæм гæсгæ æвæрд спектакльтæ (хъыгагæн, уырыссагау).

Афтæ зæгъæн нæй, æмæ сывæллæттæн фыст пьесæтæ æппындæр нал ис, фæлæ йæ уавæр бæллиццаг кæй нæу, уый дызæрдыггаг нæу. Адæмон сфæлдыстады бындурыл фыст сты Хæмыцаты Цæрайы «Паддзахи кизгæ», Хуыбецты Райæйы «Фын», Ходы Камал æмæ Кокайты Тотрадзы «Æнахуыр хæйрæг», Тотрадзы «Къуындзих æмæ Къуындзила», «Сырдоны хинтæ», Хъазиты Мелитоны «Гæдыла паддзах». Цæмæй сты цымыдисаг. Зæгъæм, Хуыбецты Райæйы «Фын» æмæ Кокайты Тотрадзы «Сырдоны хинты» æддæг-мидæг ауадысты дыууæ рæстæджы дыууæ тыгъдады: нырыккон æмæ эпикон. Сæ иуы лæппу йæ фыны бахауд нарты бæстæм. Иннæйы та Сырдон æрбахауд нарты рæстæгæй æмæ бæстæй мах рæстæгмæ.  Æмæ дзуры сабитæн нарты хабæрттæ. Сты цымыдисаг пьесæтæ.

**Тæлмацгонд уацмыстæн** дæр егъау у сæ ахадындзинад литературæйы рæзты. Цы рæстæг иртасæм, уыцы рæстæг ирон æвзагмæ ивд æрцыдысты Андерсены «Фыдхуыз бабызы цъиу» (йæ тæлмацгæнæг – Ходы К, 1989), «Михалковы «Ног азы чи æрцыд, ахæм æцæг хабар» (йæ тæлмацгæнæг – Бады Хъ., 2007), Дзасохты Музафер кæй ратæлмац кодта, уыцы уацмыстæн та уæдæ сæ нымæц дæр зын банымайæн у: Линдгрены «Саби æмæ Карлсон», Распэйы «Барон Мюнхгаузены хабæрттæ» æмæ «Том Сойеры æнахуыр хабæрттæ», Дж. Родарийы «Чипполинойы æнахуыр хабæрттæ», П. Трэверсы «Мэри Поппинс», Э. Успенскийы «Кæхъуындар Генæ æмæ йæ хæлæрттæ», Эрнест Сет-Томпсоны, В. Распутины æмæ иннæ классикты уацмыстæ. Ацы уацмыстæй нæ тæлмацгæнджытæ зынгæ фæхъæздыгдæр кодтой нæ литературæ, уымæн æмæ, Дзапарты Лизæ куыд фыссы, афтæмæй «аивадон уацмыстæ æндæр æвзæгтæм тæлмацгонд куы цæуой, уæд чиныгкæсæгæн канд фæсарæйнаг фыссæджы аивадон дуне нæ байгом вæййы, фæлæ ма ам бынат ис сфæлдыстадон фæлтæрддзинады, темæты, идейæты фæлгонцты æндæвдадæн».

Нырыккон фысджытæ сæ уацмысты, нæ классикты традицитыл æнцой кæнгæйæ, уæндон къахдзæфтæ кæнгæ цæуынц размæ, агурынц ног фæндæгтæ сæ чиныгкæсджыты зæрдæтæм, ног мадзæлттæ сæ хъуыдытæ, æнкъарæнтæ раргом кæнынæн. Цы ахсджиаг темæтыл дзурынц (бинонты æмæ æмгæртты æхсæн ахастытæ, хи бамбарын æмæ царды раст фæндаг равзарын æмæ а.д.), уыдон нæ автортæ æвзарынц сæ чиныгкæсджыты кар æмæ сæ психологон хицæндзинæдтæ хынцгæйæ. Рæзынц æппæт жанртæ дæр, чи – тагъддæр, чи – сындæгдæр, фæзынынц ног жанртæ… Кæй зæгъын æй хъæуы, ранымад уацмыстæ иууылдæр бæрзонд аивадон æмвæзадыл фыст не сты. Фæлæ абон мæ разы критикы хæс нæ уыд æвæрд, фæндыд мæ равдисын, нæ ирон сывæллæтты литературæ цардхъом кæй у, цардимæ кæй архайы æмдзу кæнынæй. Уый та стыр ныфс дæтты, бæллиццаг фидæн ын кæй ис, уыцы хъуыдыйæн.

*БРЫТЪИАТЫ Анжелæ*

# НОГ АЗ! ДÆ ФÆДЗÆХСТ – МÆ БÆЛЛИЦТÆ!

* * *

Хъысмæт дæ сныв кодта æндæрæн?
Цы зæгъон æз? Цы у мæ бон?!.
Фæкæнæд æй Хуыцау хуыздæрæн –
Дæ цард дын ма фестæд зындон.

Уадз уон дæ амондæн æвдисæн;
Мæ уарзт дæ батавæд хъызты,
Æнтæф бон дын уæд донхæрисау,
Æндон уарт басгуыхæд хæсты.

*2000 аз*

## ФЫСТÆГ

Денджызы уылæн дæ узæд йæ хъæбысы,
Мады рæвдыдыл уæд абаргæ ‘рмæст.
Зымæджы хъызт бонты хъуамæ æрымысай,
Хур дæм куыд ныкъуылдта уарзгæ йæ цæст.

Царды цин садзæд дæ зæрдæйыл базыртæ,
Цæстытæ калæнт æдзухдæр цæхæр;
Афоныл фехъус дæ уарзонæй: «Уарзын дæ».
Абоны бонæй дæ сом уæд хуыздæр.

*2004 аз*

* * *

Ног аз! Дæ фæдзæхст – мæ бæллицтæ!
Ма та мæ фæсай ды дæр,
Байтындз æнæвгъау дæ къæбицтæ,
Амæндтæй равзар хуыздæр.

Фидар, æнгом куыд уой бинонтæ,
Зæрдæ та – рухс фæндтæй дзаг;
Бæркæдтæй мин-мины – иннæтæн,
Махæн та – ‘рмæстдæр нæ фаг.

Ирыл нæ зæдтæ ‘мæ дауджытæ
Дарæнт æдзухдæр сæ арм.
Хъуысæнт цъæх арвы бын зарджытæ,
Къонатæй ма сæфæд хъарм.

*2004 аз*

* * *

Æхсæвы тары стъалытæ нымайын –
Нæ мæ сайы йæхимæ ахсæв баз.
Мæ цард æппæтæй цæстыты раз уайы,
Мæ зæрдæ та æрвдзæф бæласау – фаз.

Фæнды мæ тынг, куы фестин æз стъалы…
Куы баззаид мыл базыртæ уæд та…
Æрбайсæфин уæд арвы арф тыгъдады.
Уæд дæр мæ ды нæ мысдзынæ, зæгъ-ма?

*2006 аз*

* * *

Царды зилдухæнты уайæм:
Чи – уæнгрогæй, чи – тыххæй.
Мах æмгары цинæл райæм:
Чи – зæрдæйæ, чи – дзыхæй…

Иуæн у йæ царм хæлынæй, –
‘Нкъары алкæмæн йæ рис.
Иннæмæн  – бæзджын æлыгæй, –
Йе стыр мæт – йæ ис, йæ бис.

Иу йæ арм фынгæн фæдары,
Уазæгæн йæ хæдзар – гом.
Аннæ – ‘ддæгуæлæ хæдзары,
Фæлæ дын нæ ратдзæн сом.

Царды алы бон – фæлварæн,
Алкæй бон æй раттын нæу.
Айс æй тынг зынаргъ лæварæн,
Царды зынтæн фидар лæуу!

Макуы ‘рхæсс, мæ хур, дæ сæрмæ
Ды мæнгарддзинад, фæлывд.
Ма бамбæхс фæдисы хъæрмæ,
Бахъуыд де ‘ххуыс – лæуу уæд цырд.

*2024 аз*

# ЦÆРУКЪАТЫ АЛЫКСАНДРЫ НЫВТÆ

*Уац*



Цæрукъаты Алыксандр куыд фыссы, афтæмæй, 1940 азы сæрды Цæгат Ирыстоны паддзахадон институт каст куы фæци, уæд Хъазыбегты Хъазыбегимæ æмæ Бесаты Тазеимæ уыд фольклорон экспедицийы Дыгургомы. Экспедицийы уæнгтæ æнæхъæн мæй æмбырд кодтой фольклорон æрмæджытæ. Уыцы иу рæстæг Алыксандр къʼрандасæй ныв кодта кадæггæнджыты, зæронд адæмы, мæсгуытæ, цыртытæ, дзуæрттæ. Ацы æрмæг радта ЦИГСИИ-йы наукон архивмæ. Фольклорон уацмыстæй зарджытæ, таурæгътæ, кадджытæй цалдæр хаст æрцыдысты Салæгаты Зояйы арæзт «Ирон адæмон сфæлдыстад»-ы дыууæ томмæ (1960-1961). Нывтæ та 1940 азы мыхуыры рацыдысты журнал «Пионер»-ы (ныртæккæ – «Ногдзау»). Ацы æрмæгмæ равзæрстам цалдæр нывы, «Дыгуры кувæндæттæ æмæ сæ миниуджытæ», зæгъгæ, уыцы темæйыл.



Нарты ныхас, хъæу Къумбултæ, 20.07.1940 аз



Рæхыс, хъæу Доныфарс, 20.07.1940 аз



Къумбулты дзуар, хъæу Къумбултæ, 20.07.1940 аз




Дзинагайы зæппæдзтæ, 20.07.1940 аз





*Æмбæлттæ Тедтойы-фыртмæ, Ф. Яковенкомæ,*
*Хъайтыхъты Геормæ*

*Цæгат Ирыстоны Ахуырадон-Иртасæг институтæй, Фысджыты Цæдисæй, партион организацийæ æмæ сымах æппæт кусджытæй дæн стыр бузныг уæ арфæдзинады тыххæй.*

*Немыцаг фашистон æфсæдты бынтондæр ныддæрæн кæныныл æмæ нæ цытджын советон райгуырæн бæстæйы фæуæлахиздзинадыл хæстыты мах, нæ цардыл нæ ауæрдгæйæ, тæккæ ныфсджындæрæй знагæн кæндзыстæм ноджы хъаруджындæр æмæ бæрзæйсæттæндæр цæфтæ æмæ йæ æнæмæнг фесафдзыстæм.*

*Уе ‘ппæт коллективтæн дæр мæ зæрдæбынæй фæнды æнтыстдзинæдтæ куысты мидæг нæ райгуырæн бæстæйы пайдайæн.*

*Æрвитын большевикон салам æмæ тæккæ хуыздæр фæндондзинæдтæ.*

*Фидарæй уын исын уæ къухтæ.*

*Советон Цæдисы Хъайтар,*
*Гвардийы инæлар-лейтенант*
*Плийы-фырт.*
*1944 азы 13 май*

# ИРОН ФОЛЬКЛОР ЦÆРЫ ÆМÆ ЦÆРДЗÆН…

*Цардæй ист хабæрттæ*

## ТАУРÆГЪТÆ ÆМÆ РАДЗЫРДТÆ КУВÆНДÆТТЫ ТЫХХÆЙ

### КУВÆНДОН

Зæронд Бæтæхъойыхъæуы ис ахæм кувæндон, адæм æй хонынц Амаддзаг. Афæдзæй-афæдзмæ тæккæ кæрдæгхæссæны бæрæгбоны фæстæ хауы къуырисæрмæ. Зæронд хъæуы адæм æрæмбырд вæййынц кувæндоны. Чи куыд хæццæ кæны, афтæ алчи дæр кæрдæджы цупал тоны æмæ йæ хъуамæ æрæвæра, дзæппазы алыварс цы сис и, уыл. Уыцы рæстæг, раздæр чи æрбацыд хистæр сылгоймæгтæй, уыдон дзæппазы алыварс кæнынц цоппай, æмæ сылгоймæгтæ хъуамæ æрцоппай кæной кувæндоны алыварс æртæ хатты. Фынгтæ арæзт куы æрцæуынц, уæд адæм æрбадынц æмæ скувынц, вæййы дзы хъазт дæр, заргæ дæр дзы фæкæнынц. Кувæндонæй куы цæуай, уæд дæр хъуамæ ратонай кæрдæджы цупал æмæ йæ æрæвæрай кувæндоны сисыл æмæ та æртæ хатты кувæндоны алыварс æрцоппай кæнай, æмæ уæд дæ бон ацæуын у. Хонынц ма йæ Окруаты кувæндон.

Хистæртæ афтæ дзурынц, кæддæр раджы Окруаты мыггагæй иу æрыгон лæппу уыцы ран хызта йæ фысты дзуг, æмæ райдыдта тыхджын къæвда, арв æмæ зæхх сæхи кæрæдзийыл хостой. Лæппу фæтагъд кодта уырдæм, фæлæ йæ уыцы тæккæ ран арв æрцавта. Къæвда уарыд æмæ уарыд, зиан бавæрдтой, къæвдатæ та нал æмæ нал æнцадысты дыууæ мæймæ хæстæг. Хистæртæ уæд бацыдысты дæснымæ, æмæ сын уый куыд бацамыдта, афтæ бакодтой – уыцы мард лæппуйы уæлмæрдæй рахастой æмæ йæ, арв кæм æрцавта, уым бавæрдтой, йæ сæрмæ йын сарæзтой дзæппаз. Къæвдатæ фенцадысты. Уæдæй фæстæмæ зæронд Бæтæхъойы хъæуы кæнынц ацы бæрæгбон.

*Радзырдта йæ Алыккаты Р., 1952 азы гуырд.*
*Ныффыста йæ Дауиаты Т.,*
*Зæронд Бæтæхъо, 7.06.2022 аз*

# ХЕТÆДЖЫ КЪОХ КУЫД БАХЪАХЪХЪÆДТОЙ

Советон Цæдисы рæстæг хицауады уынаффæмæ гæсгæ адæмы кувæндæттæм нал уагътой. Хетæджы Къохы алыварс лæууыдысты хъахъхъæнджытæ æмæ нæ лæвæрдтой бар бацæуынæн. Уæд рабæрæг ис, æмæ кувæндоны бæлæстæ хъуамæ акалдтаиккой, – улæфынмæ дзы лагерьтæ саразын сфæнд кодтой. Уæд мæ фыд райсомæй раджы доны сæрты ахызти æмæ Хетæджы Къохмæ сусæгæй бацыд. Уым райсомæй изæрмæ зæрдæбынæй, йæ уæрджытыл лæугæйæ, фæкуывта, цæмæй уыцы знаггад ма бакæной æмæ кувæндон ма фесафой. Фæлæ йæ уæддæр базыдтой. Хъуыды ма кæнын: уыцы тыхстæй, нæ кæрты дыууæрдæм рацубацугæнгæйæ, йæхимидæг уайдзæф кодта кæмæндæр: «Ааа, уæдæ Хуыцауимæ тох кæнынмæ хъавут? Къохимæ тох кæнут? Уый кувæндон у! Уымæ æвналæн нæй! Уый уды рухс у! Кæсут-ма уæдæ, ницы уын дзы рауайдзæн!» Мæ зæрдæ йыл тынг фæрысти, фæлæ бафæрсын нæ бауæндыдтæн. Уæды рæстæг чи бауæндыдаид фыдмæ дзæгъæл фæрстытæ дæттын! Уый не 'мбæлыди, æнæуæздан мийыл нымад уыд. Æмæ йæ мæ мадæн радзырдтон. Тынг мæт кодтой кувæндоныл сæ дыууæ дæр. Мæ фыдæн уайдзæф кæнгæйæ, кувæндонмæ кæй бацыди, уый тыххæй газеты дæр ма ныффыстой фельетон. Уæды рæстæг ахæм æрмæджытæ фыссæг (йæ ном дæр ма йын бахъуыды кодтон, Бола, зæгъгæ) газеты ныммыхуыр кодта: «Гæззаты куырыхон лæг, æхсæз сывæллоны фыд, сæумæрайсом йæ хæлафы фæдджитæ бассиу кодта, хиды сæрты ахызти æмæ сусæгæй кувæндонмæ бахъуызыд! Уым райсомæй изæрмæ фæкуывта, цыма йæм дзуæрттæ æртахтысты, стæй йæ хæдзармæ сусæгæй ацыд». Бирæ æфхæрд баййæфта мæ фыд, фæлæ уæддæр йæ тох нæ уагъта. Уалынмæ хицауад барвыстой кувæндоны бæлæстæ калынмæ æфсæддонты полкъ, фæлæ, куыддæр бынатмæ бахæццæ сты, афтæ бандзыг сты сæ машинæты бадгæйæ, æмæ сæ бон ницы баци. Тынг фæтарстысты æмæ фæстæмæ ацыдысты. Дыккаг хатт дæр та æрбарвыстой æфсæддонты, æмæ уыдоныл дæр ахæм хабар æрцыд. Уæд сæ фæнд ныууагътой, æмæ кувæндонмæ къух сисын ничиуал бауæндыд. Уыцы цау ма радиойæ дæр радзырдтой. Мæ фыд куы базыдта уыцы æхсызгон хабар, уæд йæ цинæн кæрон нал уыд. Ауади, кусæрттаг æрбаласта æмæ Дзуары номыл сыхæн куывд скодта.

*Радзырдта йæ Гæззаты-Темырхъанты Э., 1946 азы гуырд.*
*Ныффыста йæ Хъусаты З., Дзæуджыхъæу, 7-8.05.2022 аз*

# ТЫБАУ УАЦИЛЛАЙЫ ХОРЗÆХ

Ацы цау сывæллонæй æрцыд мæ мадымадыл, Сланты Увизыхъойы чызг Верычкæйыл. Верычкæ райгуырд мин фарастсæдæ дæсæм азы Уациллайы бон Джызæлы хъæуы Сланты Увизыхъойы æмæ Томаты Гынойы бинонты. Верычкæ уыд рæсугъд æмæ курдиатджын чызг. Йæ сывæллоны бонтæй дæсны уыд кафынмæ, зарынмæ, фæндырæй цæгъдынмæ. Сывæллонæй йæм уыд гыццыл уæрыкк, кæцыйы сахуыр кодта кафын, æмæ-иу хъæуы исты цындзинад куы уыд, уæд-иу сывæллон йæ уæрыккимæ акафыд. Хъæуы цæрджытæн  уый тынг цыд сæ зæрдæмæ. Сывæллоны-иу арæх арæвдыдтой. Уæды рæстæг адæм хъæздыг нæ цардысты. Иубон Сланты бинонтæм Гынойы æрвадæлты чындз æрбацыд, йæ сывæллонæн дзы ракуырдта Верычкæйы уæлæдарæс, Дзæуджыхъæумæ къам исынмæ цæуæм, зæгъгæ. Гыно йæ чызджы дзаумæттæ радта сæ хæстæджыты чындзæн. Цалдæр боны фæстæ сывæллоны дарæс фæстæмæ æрбахастой, фæлæ йын йæ цъындатæ лыгæй æрбахастой. Мæ лæппуйы къух, дам, алыг, æмæ йын цъындайы хайæ йæ къух бабастон, зæгъгæ. Уыцы бонæй фæстæмæ сывæллон рынчын кæнын байдыдта, ныггуыбыртæ ис, йæ роцъо æмæ йæ уæрджытæ баиу сты, йæ бон цæуын нал уыд. Иу ахæм бон Гуцаты Илас уæрдоныл рараст и Фæзыхъæуæй Мæздæгмæ цыхтытæ мæнæуыл ивынмæ. Илас уыд Тбау Уациллайы дзуары лæг. Дзуарæн кæй лæггад кодта, уый тыххæй цалдæр хатты хаст æрцыд Сыбырмæ, фæлæ уæддæр йæ зæрдæ нæ сивта Уациллайы дзуарыл. Гуцаты хæдзарвæндаг рагæй-æрæгмæ лæггад кодтой Уациллайы дзуарæн. Дæргъæвсы комы Тбау хохы кувæндон куыд равзæрдис, æмæ Гуцаты мыггаджы дзуар йæхицæн лæггадгæнæг куыд равзæрста, уыдæтты тыххæй ис сæхи цымыдисаг таурæгътæ. Илас Дæргъæвсы комæй Мæздæгмæ куы цыд, уæд йæ фæндаг ракодта Джызæлы хъæуыл. Ам æрфысым кодта йæ рагон æрдхорд Сланты Увизыхъомæ. Сыхаг сылгоймæгтæ Гынойæн бацамыдтой: «Цæмæй базонай, цы кæны дæ сывæллон, æмæ йын цы хос ис, уый тыххæй урс хæцъилы гæбазы æртæ суарийы батух æмæ сæ Иласы нывæрзæны бын бавæр. Райсомæй алцы дæр базондзынæ». Сывæллоны мад, куыд ын бацамыдтой, афтæ бакодта. Райсомæй уазæг лæг бауайдзæф кодта Увизыхъо æмæ Гынойæн: «Хæдзары рынчын сывæллон куы ис, æмæ

мын æй куыд ничи загъта». Радзырдта сын, Гынойы æрвадæлты чындз сывæллонæн хæлæгмæ хинтæ кæй скодта. Бамбарын сын кодта, сывæллонæн тагъд рæстæджы куынæ баххуыс кæной, уæд мæлгæ кæндзæн. Тбау Уациллайæн бакувын хъæуы æмæ йыл йæ сывæллоны бафæдзæхсын, йæ фыдбылызтæй æмæ низтæй йæ куыд фервæзын кæна æмæ йын йæ амонд стыхджын кæна. Загъта сын, фæстæмæ Мæздæгæй тагъд кæй зындзæн æмæ йæ фæндаг Слантыл ракæндзæнис. Уæдмæ сæхи срæвдз кæнæнт. Семæ райсын хъæудзæнис æртæ армытъæпæны дзаг ссад, цыхт æмæ, сывæллон кафын цы уæрыккы сахуыр кодта, уый. Илас, куыд загъта, афтæ йæ хæдзармæ фæндаг ракодта Слантыл. Иумæ рабалц кодтой Цæгат Ламардонмæ, Гуцаты найфатмæ. Рынчын сывæллоны сæ хъæбысы схастой кувæндонмæ. Къæйыл акодтой æртæ уæливыхы, акусарт кодтой уæрыччы. Дзуары лæг бакуывта Тбау Уацилламæ, бафæдзæхста йыл сывæллоны. Загъта: «Кæд сын æххуыс кæныс, уæд сæ кусæрттагæй ацаход». Æмæ уыцы ныхæстимæ физонæг рæхысыл анывдзæвын кодта. Куыддæр кувæггаг анывдзæвыд рæхысыл, афтæ, сывæллонал цыма рæхыстæ уыди, æмæ сæ уайтагъддæр фервæзт, афтæ рамраст. Тбау Уацилла йæ йæ рынтæй фервæзын кодта. Йæхи къæхтыл æрыздæхт Тбау Уациллайы кувæндонæй йæ хæдзармæ. Уæдæй фæстæмæ Сланты бинонтæ æмæ сæ байзæддæгтæ афæдзæй-афæдзмæ зæрдæбынæй фæкувынц Тбау Уацилламæ. Æнæхъæн Ирыстонæн æххуысгæнæг уæд! Йæ хорзæх уæ уæд! Алкæй кæстæр дæр йе уазæг уæд! Сæ амонд сын стыхджын кæнæд! Фыдбылызæй сæ бахизæд! Табу йын уæд!

*Радзырдта йæ Дзуццаты Д., 1986 азы гуырд;*
*фехъуыста йæ йæ мадæй, уый та йæхи мадæй.*
*Ныффыста йæ Хъусаты З., Дзæуджыхъæу, 14-15. 05.2022 аз*

# ТАУРÆГЪТÆ ÆМÆ РАДЗЫРДТÆ АЛÆМÆТТАГ ФÆЗЫНДТЫ ТЫХХÆЙ

## УÆЛАРВОН ФÆРДЫДЖЫ ХОРЗÆХ

Ацы хабар базыдтон мæ мадæй, уымæн та йæ радзырдта йæ мад. Уæвгæ та мæ мадымадæн йæхиуыл æрцыд ацы цау. Æрцыд ивгъуыд æнусы æртынæм азты кæрон: мин фарастсæдæ æртын фæндзæм

– æртын фарæстæм азты Джызæлы хъæуы æмæ баст у Пагæты Мæхæмæты фырт Гасабейы бинонтимæ. Йæ бинойнаг, Сланты Увизыхъойы чызг Верычкæ (мæ мадымад), сæ гыццыл фыртимæ иу бон ацыд кусынмæ сæ цæхæрадæттæй иумæ. Уæды рæстæг сын радтой кусынмæ зæххы гæбаз, ныртæккæ Петр Барбашовæн цырт кæм лæууы, уымæ æввахс. Верычкæ æрхуыссын кодта йæ гыццыл фырты бæласы бын æмæ кусын байдыдта, фынæй сывæллонмæ бакæс-бакæс кæнгæйæ. Уалынмæ ауыдта, æмæ йæ сывæллонмæ калм фæхъуызы. Сылгоймаг æд рувæн балыгъд æмæ калмы амардта. Бонтæ цыдысты, йæ фырт рæзыдис, фæлæ йын Хуыцау цы цот лæвæрдта, уыдон-иу цыбыр рæстæгмæ фæстæмæ айста. Йæ цот-иу бынтон гыццылæй, авдæны карæй, фыр куыдæй амардысты. Се ‘хсæн уыд фаззон дыууæ фæйнæгфарс лæппуйы дæр. Верычкæ нæ зыдта, цы кæна ацы бæллæхæн æмæ йæ катаимæ æрбацыд Хъодзаты Никъалайы бинойнаг Ханиффæмæ. Ханиффæ уыд Джызæйлаг чындз, чызгæй та уыд ольгинскæйаг, Тыбылаты мыггагæй, райгуырд нудæсæм æнусы кæрон. Куыд зæгъынц, афтæмæй Ханиффæмæ уыд уæларвон фæрдыг – Цыкурайы фæрдыг, кæлмыты æхсæн, дам æй ссардта. Ханиффæ дзæбæх кодта бирæ низтæй, суанг ма тынг сыгъд чи баййæфта, æмæ-иу дохтыртæ, нал фæцæрдзæн, кæмæй загътой, уыдон дæр-иу йæ хосты руаджы адзæбæх сты. Цот кæмæн нæ цыд, уыдонæн дæр-иу тынг æххуыс кодта. Ханиффæ фæцард нæуæдз иу аз. Йæ иунæг фырт Петры бинойнаг, Биджелты Залиханæн бацамыдта сыгъды ныхмæ хос кæнын. Ныртæккæ та Залиханы цоты цот (Алан, Æхсар æмæ Зауырбег) дзæбæх кæнынц адæмы. Уыдон дæр мын сæ хабæрттæ дзырдтой. Ханиффæ йæ фæрдыджы руаджы федта æмæ радзырдта Верычкæйæн, цы рæдыд ын ис æмæ цы хæс фиды. Фæхабар ын кодта, кæддæр, йæ сыввæллонæн тæрсгæйæ, калмы лæппыны кæй амардта, æмæ йæ калм кæй ралгъыста, калмæн йæ лæппын гыццылæй куыд амардта, афтæмæй Верычкæйæн дæр йæ цот гыццылæй куыд мæлой, зæгъгæ. Ханиффæ загъта Верычкæйæн, калмы зæрдæхудты кæй бацыд, æмæ йæ цалынмæ калм нæ ныххатыр кæна, уæдмæ йæ цот кæй мæлдзысты. Бацамыдта йын, сау сæныкк акусарт кæнын кæй хъæуы æмæ æртæ чъирийы скувын бынаты æхсæв, дыццæджы изæрæй, æмæ калмæй хатыртæ ракурын. Верычкæ бакодта, Ханиффæ йын куыд

бацамыдта, афтæ, æмæ йын йæ бинойнагимæ, Гасабеимæ, рæсугъд фæд рацыдис: æртæ лæппуйы æмæ æртæ чызджы. Æз та дæн сæ кæстæр чызг Ленæйы чызг. Æмæ мæ бон зæгъын у, Ханиффæйы уæларвон фæрдыджы руаджы цардмæ кæй равзæрдтæн.

*Радзырдта йæ Дзуццаты Д., 1986 азы гуырд;*
*фехъуыста йæ йæ мадæй, уый та йæхи мадæй.*
*Ныффыста йæ Хъусаты З., Дзæуджыхъæу, 14-15. 05.2022 аз*

## САУЫ КОМ

Æз дзы дæс кувæндоны æрæййæфтон Ходы. Æмæ сæ-иу æхсæв дæр мæ фыны уыдтон. Фос сæ ныппырх кодтой, æмæ-иу куы сыхъал дæн, уæд-иу мæ цæстыты раз февзæрдысты. Æмæ мын мæнæ ам лæгтæ афтæ зæгъынц: кæд афтæ у, уæд дæ сæхæдæг агурынц, æмæ, цæмæй ма ферох уой, уый тыххæй сæ скæ. «‘Мæ сæ скодтон иууылдæр, мæ бон куыд уыди, афтæ. Æмæ уым иу кувæндон и, Сауы ком æй хонынц, æмæ Сау комы зæдтæ æмæ дауджытæ… уым-иу куывтой. Æмæ йæ ныр (йæ алыварс сау хъæд) уæлæ никъкъæрттытæ кодтой, – æвналæн æм нæ уыди уымæ, къæцæл дæр дзы нæ хастой. Уыцы хъæд куыд зади (мæныл дæр 76 азы цæуы), уымæй æддæмæ дæр нæ рахызти, уæлдай дæр дзы нæй, афтæ, куыд зади, афтæ у, æмæ дзы къæцæл хæссæн дæр нæ уыди, нæ. Мæнæ пирамидæ куыд конд у, йæ конд дæр афтæ у, мæнæ афтæ æртæтигъон. ‘Мæ, дам, уымæй къæцæл хæссæн дæр нæй, стæй йæ æмбисæй уæлæмæ кæрдгæ дæр нæ кодтой. ‘Мæ-иу хос карст куы фесты, кæд æм февнæлдтай раздæр, уæд-иу бамбыд сты хостæ, къæвда-иу нал урæдта.

Æмæ-иу уæд стыр куывд скодтой йæ быны, æмæ-иу дзы хатыр ракуырдтой: нал дæ бахъыгдардзыстæм, æмæ нын ныххатыр кæн. Æмæ уым мæнæ Галонæй иу лæппу хос карста, æмæ уым мæхъиæгтæ æркодта – мæнæ-иу мæкъуылы бын кæй акодтой. Æмæ, дам, уымæ æвналæн нæй. Алæ, цытæ, дам уæ уырны, дон, дам-иу мæ аласæд. Æмæ ма йемæ иу лæппу æмæ иу чызг, æмæ Æрхонмæ цыдысты. Æмæ мæнæ Æрхоны хидæй гыццыл куы бауайай, уæд уым атахтысты былæй, æмæ сæ дон аласта, уым фæмард сты. Иннæ та уæлæ нæхиуæттæй уыди. Мыггæгтæ барæй нæ дзурын.

– Кæд сæ ис дзурæн, уæд сæ дзур (И. М.).

– Нæ. Хъуамæ искæмæ хъыг фæкæса? Æмæ уым хос карста, æмæ

мæм-иу цалдæр æхсæвы фæд-фæдыл чидæр мæ фыны æрбацыди æмæ-иу мын афтæ: «Уыцы лæгæн зæгъ, æмæ уым хос мауал кæрда». ‘Мæ йæм ссыдтæн æмæ йын афтæ зæгъын: афтæ-афтæ мæ фыны уынын, æмæ ныууадз, уыгæрдæнтæ дзы и. «Алæ-ма, ныууадз...» Йе ‘фсымæр мард уыди. Мæ фыны, дам æй федтон, æмæ, дам мын афтæ зæгъы: «Ма йæ ныууадз, кæрдгæ йæ кæ». Æмæ астæмæссæдзаздзыд лæппу, мæнæ мæнæй стырдæр, уæйыджы хуызæн, не ‘рвадæлтæй уыди. Æмæ бафынæй ис, йæ фыдæн афтæ зæгъы, ныртæккæ, дам дзы футбол уыдзæни, æмæ, дам мæ-иу райхъал кæ. Уыйадыл фынæйæ баззади. Æхсæз мæйы фæстæ йæ чызг мæнæ ацы ран, нæ акомкоммæ… цыдæр гуыпп фæцыдис... Æмæ уым электрон цæджындз ис… Æмæ йæ скъæрæг ныццавта, йæ чызг дæр уыимæ. Æртæйæ дзы бадтысты æмæ донмæ атахтысты. Æмæ ракастæн, æмæ адæм æмбырд кæнынц, машинæйы цæлхытæ уæртæ уым хæрдмæ… Æмæ æхсæв-бонмæ нæ бафынæй дæн, цæмæй йæ зыдтон, чи у, цы у, фæлæ, зæгъын, кæйдæр дарæг бабын и. Æз æй цæмæй зыдтон. Уый та дын уым афтæ фæмард ис.

– Цæджындз машинæйæ скъуыырдтой? (И. М.).

– О, æмæ донмæ ныххаудысты æд машинæ. ‘Мæ нæй æвналæн, уæд æм ма ‘внал. Æмæ-иу ныр уый зиуæй ныккарстой куывды фæстæ, уыцы къул. Уырдæм æвналæн нæ уыди æппындæр. Æмæ-иу æй зиуæй æрыссывтой. Æмæ-иу хъæубæсты хосхъуаг чи уыди, уыдонæн-иу æй байуæрстой. Ахæм æгъдæуттæ дзы уыдис. Æмæ уыдæттæ рох кæнын байдыдтой. Ничиуал ницы зоны.

*Радзырдта йæ Едзиты А., 1946 азы гуырд.*
*Ныффыстой йæ Мамиаты И. æмæ Хъаныхъуаты З. Мызур, 21.05.2022 аз*

# ДЗЫХÆЙДЗУРГÆ РАДЗЫРДТÆ УАЗ ФÆЛГОНЦТЫ ТЫХХÆЙ

## УАСТЫРДЖИ

Мæ нана мын æй радзырдта. Уый Дыгуры уыдис. Иу усæн йæ лæг æмæ йæ фырт фæмард сты. Иунæгæй цардис. Иубон ын йæ дуар чидæр бахоста, рахызт, æмæ дзы зæронд лæг, æмæ йын афтæ зæгъы: «Тынг дард фæндагæй цæуын, цы ран нæ уыдтæн, ахæм нал баззадис, дæ хорзæхæй, бауадз мæ мæ улæфт суадзын». Ус æй ба-

уагъта. Нæлгоймаг бахызт æмæ йæ фæрсы, сау дзаумæтты, зæгъгæ, цæмæ дæ. Сылгоймаг бамбарын кодта йæ хабар, зæгъгæ, нæ лæг æмæ мæ фырт фæзиан сты. Лæг ын афтæ зæгъы: «Бамбæрстон дын дæ хабар, фæлæ афтæ гæнæн нæй. Æгæр бирæ дарыс дæ сау. Раласын æй хъæуы. Не 'мбæлы афтæ». Уалынмæ дуар бахоста сыхаг æмæ сылгоймагæн дзуры, мæ бинойнаг аргæ кæны, зæгъгæ. Сылгоймаг куы фæцæйцыди, уæд ын зæронд лæг дзуры: «Фыццаг уал рудзынгæй мидæмæ бакæс». Сылгоймаг хæдзармæ бахæццæ, рудзынгæй бакаст æмæ дзы федта сылгоймаджы, æмæ цыма йæ сæрмæ æрыгон лæппу уыдис ауыгъдæй. Ницы загъта, фæлæ мидæмæ куы æрбахызт, уæд дзы уыд æрмæст арæг сылгоймаг.

Фæкаст сылгоймагмæ, æмæ, фæстæмæ куы æрбаздæхт, уæд ын зæронд лæгæн афтæ зæгъы: «Ды мын куыд загътай, афтæ бакодтон. Бакастæн рудзынгæй, федтон сылгоймаджы, аргæ чи кодта, æмæ йæ сæрмæ та æрыгон лæппу уыд ауыгъд. Уатмæ куы бахызтæн, уæд федтон афтиддæр сылгоймаджы. Тынг диссаг хабар у». Зæронд лæг æй фæрсы, зæгъгæ, чи райгуырди уыцы усæн.

– Лæппу.

– Уыцы лæппуйыл 18 азы куы сæххæст уа, уæд йæхи æрцауындздзæнис. Фæлæ ды зоныс ацы хабар, æмæ дæ бон у бинонтæ бахъахъхъæнын уыцы æвзар хабарæй.

Уый фæстæ нæлгоймаг ацыдис. Сылгоймаг хъæуы адæмæн куы радзырдта уыцы диссаджы хабар, уæд ын уыдон загътой, уыцы лæг Лæгты дзуар кæй уыд.

*Радзырдта йæ Айдарты Б., 1950 азы гуырд.*
*Ныффыста йæ Дауеаты Т., Дзæуджыхъæу, 7.06.2022 аз*

# ДЗЫХÆЙДЗУРГÆ РАДЗЫРДТÆ ФÆТКÆВÆРДЫ ТÆХХÆЙ

## ТУДЖДЖЫНТÆ

Ирыстоны бирæ хабæрттæ æрцыд мыггæгты æхсæн. Чи-иу æфсымæр загъта, чи та-иу туджджын фæци. Бирæ лæгмæрдтæ-иу æрцыди гыццыл ницæй тыххæй дæр. Адæймаг хъуамæ зона хатыр кæнын дæр, хъуамæ йæ зæрдæйы уа уарзондзинад йе 'взæрмæ дæр.

Кæддæр сывæллонæй фехъуыстон мæ фыдыфыд Мæхæмæтæй иу хабар… Дыууæ сыхаджы сæ зæххытыл сæрдыгон куыстытæ кодтой. Иу дзы, гутоны фæстæ цæугæ, гутон арæнмæ хæстæг бауагъта, æмæ арæны дур йæ бынатæй фезмæлыд. Уый сыхаг федта, æмæ уыйадыл сыхаг сыхагимæ схыл, æмæ дзы лæгмард æрцыд. Дыууæ мыггаджы æхсæн фидыд нал уыд, кæрæдзийы мардтой, сæ бон куыд уыд, афтæ. Иукæддæр дыууæ мыггаджы бафидыдтой, фæлæ уæдмæ алы мыггагæй дæр мард æрцыд фæйнæ 23 адæймаджы. Æппæтæй 46 адæймаджы дуры фезмæлды тыххæй.

Уый аргъ уыдысты уыцы зæхх дæр æмæ уыцы дуртæ дæр? Мыггæгтæ нал хъуыды кæнын, фæлæ уыд ахæм хабар.

*Радзырдта йæ Гусаты Р., 1968 азы гуырд.*
*Ныффыстой йæ Гуыриаты М. æмæ Мырыкаты И.,*
*Дзæуджыхъæу, 26.07.2022 аз*

## ЦЫРТДЗÆГЪДÆН

Цыртытæ-иу фыццаг, уыцы хъæдын цыртытæ-иу, мæгуыр сæ бон, чъырæй ацагътой, мæнæ мын рæсугъддæр уа, зæгъгæ. Æмæ уый та Цыртдзæгъдæн уыдис. Æмæ ныр дæр чидæр ауайдзæн æмæ хъуамæ йæ ног цырт чъырдзæф фæкæна. Куадзæны размæ-иу сæ цыртытæ рæсугъд сахуырстой, Куадзæнмæ адæм уæлмæрдтæм фæцæуынц. Йæ хъуыды уый уыдис.

Ныр сæ куыдтæтæ кæнынц, уымæн æз ницы зонын, æппæтæй дæсныдæр æз нæ дæн, фæлæ цы зонын, уый зæгъын.

*Радзырдта йæ Хъараты-Лолаты Р. 1948 азы гуырд.*
*Ныффыста йæ Гуыриаты М., Хъæдгæрон, 6.05.2022 аз*

## ЦЫКУРАЙЫ ЗÆДЫ ЛÆВАР

Æз райгуырдтæн Църуйы. Мæ фыд Садула 1945 азмæ уыд Джеры дзуары (Църуйы) кувæг лæг. Фæстæдæр, æртæ мæйы мыл куы цыди, уæд нæ æдæппæтæй дæр рарвыстой Назранмæ. Уым нæ æрцæрын кодтой, мæхъхъæл хаст куы ‘рцыдысты, уæд, æмæ дзы фæцардыстæм æртындæс азы дæргъы. Хæсты рæстæг Гæззаты мыггаг бахъахъхъæдтой Джеры дзуары дзæнгæрджытæ, æмæ дзы

иу рахастой семæ. Назранæй куы рацыдыстæм, уæд æрцардыстæм Цæгат Ирыстоны Уæллаг Иры. Куы ‘рбынæттон стæм, уæд Гæззаты мыггаг сарæзта ног кувæндон Джеры дзуарæн Цырауы, æмæ уыцы дзæнгæрæг уым бакодтой. Цы цау дын радзурдзынæн, уый æрцыд, Назраны ма куы цардыстæм, уæд. Цыди мыл фондз кæнæ ‘хсæз азы.

Иубон ракодта стыр къæвда тыхджын ихимæ. Уалынмæ арв ныннæрыди, æмæ нæ сыхæгты хæдзарæн йæ тохынайы арв æрцавта (зестæй конд уыд). Уыцы хæдзары пецы раз архайдта зæронд ус (Гыцци) æмæ, чъиритæ куыд кодта, афтæмæй арвы цæфæй фæмард. Адæм фæдисы лыгъдысты Гыццийы хæдзармæ. Æз дæр уæд рацыдтæн, æмæ, куыддæр нæ кæрты дуарæй рахызтæн, афтæмæй ихимæ мæ къæхты бынмæ æрхауд бур фæрдыг. Тынг цымыдисаг мæм фæкаст, æмæ йæ систон зæххæй. Уарын куы фæсабыр, уæд уынгты цингæнгæ алыгътæн хъæрæй дзургæ: «Мæнмæ та фæрдыг ис, мæнмæ та фæрдыг ис!» Уалынмæ мæм нæ хъæуккаг ус, Джиоты Къоси, æрбацыд æмæ мæ бафарста: «Æри-ма, цæуыл цин кæныс?» Æмæ мын æй байста. Мæ мадмæ кæугæйæ бацыдтæн, æмæ мæ бафарста: «Цæуыл кæуыс, мæ хъæбул, цы кодтай?» Уæд ын радзырдтон, мæ фæрдыг мын куыд байстой. Мæ мад æдзæмæй алæууыд æмæ загъта: «Кæд уый Цыкура-фæрдыг уыди, уæд уыцы бинонтæн тæссаг у»! Æмæ æцæгæй дæр, мæй нæма рацыд, афтæмæй сæ бинонтæ фæрынчын сты æмæ амардысты.

Фæлæ нæм бынтон диссаг та уый фæкаст, æмæ, цалынмæ тыхджын их нæма райдыдта, уæдмæ мах æртæ сывæллонæй хъазыдыстæм цæхæрадоны. Уарын куы байдыдта, уæд арвы цæфæй фæтарстыстæм æмæ бæлæсты бын амбæхстыстæм. Цæхæрадоны рæзты фæцæйцыди сыхæгты ус (Соня), уагъд æмæ хуылыдз даргъ дзыккутимæ. Бацыди нæм æмæ загъта: «Алидзут, мæ хæбултæ, уæхимæ! Бæлæсты бын не ‘мбæлы æмбæхсын, арв уæ æрцæвдзæн». Æмæ мах, фæстæмæ кæсгæйæ æмæ цæмæндæр худгæйæ, алыгъдыстæм. Цæхæрадонæй куы ралыгъдыстæм, уæд дыууæ сывæллоны бацыдысты хæдзармæ, æз та уыңгмæ рацыдтæн, æмæ Цыкура-фæрдыг уæд æрхауд ма цурмæ. Ууыл дыууæ къуыриййы куы рацыд, уæд нæм æрбауад уыцы сыхаг сылгоймаг (Соня). Мæ мад ын арфæ ракодта: «Бузныг, Соня, мæ сывæллæтты мын кæй рарвыстай цæхæрадонæй хæдзармæ къæвдайы рæстæг». Соня

дисгæнгæ бакаст мæ мадмæ æмæ гзагъта: «Æнæхъæн дыууæ мæйы мæ уатæй куынæ сыстадтæн, уæд сæ æз куыд рарвыстон?» Уæд мæ мад ахъуыды кодта æмæ загъта: «Æвæццæгæн нæм Соняйы хуызы æрбацыд хæрзгæнæг». Æртæ чъирийы скодта, фынг акодта, æмæ скуывтам. Цыкура-фæрдыг нал раздæхт, фæлæ Цыкурайы зæд йæ тых æмæ йæ уды фарн мæнæн радта.

*Радзырдта йæ Гæззаты-Темырхъанты Э., 1946 азы гуырд.*
*Ныффыста йæ Хъусаты З., Дзæуджыхъæу, 07.05.2022 аз*

# МЫГГÆГТЫ ТАУРÆГЪТÆ

## ХАЛОН ГУСАТÆМ КАДДЖЫН ЦÆМÆ УЫД?

Касуты бæрæгбонмæ Гусатæ фыхтой бæгæны. Сæ аджы ныххауд калм, æмæ йæ адæмæй ничи федта. Федта йæ халон. Халон аджы сæрты ратæх-батæх кодта, адæмыл дæр-иу йæхи рауагъта. Адæм дис кодтой, халон йæхи афтæ цæмæн дары, ууыл, фæлæ йæ не ‘мбæрстой. Иуахæмы халон йæхи ныззылдта æмæ йæхи аджы нысхуыста. Адæм уый куы федтой, уæд аг рафæлдæхтой æмæ, калм куы федтой, уæд, халон йæхи афтæ цæмæн дардта, уый бамбæрстой. Хистæртæ загътой, халоны, дам, рарвыстой Хъæриуы хохы дзуæрттæ, цæмæй Гусаты мыггаг ма фесæфа, уый тыххæй. Загътой, амæй фæстæмæ, дам, халон мачиуал хъыгдарæд, Касуты бæрæгбоны размæ къуыри дардтой халоны номыл ком. Бæрæгбон та кодтой уæлдай кадджындæр. Ком ма дардта мæ фыдыфыдæн йæ фыдыфыд Тебо йæ амæлæты онг – 1925 азмæ.

Касуты бæрæгбон-иу ног чындзыты кодтой доны былмæ. Фæдзæхстой сæ Мады Майрæмыл, доны чызджытыл… Касутæ у баст у Мады Майрæмы номыл гуырдзиаг бæрæгбонимæ. Бæрæг-иу æй кодтой куадзæнæй дыууæ къуырийы фæстæ сабаты (куадзæнæй 13 боны фæстæ).

*Радзырдта йæ Гусаты Р., 1968 азы гуырд.*
*Ныффыстой йæ Гуыриаты М. æмæ Мырыкаты И.,*
*Дзæуджыхъæу, 26.07.2022 аз*

## УАРИ ЙÆХИ КУЫД ФÆХÆССЫН КОДТА

Уари уыд чындзæхсæвы Лæцы æмæ фæрасыг. Куы рацæйцыд, уæд Лæцы хъæугæрон кауы рæбын æрбадт. Уалынмæ кæсы, æмæ

Цымытийы фæсивæд чындзæхсæвæй рацæйцыдысты. Уари носджын æфсон йæхи аппæрста. Фæсивæд, нæ хъæуккаджы куыд ныууадзæм, зæгъгæ, Уарийы се 'ккойы скодтой æмæ йæ Лæцæй Цымытимæ се 'ккойы фæхастой. Уари сæхимæ куы æрбахæццæ, уæд йæ сæр сдардта æмæ сæм дзуры:

– Уæ цæрæнбон бирæ уæд, лæппутæ, ам мæ æруадзут, дарддæр мæхæдæг бауайдзынæн.

Фæсивæд кæрæдзимæ бакастысты, фæлæ ма цы кодтаиккой, фæстæмæ (йæ) куыд ахастаиккой.

*Радзырдта йæ Гусаты Р. 1968 азы гуырд.*
*Ныффыстой йæ Гуыриаты М. æмæ Мырыкъаты И.,*
*Дзæуджыхъæу, 26.07.2022 аз*

## БЫРНАЦТЫ ЧИКОВАНТÆ ЦÆМÆН ХОНЫНЦ

Раджы заманы, æз æй нæ фыдæлтæй фехъуыстон, царди Нары Бырнацты Федыр. Уыди Цуциты хæрæфырт. Æмæ Цуцитæм дыуувæ галы уыди, æмæ æнæхъæн Нар хуым кодтой уыцы галтæй. Туалгом уыди хибарæй, никæй дæлбар уыд, фæлæ нæм Гуырдзы уæддæр бырстой æмæ, дам, нын ирæд фидут, цæмæн сын фидæм, уый бæрæг дæр нæ уыди.

– Хъалон? (Е. Дз.).

– О, хъалон. Иузаманы Федыр æрбацæйцыди Хуссарæй. Æмæ Нармæ куы фæцæйхæццæ кодта, уæд цалдæр лæджы йæ мадырвадæлты галтæ æрбатæрынц. Æмæ, дам, сымах чи стут? Уый йæ мадырвадæлты галтæ куыд нæ зыдта?! Сымах, дам, чи стут? Æмæ, дам, кънйаз Чикован загъта, Нар куы ницы дæттой, уæддæр сæ исты байсут. Æмæ, дам сæ мæнæ ацы галтæ байстам иу лæгæй. Уыдон, дам, мæ мадырвадæлты галтæ сты. Æмæ сæм фондзæхстон ныддардта, æмæ, дам сæ фæстæмæ акæнут æмæ, кæм баст уыдысты, уым сæ бабæттут. Æмæ, дам нæм кънйаз Чикован хыл кæндзæн. Уый сын: «Ам, дам, Нары æз дæн Чикован». Æмæ сæ хæдзарвæндагæй Чикованта схуыдтой. Ныр дæр ма афтæ сты.

*Радзырдта йæ Дзапарты Б., 1951 азы гуырд.*
*Ныффыста йæ Дзапарты Е., Къостайыхъæу, 16.05.2022 аз*

# ЦАРДЫУАДЖЫ РАДЗЫРДТÆ

## ФЫСЫ ДАВД

Хабар уыд хæсты фæстæ. Дыууæ æмбалы Мырзæ æмæ Темыр ацыдысты цуаны. Фæрацу-бацу кодтой хъæды, фæлæ сæ къухы ницы бафтыд, æмæ фæлладæй сæ хæдзармæ фæцæйцыдысты. Хъæумæ куы æрбацæйхæццæ кодтой, уæд фысты дзуг федтой æмæ баныхас кодтой иу фыс дзы адавын. Иу бацыд æмæ фыййауы ныхæстыл дардта, иннæ та уыцы рæстæг фыс æрцахста æмæ йæ хъæдмæ баласта. Фыс аргæвстой, уæдæ цы уыдаид, фæлæ боны рухсæй сæ ныфс нæ бахастой фыс хъæуы уынгты æрхæссын, æмæ бауынаффæ кодтой фыс хъæды ныууадзын, изæры йæм ссæудзыстæм, зæгъгæ. Фыс бæласыл æрцауыгътой æмæ рацыдысты. Куы æрцыдысты хъæумæ, уæд алчи йæ хæдзæрмæ ацыд. Мырзæ хæдзары голлаг райста æмæ йæхæдæг иунæгæй фæстæмæ хъæдмæ суади æмæ фыс æрхæццæ кодта. Изæры Темыр æрцыд, цом хъæдмæ, зæгъгæ. Мырзæ та уыимæ дæр ацыд, фæлæ ма дзы цæй фыс сæййæфтаид? Йæхæдæг Мырзæ Темыримæ йæхи хылгæнæг скодта: «Ам æй чи ссардтаид, кæд æй дæхæдæг ницы фæкодтай, уæд?» Темыр йæхи фæрæстытæ кодта, æмæ сæхимæ рацыдысты… Цалдæр боны фæстæ, хуыцаубоны, Темыр Мырзæты цурты фæцæйцыд, æмæ йæ фындзыл дзидзайы тæф сæмбæлыд. Темыр хъуыдыты аивгъуыдта. Кæцæй сæм ис дзидза Мырзætæм, æргæвдгæ куы ницы акодтой, цуаны куы ницы амардтой, кæд уыцы фыс нæу, уæд цы уыдзæн? Темыр Мырзætæм бацыд æмæ Мырзæйæн афтæ:

– Цом, Мырзæ, нæхимæ, хуыцаубон у, æмæ иумæ дзæбæх фæбадæм.

– Цом, – загъта Мырзæ, æмæ дыууæ æмбалы араст сты Темыртæм.

Мидæмæ куы бацыдысты, уæд Темыр йæ бинойнагæн загъта, фынг нын авæр, зæгъгæ, йæхæдæг фæгæпп ласта, ныртæккæ æрбацæуыдзынæн, зæгъгæ, æмæ фæсæпп кодта Мырзætæм фæстæмæ. Бацыди сæм æмæ Мырзæйы мад Годзеккайы фæрсы:

– Годзекка, цалдæр боны размæ Мырзæ фыс не ‘рбахаста хæдзармæ?

– О, – загъта Годзекка.

– Уый давд фыс уыд, æмæ ныр милицæ хъæуы джигултæ кæнынц.

– О, мæ хæдзар куыд бабын и, æмæ ныр цы акæнон? – бакатай кодта зæронд ус.

– Тæрсгæ ма кæн, рæвдз сыгъдæг голлаг фен.

Годзекка атахт æмæ уайтагъд голлаг æрбахæццæ кодта. Темыр дзидза голладжы нысхуыста, йе 'ккойы йæ акодта æмæ сæхимæ ралæвæрдта. Йæ бинойнагæн дзидза радта, хæринаг нын дзы акæн, зæгъгæ, йæхæдæг хæдзары Мырзæйы фарсмæ абадт. Æмбæлттæ сæхи хорз федтой нард фысы фыдæй, æмæ иукæддæр Мырзæ сæхимæ араст. Хæдзармæ куы 'рбацыд, уæд æй йæ мад фæрсы:

– Милицæ цы фесты?

– Цавæр милицæ? – фесхъиудта Мырзæ.

Годзекка хабæрттæ куы радзырдта, уæд Мырзæ йæ сæр батылдта:

– Уæдæ, куыдзы хъыбыл, абон мæ мæхи дзидзайæ хорз федта?

*Радзырдта йæ Гусаты Р., 1967 азы гуырд.*
*Дзæуджыхъæу, 26.07.2022 аз*

## ДАВÆГ ЙÆХИУЫЛ КУЫД ÆРХУДТ

Иу хъæдгæеройнаг лæг йæ дыууæ чызгимæ йæ нартхор æфснайдта. Бацыдысты-иу нартхоры хуыммæ æмæ нартхор голлагмæ æмбырд кодтой. Голлæгтæ-иу куы сбирæ сты, уæд-иу сæ уæрдонмæ хастой æмæ сæ уым æвæрдтой. Уæрдоны та уыд дыууæ галы баст æмæ хуымы кæрон лæууыдысты æмæ нартхоры сыфтæ хордтой. Иу давæг лæг фæкомкоммæ, лæг йæ чызджытимæ нартхоры куы бацæуы, уæд æрæгмæ рацæуынц, уымæ, æмæ та нартхортонджытæ нартхоры куы бацыдысты, уæд давæг бауад, галты феуæгъд кодта æмæ сæ йæ разæй ратардта. Галтæ тардта Хъæдгæронæй Суададжы 'рдæм. Хетæджы дзуары цурмæ куы схæццæ, уæд галты хъæды фæмидæг кодта, йæхæдæг бæласмæ схызт, цæмæй акæса, йæ фæстæ фæдис ис æви нæй, уый фенынмæ. Лæг бæласыл бадт æмæ фæндаг хъахъхъæдта. Уалынмæ кæсы, æмæ бæласы бын хурдзæстмæ иу мыст æхсæртæ йæ хуынкъæй хæссын райдыдта. Иу къухы дзаг уыдаиккой, афтæ мыст йæ хуынчъы ныббырыд æмæ уæлæмæ ницыуал хаста. Уæд лæг бæласæй æрхызт, æхсæртæ æрæмбырд кодта æмæ фæстæмæ йæ бынатмæ схызт. Æхсæртæ хæры æмæ кæсы иу цæстæй фæндагмæ, иннæмæй мысты хъахъхъæны. Иукæддæр мыст йæ хуынкъæй схызт æмæ, йе 'хсæртæ куынæуал федта, уæд иуæрдæм-иннæрдæм аратæх-батæх кодта æмæ, йе 'хсæртæ куынæуал ссардта, уæд йæ раззаг къæхтæй йæ цæстытæ акъахта (ауæуæрста) æмæ йæ уд систа. Лæг уый куы федта, уæд бæласæй æргæпп кодта, мыстмæ æркаст, æмæ йæхиуыл йæ зæрдæ æрхудт: ай ацы мыст йæ æхсæрты тыххæй йæхи куы амардта, уæд

æз кæй галтæ адавтон, уыдон тæригъæд не сты?.. Лæг галтæ фæстæмæ Хъæдгæронмæ атардта æмæ, кæм уыдысты, уым сæ ныууагъта. Уымæй фæстæмæ лæг давæггаг фæллой йæ хæдзармæ никуыуал æрбахаста.

Ацы хабар фехъуыстон мæ фыдыфыд Мæхæмæтæй. Йæ ныхæстæй йæ бамбæрстон, давæг зонгæ чидæр у, уый, фæлæ мын æй Мæхæмæт не схъæр кодта, фарстон æй, уæддæр.

*Радзырдта йæ Гусаты Р., 1967 азы гуырд.*
*Дзæуджыхъæу, 26.07.2022 аз*

# ДЕМОНОЛОГИ

## ХÆЙРÆДЖЫТЫ ХАБÆРТТÆ

– Фæстаг рæстæджы сæ кой цæуылнæуал кæнынц? (Т.Д.)

– Мæнæн мæ мад йæ файнустимæ иухатт æрбацæйцыдис балцы, æмæ сыл баталынг ис фæндагыл. Уыдис зымæгон мæйрухс æхсæв, митджын. ʻМæ кæсынц, æмæ иу лæг иу сывæллонимæ фæцæуы сæ разæй, æмæ уæд мæ мад афтæ зæгъы: «Адон чи сты?» Сæ фæдыл фæцæуы, æмæ ацы лæг æмæ сывæллон дæлвæндагмæ ахызтысты, æмæ йæм уæд йæ файнуст дзуры: «Мауал ацу сæ фæдыл, ма сæм кæс. Уыдон æндæр чидæртæ сты». Æвиппайды нал разындысты уыцы цæуджытæ. Уый уыдис хæйрæг. ʻМæ-иу мæ мад афтæ дзырдта – иурæстæджы нæ хæдзармæ æрбацыдис, дынджыр уæйыг кæй хуыдтой, ахæм лæджы хуызы. Бинонтæ æхсæвы фынæй кодтой. Æз, дам, райхъал дæн, æмæ уыцы дынджыр лæг хæдзары рацу-бацу кодта. Дзурын æм ничи суæндыдис, фæракæс-бакæс кодта æмæ, дам, стæй аздæхдис. Йæ кой дæр нал фæзындис. Уый уыди æцæг уæйыг, кæй хонынц, ахæм. Мæ мад-иу арæх радзырдта ахæм хабæрттæ.

*Радзырдта йæ Мæхъиты И., 1950 азы гуырд.*
*Ныффыста йæ Дауеты Т., Заводы поселок, 29.05.2022 аз*

## КУЫРЫСМÆДЗÆУДЖЫТÆ

Уый дæр фехъуыстон Джызæлы, уый дæр мын радзырдтой, гыццыл куы уыдтæн, хистæртæ уæд. Æмæ, дам, нæ сыхы ног чындз фæзынд, дзæбæх, рæсугъд чындз. Кæцæй уыди, уый дæр мын загътой, фæлæ…

нæ йæ хъуыды кæнын. Фæлæ нæмттæ æмæ мыггæгтæ нæ бахъуыды кодтон. Бынæттæ, нæмттæ… Гыццыл сывæллонæн аргъауы хуызæн уыди, аст азы мыл цыди. Æмæ, дам, сыхы лæппутæй кæцыдæр, ног чындз кæм фæзынди, уыцы сыхаг лæппутæй кæцыдæр куыройы цур хъазыди. Куыд æрталынг и, уый нæ фембæрста, æмæ, нæхимæ цæуон, зæгъгæ, æвиппайды йæхи амбæхста, чидæр æрбацæуы, зæгъгæ. Тарсти, ныхас æм куы ‘рхауа, зæгъгæ. Æмæ дзы ауыдта сыхаг ног чындзы. Æмæ кæсы, æмæ уыцы ног чындз йæ дзаумæттæ раласта æмæ фестади бирæгъ æмæ куыройæ ацыди.

Лæппуйы мидæг тас бацыди… Куыд фæзæгъынц, уæдæ цы уыдаид… *(худы)*, стæй уæд иуцасдæр рæстæг фæстæ… йæхимæ куы æрцыди, уæд, цы уыдзæн, зæгъгæ, æнхъæлмæ кæсын райдыдта. Йæ дзаумæттæ уым нæ баззадысты… чындз дæр уæдæ нæ фесæфдзæн. Диссаг æм фæкасти. ‘Мæ йæм банхъæлмæ касти, æмæ фæстæмæ æрбаздæхти, æмæ йæ дзаумæттæ куы скодта, уæд ын йæ уынæр айхъуыста… Æххæстæй бамбæхсын йæ бон нæ баци лæппуйæн, æмæ йæ бафиппайдта, чындз чи у, уый. Æмæ йæ куы федта, уæд ын балæгъстæ кодта тынг: макæмæн æй схъæр кæнæд,  макæмæн мацы зæгъæд… Чи зоны, æмæ йæм истæмæй æвзидгæ дæр бакодта, æртхъирæн дæр бакодта *(худы)*, фæлæ йын, лæппу чи у, уый «о, о», зæгъгæ, ныхас радта, æмæ уыцы ног чындз зæронд дæр баци, фæлæ, цас царди, лæппу чи у, уый, слæг и, уыйас ын афæдзæй-афæдзмæ хуыдта цухъхъатæ, ног цухъхъатæ. Куыд рæзыди, афтæ, лæгæй дæр – афтæ. Мæнæ йæ дзыхыл кæй хæцы æмæ кæй нæ апарахат кодта уыцы хабар, кæй нæ атауыс кодта, уый тыххæй. Ног цухъхъатæ æд куырæт, куыддæриддæр вæййы, алцы æнæхъæнæй. Уæвгæ дæр нал уыди, фæлæ лæппу, зæрондæй куы марди, уыцы лæг, уæд æй радзырдта: мæ бон, дам æй ахæссын нæу, хъуамæ йæ радзурон. Æмæ йæ уæд радзырдта. Ныр хиуæттæ та не ‘мбæрстой, алы аз ын ног цухъхъатæ цæй номыл хуыйы. ‘Мæ афтæмæй рахъæр и.

*Радзырдта йæ Моргуаты Л., 1974 азы гуырд.*
*Ныффыста йæ Брытъиаты А., Дзæуджыхъæу, 20.05.2022 аз*

## ХÆЙРÆДЖЫТЫ ЧЫНДЗÆХСÆВ

Фидар: Ахсæв Хуыцауыхсæв у, æмæ дæ йæ хорзæх уæд. Хуыцауыхсæв у, æмæ дæ кæстæртæ Хуыцауы уазæг уæнт. Джыбылонмæ хъусын, æмæ

ма дын æз дæр иу хабар ракæндзынæн. Мæ фыд-иу дзырдта, фæлæ Джиотæй уыди æви Мамиатæй уыди – нæ йæ зонын. Уæд ма Нары цардысты, æмæ, лæг чи у, уый цуанон уыди, тынг цуанон. Æмæ райсомæй боныцъæхтыл ацыдис цуаны хохы, нæхи Нары комы. Бон-изæрмæ фæцыди æмæ ницы ссардта. Уæдæ, зæгъы, кæд æрталынг уаид, зæгъы, æмæ та талынгмæ дæр… Æмæ, бон куыд цъæхтæ кодта, афтæ рацыдис. Æмæ хъæумæ цæуы хохæй, æмæ йæ разæй чындзхæсджытæ заргæйæ цæуынц. Æмæ йæ усыл – чындзы дарæс, æмæ йын йæ усы къухыл хæцынц. Йæ ус, иу ныхасæй, чындзы цæуы. 'Мæ, дам, мæнæ диссæгтæ, ай цы хабар у?! Ай уæртæ мæ ус куы у, уæд ам уыдонимæ цы агуры?! Æмæ хъæумæ куы æрхæццæ, уæд хæдзармæ хæстæг… уæд сыхæгтæ æмæ хъæуккæгтæ, хохы цас уыдысты… Йæ размæ рацыдысты, æмæ йын тæфæрфæс кæнынц. Лæг фæджих: цы хабар у? Æмæ, дам, дæ ус йæхи æрцауыгъта. 'Мæ-иу фыдæлтæй ахæм ныхас уыдис: йæхи чи 'рцауындза, йæхи чи амара, уый æхсæз мæйы æнæзæгъинæгтимæ вæййы. Æз уый мæхæдæг зæрæдтæй хъуыстон.

Зарæ: Æгъгъæд у дæуæн, ныр та æз радзурон.

Фидар: Æз-иу мæхæдæг иуцалдæр хатты фæрынчын дæн гыццылæй. Гыццылæй, зæгъгæ, ахæм гыццыл нал уыдтæн. Æмæ-иу мæ дохтыртæм ракæ-бакæ кодтой, æмæ-иу загътой: йарæби, ницы низ æм ис. Уæд мын-иу хæлттæ сæппæрстой, æмæ, Табу йæхицæн уæд, Хетæджы дзуары хал та мын-иу схаудта. Æмæ та-иу уайтагъд адзæбæх дæн. Уый, мæхæдæг цы бавзæрстон, уый. Дыууæ хатты уыди афтæ.

*Радзырдта йæ Мамиаты Ф., 1942 азы гуырд.*
*Ныффыста йæ Брытъиаты А., Къостайыхъæу, 14.05.2022 аз*

*Чиныг «Материалы комплексной фольклорно-этнографической и лингвистической экспедиции в Северной и Южной Осетии (2021–2022)»-йæ ист*

**ТАБОЛТЫ Солтанбег**
**(1946 – 1993)**



Нæ республикæйы фæскомцæдисы обкомы фыццаг секретарь, Орджоникидзейы партийы обкомы фыццаг секретарь, Ирыстоны полиграфион рауагъдады комитеты сæрдар, республикæйы культурæйы министр, æддаг бастдзинæдты æмæ национ хъуыддæгты министр, Гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты директор. Проект «Аланты фæндæгтæ»-йы автор. Ирыстоны дыууæ хайы баиу кæнынил йæ уд чи хъардта, уый.

*«Нæ фыдæлтæ, се 'гæрон зæххытæ æбарвæндонæй дунеты бар бакæнгæйæ æмæ гыццыл зæххы хайыл цæргæйæ баззайгæйæ, систы историйы сæйраг тохы уæлахиздзаутæ – бахъахъхъæдтой сæ хæдхуыздзинад, сæ кад, сæ ном».*

*«Адæммæ культурæ куынæ уа, уæд сæ адæм рахонæн нæй. Дунейы культурæйæ фæхъæстæ уæвын уый нæ нысан кæны, æмæ ды дæ национ культурæйыл дæ къух ауыгътай. Адæмты хихæдхуыздзинадæй тæдзы дунейы цивилизаци».*

*«Æмæ уæдæ ирон адæмы куы цæгъдой, сармадзантæй сæ куы æхсой, уæд мах, партион чиновниктæ та хъуамæ гуырдзиаг агрессортæн ам трибунæтæй лекцитæ кæсæм?!»*



**ДЗЛИАТЫ Дзерассæ**

ЦИГСИИ-йы хистæр наукон кусæг, аивадон зонæдты кандидат, Уæрæсейы Композиторты цæдисы уæнг.

50 наукон куыстæй фылдæры автор, иртасы ирон адæмы музыкалон фольклор. Ис æм, культурæйы ратæдзæнтæ – цивилизацийы бындур, зæгъгæ, уыцы темæйыл куыстытæ. Архайдта анатолиаг ирæтты этнографи, æвзаг æмæ адæмон сфæлдыстад иртасæн экспедицийы Турчы. Монографи «Динамика исторического развития свадебного музыкального фольклора осетин»-ы автор.

# НОГБОНЫ ЗАРДЖЫТÆ

*Уац*

Зымæгон бæрæгбоны арфæйы зарджытæ кодтой Ногбоны /Анзи сар, хæдзари-хæдзар-иу куы зылдысты, уæд. Ахæм зарджытæм хауынц «Басылтæ», «Ногбоны зарæг» кæнæ «Хæдзаронтæ».

Заргæ та-иу сæ кодтой, ацы æгъдау чи æххæст кодта, уыдон – басылгуртæ/басилгортæ. Уыдон-иу сæ уæлæ алыхуызон мæнгцæсгомтæ, дзаумæттæ скодтой, цæмæй сæ мачи базона, æмæ иу кæртæй иннæмæ цыдысты, бæрæгбоны зарджытæ кæнгæйæ. Зындгонд этнограф Уарзиаты Вилен мæнгцæсгæмтты тыххæй фыста: «Ивгъуыд рæстджыты кæмæй пайдта кодтой, уыцы мæнгцæсгæмттæ нал сты, уымæ гæсгæ уыдоны тыххæй ныхас кæнæн ис, хистæр фæлтæртæ нын цы радзырдтой, æмæ литературон æрмæджыты цы кæсæм, уыдæттæ хынцгæйæ. Мæнгцæсгæмттæ арæзтой, къухы цы уыди, ахæм æрмæгæй, тынгдæр та – тар бинагнымæтæй æмæ æлдыгъдзыд цæрмтты гæбæзтæй. Сæ иутæ уыдысты, цæсгом æмæ сæр суанг уæхсчыты онг чи æмбæрзта, ахæм згъæр худы хуызæн. Иннæ хуызы мæнгцæсгом æмбæрзта æрмæстдæр цæсгом. Дзых, цæстытæ æмæ фындзы бынæттæ уыдысты гом. Дзых æмæ цæстыты бынæттæ-иу барæй ирд, арæхдæр, сырх хæцъилтæй бахуыдтой.

Мæнгцæсгæмттæн æрду зачъетæ нæ кодтой, уымæн æмæ-иу йæ дæллаг хай рауади зачъейы хуызæн, уыйхыгъд сын-иу æдзухдæр къуымбил кæнæ бæхы хъисæй кодтой рихитæ. Мæнгцæсгæмттæн арæх бафиппайæн уыди, къуыпп чи дардта, ахæм цыбыр сыкъатæ. Мæнгцæсгомы сæрысæйраг нысаниуæг æмæ уыимæ баст сусæг кæныны мадзæлтты руаджы-иу адæймаг йæхи фендæрхуызон кодта, æндæр цæйдæр хуызы-иу бацыди, уыйадыл-иу райгуырди ног бæлвырд сурæт. Уыцы мæнгцæсгом у фыдæлтæй баззайгæ цардыуагон культурæйы вазыгджын æмæ бирæнысанон фæзынд. Мæнгцæсгом



баст у иу хуызæй иннæмæ рахизынимæ, æхсæнады æгъдæуттæ æмæ арæнтæ тыхмийæ хæлд куы фæцæуынц, уыимæ. Цалдæр мæнгцæсгомы ис Санкт-Петербурджы паддзахадон этнографон музейы фонды:

Ногбоны басылгуртæ цы зарджытæ кодтой, уыдонæн сæ поэтикæ баст уыд, цыдæр алæмæты тых кæмæн уыд, ахæм ныхæстимæ. Сæ мидис – арфæтæ фысымтæн, цæмæй уой æнæниз, бæркадджын, хорз тыллæг сæм æрзайа, сæ фосыл фос æфта. Арæхдæр æмбæлдис ахæм поэтикон формулæ: *«Уæ лæг саг амара, уæ ус тыр/фырт ныййара».* Зарæг-иу арæх фæци куырдиаты ныхæстæй, цæмæй басылгурты истæмæй хорз феной. Бузныджы ныхæстимæ-иу сын фысымтæ лæвæрдтой хуынтæ. Уæлдай кадджын уыдысты басылтæ – Ногбонмæ-иу кæй скодтой хыссæйæ, ахæм аджын гуылтæ – цæрæгойты æмæ адæймæгты фæлгонцтæ. Басылгуртæ-иу бæрæгбоны зарджытæ куы акодтой, уæдиу мидæмæ арфæтимæ бакалдтой хъæды лыстытæ, цал лысты дзы ис, уал хорзы уыл æрцæуæд, зæгъгæ, ахæм ныхæстимæ.

# ХÆДЗАРОНТÆ

Фонограммархив ИРЛИ, 202 F,
коллекция Эмсгеймера, 5340
Зап. Эмсгеймер Э.
г. Владикавказ, 1936 г.




Хæдзаронтæ! Хæдзаронтæ!
Уæ лæг саг амара, уæ ус тыр ныййара!
Уæ басылы къух мæн фæуа!
Сыхаг тæтæйраг, рахæссут нын цыхтæн сæ сæйраг!
Хур, хур (...) не 'фсин къуыммæ фæрæвдз!
Уæлæ цары фæйнæджытæ,
(...)



**ЦОРИТЫ Ингæ**

ЦИГСИИ-йы раззаг зонадон кусæг, историон наукæты доктор, доцент. РЦИ-Аланийы Архивон службæйы цур Æхсæнадон советы сæрдары хæдивæг, Уæрæсейы историкты-архивистты æхсæнады цæгатирыстойнаг минæварады сæрдары хæдивæг. 100 наукон куыстæй фылдæры автор. Иртасы ахуырады историйы æмæ аивадон культурæйы фарстатæ.

# ХЕТÆГКАТЫ КЪОСТАЙЫ СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТЫ НЫСАНИУÆГ ИРОН ИСТОРИОН-ФИЛОЛОГОН ÆХСÆНАДÆН

*Уац*

2024 аз сси юбилейон ирон адæмы национ культурæйы дыууæ æвæджиауы ахсджиаг фæзындæн. Иуæй, 165 азы сæххæст ирон литературон æвзаджы бындурæвæрæг Хетæгкаты Къостайы райгуырдыл, иннæмæй, 105 азы размæ байгом Ирон историон-филологон æхсæнад. «Хæххон адæмыхæттыты фыццаг зонадон уагдон» сси фæндаггæрдæг Ирыстоны бæстæзонæн къабаз æмæ Къостайы сфæлдыстад иртасынæн. Уымæ гæсгæ дыууæ юбилейы кæрæдзийыл æнгом баст сты.

Æхсæнад байгом 1919 азы 25 апрелы. Уæд Ирон ахуыргæнджыты семинарийы Педагогон советы æмбырды æрдзырдтой æхсæнады Æлборты Барысбийы цæттæгонд Уставыл æмæ йæ сфидар кодтой.

Цыд Мидхæст, Дзæуджыхъæу уыд Деникины бархионты æфсады дæлбар. Национ интеллигенци æнкъардта, стыр ивддзинæдтæ кæй цæудзæн, æмæ фыста историйы ног сыфтæ. Æхсæнады фыццаг правленийы уæнгтæ Æлборты Барысби, Дзагуырты Гуыбады, сауджын Цомайты Харлампи æмæ иннæтæ спайда кодтой, урсгвардионты

администраци интеллигенцийы йæхи фарс фæкæнынмæ кæй тырныдта, уымæй, æмæ сын бантыст æхсæнады статус сфидар кæнын. Уый нæ, фæлæ ма нымад æрцыд æфтиагмæ нæ тырнæг уагдоныл, æмæ йын хицауадæй æмбæлыд иучысыл æхцайæ æххуыс дæр. Æхсæнады Уставы сæйрагдæр хæс уыд бæлвырд: «Пробуждение и развитие любви к родному прошлому и интереса к изучению памятников, отразивших это прошлое и настоящее осетинского народа».

Советон хицауад куы 'рфидар, уæд æхсæнады куыст рахызт ног æмвæзадмæ – 1923 азы сси зонадон кусæндон. Архивты баззайæг хыгъдон гæххæттытæ, æмбырдты протоколтæ æмæ æндæр æвдисæндартæ дзурынц ууыл, æхсæнад ирон адæмы истори æмæ культурæйы алыхуызон фарстатыл рæстмæ кæй сахадыдта.

Рухстауæн куыстыл æхсæнады уæнгтæ архайдтой удуæлдайæ, æвæрæз уавæрты. Сæ куысты фыццаг бонтæй фæстæмæ бавнæлдтой удварны хæзнатæ хъахъхъæнынмæ. Æнæмæнг сæм хаудтой Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстадон бынтæ дæр. Уæлдай стыр æргом сæм здæхт æрцыд 1921 азы, поэты амардæй 15 азы фæстæдæр.

ЦИГСИИ-йы зонадон архивы уымæн баззад бæлвырд æвдисæнтæ. Февралæй маймæ æхсæнады уæнгтæ сарæзтой правленийы æхсæз æмбырды æмæ цыппар иумæйаг æмбырды. Дзырдæуыд агурæн-сгарæн куыстыл, поэты чингуытæ уадзыныл, цыртдзæвæн ын сæвæрыныл, йæ ном хæссæг хæдзар саразыныл æмæ бирæ æндæр хабæрттыл. Къостайы мæлæты бон æхсæнад расидт кадджын æмбырд, 29 майы та Горæтаг (Уырыссаг) театры арæзт æрцыд стыр кадгæнæн изæр. Архайдтой дзы алы адæмыхæттытæй 500 минæвары.

Ирон историон-филологон æхсæнады протоколты арæх æмбæлы, «амарды бонæй фынддæс азы рацыды бæрæгбон» («празднование пятнадцатилетия со дня смерти»), зæгъгæ, ахæм хъуыды. Ацы ныхæстæ, хъуыддаджы гæххæттыты автортæ уырыссаг æвзаг хорз кæй нæ зыдтой, ууыл дзурæг не сты. Историон уавæртæ æнкъарын хъæуы – Мидхæсты рæстæджы хъизæмæртты фæстæ хохæгтæн, паддзахы дуджы йæ кой ракæнын дæр кæмæн нæ уагътой, уыцы Къостаимæ баст æппæт цаутæ дæр бæрæгбонау уыдысты. Уый нæ, фæлæ ма бæрæгбон, зæгъгæ, уыцы ныхасы æвæрд цыд иугæнæн мидис æмæ культурон рæзтмæ тырнынад. Къоста – уый фæтæг уыд, æхсæнадыл æмæ нацийы хиæмбарынадыл ахадæг тых. Кадджын изæры Хъæрæсейы Æххæстгæнæн комитеты

минæвар Х. Хубиев уымæн загъта: «Коста Хетагуров дорог не только для осетин, но и для других горцев, в особенности же для карачаевцев… карачаевцы его никогда не забудут; Карачай считает его своим… он нас, карачаевскую интеллигенцию, всегда поддерживал, разделял все наши радости и горе… чутко отзывался на все, указывал на все наши ошибки». Ома Цæгат Кавказы интеллигенци уæдмæ поэтмæ йæ ахаст равдыста, хицауадæн та йæм йæ цæстæнгас нæма рабæрæг.

Протоколтæй цалдæр скъуыддзаджы ма дзурæг сты Историон-филологон æхсæнады интеллектуалон хъомысыл, æвдисынц бирæнацион регионы æхсæнадон-политикон уавæр.

## ИРОН ИСТОРИОН-ФИЛОЛОГОН ÆХСÆНАДЫ ÆМБЫРДТЫ ПРОТОКОЛТÆЙ СКЪУЫДДЗÆГТÆ

### Протокол № 22
### Заседания Правления Осетинского Историко-Филологического Общества

*11 марта 1921 года*

<…>

II. Пятнадцатилетие со дня смерти Коста.

Б.А. Алборов познакомил собравшихся с планом юбилейных торжеств.

а) на 1 апреля (19 марта) назначено днем торжественное заседание Осетинского Историко-Филологического Общества;

б) вечером состоится в театре спектакль, программа которого тоже разработана;

в) заказан бюст Коста из цемента: цемент испрошен у Совнархоза; если бюст не будет готов, то будем пользоваться портретом;

г) выпуск первого номера «Вестник Осетинского Историко-Филологического Общества» едва ли состоится по техническим соображениям;

д) разработаны конкурсные требования для составления эскиза памятника Коста.

В конце своей речи АЛБОРОВ ставит вопрос: ограничиться ли празднеством местного характера или же сделать его общенародным.

Д-р Л.Б. ГАЗДАНОВ полагает, что по политическим соображениям,

ввиду того, что население будет занято выборами в Учредительный Съезд Г<орской> Р<еспублики>, необходимо празднование отложить до весны и ограничиться в день годовщины одним торжественным заседанием Осетинского Историко-Филологического Общества. Обращаясь к вопросу об увековечении памяти Коста д-р Газданов вспоминает, что в 1915 году этот вопрос был обсужден на собрании осетинской интеллигенции. На этом собрании было два предложения: одно Г.М. Цаголовым, который предлагал вместо осетинского издательского Об-ва «Ір», влачившего жалкое существование, организовать новое издательское Об-во имени Коста; другое д-ром Газдановым, который предложил построить дом имени Коста. Было принято предложение д-ра Газданова. Были разработаны план и проект этого дома. Объявлена была и подписка. Этот дом должен был стать центром культурного и национального объединения. В нем должны были быть и сцена, и библиотека по осетиноведению, и т.д. Перед зданием должен был быть поставлен бюст Коста. Предложение д-ра Газданова об отнесении юбилейных торжеств принимается, и постановлено:

а) отложить празднование до середины мая /не позднее 15 числа;

б) в день годовщины ограничиться одним торжественным заседанием Осетинского Историко-Филологического Общества с произнесением речей;

в) доклады и речи предворительно должны проходить через цензуру Правления;

г) ко дню юбилейных торжеств подготовить 4-е издание произведений Коста; издание должно быть общедоступное и пополненное неизданными произведениями.

III Текущие дела.

Рукопись Коста.

Б.А. Алборов познакомил собравшихся с рукописью Коста «О звуках осет<инского> яз<ыка>» и просил их оценить ее, так как она предложена Правлению Осетинского Историко-Филологического Об-ва к приобретению. В результате горячих и долгих прений, в которых принимали участие Г.М. Кесаев, Ахм<ед> Дударов, д-р Газданов, Г.А. Дзагуров, Шамиль Абаев, Б.А. Алборов, М.Г. Авсарагов и другие, поступило три предложения:

1) выдать 100 рублей и зафиксировать фамилию продавца;

2) выразить благодарность анонимному лицу за сохранение ценной в историческом отношении бумаги;

3) выдать 100.000 р<ублей> и зафиксировать фамилию продавца;

4) выдать 5.000 руб<лей>.

Большинством голосов принято второе предложение <…>

*НА СОИГСИ Ф. 13. Оп. 1.*
*Д. 1 Л. 38-39*

**Протокол № 23**
**Заседания Правления Осетинского Историко-Филологического Общества**

*30 марта 1921 года*

<…>

I) Программа юбилейного издания, посвященного памяти Коста.

При обсуждении этого вопроса Б.А. Алборов указал на то, что в интересах дела не следует спешить с выпуском издания, набрать побольше неизданных произведений, не обращая внимания на художественную ценность их и выпустить такое издание, которое было бы достойно Осетинского Историко-Филологического Общества, как научного общества. В дальнейшем внимание собравшихся привлек на себя вопрос о том, следует ли помещать критический разбор произведений или нет. Голоса по этому вопросу разбились: одни были за, другие – против. В результате всех прений, в которых приняли участие Б.А. Алборов, Арс<ений> Коцоев, А.З. Кубалов, Елб<ыздуко> Бритаев и др<угие>, постановлено:

а) выпустить юбилейный сборник на осетинском языке по следующей программе:

1) биография Коста на осетинском языке;

2) стихотворения, посвященные памяти Коста;

3) неизданные стихотворения Коста;

4) воспоминания разных лиц о Коста;

5) критический разбор произведений Коста;

в) выпустить юбилейный сборник на русском языке по следующей программе:

1) биография Коста (исчерпывающая);

2) неизданные произведения Коста на русском языке;

3) стихотворения и письма его;

4) материалы о Коста;

5) критический разбор произведений Коста;

6) юбилейные торжества (по протоколам);

с) выпустить четвертое роскошное, исправленное и пополненное издание “Iрон Фандvр”»; это издание должно быть общедоступное;

д) для четвертого издания найти во что бы то ни стало оригинал рукописи “Iрон Фандvр”, который должен быть в Тифлисском Цензурном Комитете; для этой цели за содействием обратиться к Пора Джиоеву и просить его также написать для юбилейного сборника свои воспоминания о Коста.

II) Текущие дела.

а) Торжественное заседание Осетинского Историко-Филологического Общества.

После обсуждения вопроса постановлено:

1) устроить 1 апреля 1921 года в 6 часов вечера, в помещении Осетинского Отдела Народного Образования общее собрание Осетинского Историко-Филологического Общества, посвященное памяти Коста по случаю пятнадцатилетней годовщины со дня его смерти;

2) отслужить 1 апреля 1921 года в 12 часов дня на могиле Коста панихиду;

3) просить д-ра Газданова, Сабана Коченова, Арс<ения> Коцоева, Елб<ыздуко> Бритаева, А.З. Кубалов, св<ященника> Х. Цомаева и др<угих> на общем собрании поделиться своими воспоминаниями о Коста <…>

*НА СОИГСИ Ф. 13. Оп. 1.*
*Д. 1. Л. 40-41*

**Протокол № 16**
**Торжественного заседания Осетинского Историко-Филологического Общества, посвященного памяти Коста по случаю исполнившегося 1 апреля 1921 года (н<овый> ст<иль>) пятнадцатилетия со дня его смерти**

*29 мая 1921 года*

Заседание происходило в Городском театре в присутствии многочисленной публики (до 500 человек) – как осетин, так и других национальностей.

Председательствовал: Председатель Осетинского Окружного Исполкома М.Г. Авсарагов при секретаре Г.А. Дзагурове.

Заседание открылось в 2 часа дня следующей речью Председателя:

«Торжественное заседание Осетинского Историко-Филологического Общества, Осетинского Отдела Народного Образования и Осетинского Исполкома, посвященное памяти осетинского национального поэта и общественного деятеля КОСТА ХЕТАГУРОВА, объявляю открытым». (После этих слов хор исполнил Интернационал на осетинском языке). «Пламенные мечты о свободе, – продолжает М.Г. АВСАРАГОВ, – одного из лучших сынов трудовой Осетии, трудовых горских масс КОСТА ХЕТАГУРОВА сбылись, воплотились в прекрасную действительность: мы, представители отдельных национальностей С<еверного> Кавказа, собрались чествовать память того поэта-гражданина, чье желание было всегда быть подобным древним нартовским героям-певцам, чья песнь собрала бы все народы, которым он рассказал бы горести своей души. А какие это горести? Он сознавал, что в этом мире голого, холодного расчета он чужой для всех, что ему, поэту правды, навязывать свои жизненные требования и принципы питомцу существующего порядка жестоко и бесчеловечно. Скорбил он о своем младшем брате «униженном и оскорбленном», о том, кто в беспросветной нужде влачит свое жалкое существование…

В день пятнадцатилетия со дня смерти одного из лучших сынов трудовой Осетии, писателя, певца народного горя КОСТА ХЕТАГУРОВА Осетинский исполком посылает свои пожелания трудовой Осетии. Пусть пахари Осетии, бурного Уруха, Терека, Гизельдона и других рек Горской республики пойдут по пути, указанному бессмертным для Осетии певцом народного горя и создателем «Сідзаргас».

Председатель М.Г. АВСАРАГОВ: Слово для приветствия принадлежит председателю Совнаркома Горской Республики ВЛАДИМИРУ АБАЕВУ.

Владимир Абаев: От имени Совета Народных Комиссаров Г<орской> С<оветской> С<оциалистической> Р<еспублики> приветствую день годовщины славного поэта, прекрасного художника и общественного деятеля КОСТА ХЕТАГУРОВА. То безвременье, тот кошмарный недуг, которые своей тяжестью легли на плечи чуткого сына гор и безвременно загнали его в могилу, уже миновали. Им нет

больше возврата. Совнарком Горской Республики надеется создать такие условия, при которых бы все лучшее, все прекрасное в горской жизни процветало и развивалось. Тому порукой Рабоче-Крестьянская власть, кровно заинтересованная в развитии лучших порывов, исходящих из недр народной жизни.

Итак, да не угаснет никогда память о славном и многострадальном КОСТА.

Председатель М.Г. АВСАРАГОВ: Слово принадлежит для приветствия представителю Горского Центрального Исполнительного Комитета АЙВАЗЯНУ.

АЙВАЗЯН: Приветствую настоящее собрание от имени Горского Центрального Исполнительного Комитета.

Дальше Айвазян провел ту мысль, что такие праздники свидетельствуют о культурном развитии того или иного народа, в данном случае горцев Северного Кавказа, на которых привыкли смотреть или как на отчаянных головорезов, или же как на черноохих красавцев, поражающих красавиц.

Времена, когда существовала опека над маленькими народностями, когда по пути их культурного развития ставились всевозможные преграды, прошли. Теперь благодаря Р<абоче>-Кр<естьянской> власти и мелкие народы могут развиваться свободно. Да здравствует Советская Власть, дающая всем народам возможность самостоятельного культурного <…>

Да здравствует Горская Советская Социалистическая Республика и осетинский народ.

Председатель М.Г. АВСАРАГОВ: Слово для приветствия принадлежит Председателю Совпрофа Назарову.

НАЗАРОВ: Приветствую день пятнадцатилетия великого поэта от имени рабочих Горской Республики. Этот день не должен остаться бесследным – мы должны вспомнить то, при каких тяжелых условиях жили мы при царской власти. Поэты всегда призывали к свержению этой власти, призывали идти к тому великому дню, который мы переживаем. Идеалом их был свободный народ на свободной земле.

Итак, да здравствует молодой осетинский народ и Горская Советская Социалистическая Республика.

Председатель М.Г. АВСАРАГОВ: Слово для приветствия принадлежит представителю Городского Отдела Народного Образования И.М. АБАЕВУ.

И.М. АБАЕВ: Городской Отдел Народного Образования поручил мне приветствовать Осетинское Историко-Филологическое Общество, а в его лице и весь осетинский народ в день пятнадцатилетия со дня смерти КОСТА ХЕТАГУРОВА. В лице Коста Хетагурова Отдел Народного Образования видит одного из тех борцов за свободу, печальника народного горя, которые приносят в жертву своему народу всю свою жизнь. Он относится к разряду тех великих борцов за человеческое счастье, которые светят, как светлые звезды среди темной ночи. Владикавказский Городской Отдел Народного Образования верит, что осетинский народ оценит своего гения и выражает глубокую надежду, что осетины, в особенности, осетинская молодежь, не забудет те светлые идеалы, к осуществлению которых он стремился всю свою жизнь.

Председатель М.Г. АВСАРАГОВ: Слово для приветствия принадлежит представителю Института Краеведения ПОЖИДАЕВУ В.П.

ПОЖИДАЕВ В.П.: Антропо-Географическое Общество Северо-Кавказского Института Краеведения приветствует осетинский народ и собравшихся здесь для чествования памяти славного поэта и гражданина КОСТА ХЕТАГУРОВА.

Пятнадцать лет тому назад приближался юбилей дорогого и любимого русского писателя Антона Павловича ЧЕХОВА. Но сам юбиляр таял и умирал от злого и неумолимого недуга. И вот друзья и почитатели поэта, искренно желавшие почтить его и в то же время боявшиеся этим чествованием и помпой ухудшить его положение, осторожно пожелали знать на этот счет его мнение. Против их ожиданий писатель живо отозвался на это начинание и при этом прибавил приблизительно следующее: «Спасибо Вам и всему русскому народу. Это чествование, юбилей нужен не мне. Мне уже ничего не надо, а нужен русскому обществу, русскому народу. Они (юбилеи) необходимы для всякого народа: он как бы встряхивается и подтягивается на них. Такие юбилеи и общественные праздники – это этап, остановка на жизненном пути всякого исторического народа. Народ на минуту как бы делает передышку, вглядывается и подводит итог тому, что пройдено, что сделано и что надо еще сделать и с новыми силами идет туда в неведомую, но светлую даль, куда упорно и безостановочно стремится все человечество…»

Вот такой этап, такую остановку нынешним юбилеем – ясно это

вижу – делает для себя и осетинский народ. Он как бы подводит итог сделанному и пройденному и готовит силы для будущего. И здесь с этими представителями благородного собрания и всего маленького, но талантливого осетинского народа я глубоко верю, что самый тяжелый и суровый, самый тернистый путь остался позади – впереди широкая светля даль, куда безоглядно и безостановочно идет все человечество, и где, по выражению бессмертного русского поэта А.С. ПУШКИНА, «народы, распри позабыв, в единую семью соединятся». Но туда, в это царство правды, света и разума – я твердо верю – даровитый осетинский народ придет не бедным нищим, не с голыми руками. В этом мне является надежной порукой светлый образ славного поэта и гражданина, память которого ныне чествуют его единоплеменники. <…> еще раз горячо приветствую осетинский народ и радуюсь его радостью и искренно говорю: побольше таких людей, как КОСТА ХЕТАГУРОВ, и пусть они, как вожди, идут впереди и, как светом, освещают путь к лучезарному светлому будущему.

Председатель М.Г. АВСАРАГОВ: Слово для приветствия принадлежит представителю Карачаевского Исполкома Х. Хубиеву.

Х. ХУБИЕВ: Приветствую настоящее собрание и весь осетинский народ от имени Карачаевского народа. КОСТА ХЕТАГУРОВ дорог не только для осетин, но и для других горцев, в особенности же для карачаевцев. Коста быстро сошелся с карачаевцами, и карачаевцы его никогда не забудут; Карачай считает его своим. Лично я близко знаком с Коста; он нас, карачаевскую интеллигенцию, всегда поддерживал, разделял все наши радости и горе в памятные 1903 – 1905 гг., чутко отзывался на все, указывал на все наши ошибки. Потом я с ним расстался надолго, так как я был сослан. И вот в ссылке я получил известие, что он умер. Болью отозвалась его смерть в моей душе… Карачаевцы будут помнить его. Да здравствуют заветы КОСТА и братское единение горцев.

Председатель М.Г. АВСАРАГОВ: Слово для приветствия принадлежит Народному Комиссару Просвещения Горской Республики К. БУТАЕВУ.

К. БУТАЕВ в своем приветственном слове провел ту мысль, что КОСТА – революционер первого периода, когда еще неясно различали классовое расслоение, что он – герой не только национальный, но и герой угнетенного класса.

Председатель М.Г. АВСАРАГОВ: Слово для доклада принадлежит

члену Осетинского Историко-Филологического Общества и Правления его Г.Г. Бекоеву на тему: «Жизнь и творчество первого певца горской бедноты КОСТА ХЕТАГУРОВА».

Г.Г. БЕКОЕВ доклад свой прочитал в 45 минут (доклад при этом прилагается).

Председатель М.Г. АВСАРАГОВ: Слово принадлежит сотоварищу Коста Хетагурова на литературном поприще по газете «Терек» ФИЛЬКОВИЧУ для воспоминаний о Коста как о поэте, художнике и общественном деятеле.

ФИЛЬКОВИЧ <…> Все поэты умирают слишком рано. Такова их участь. Умер рано и Коста, но он многое осветил в познании маленького, но великого по духу осетинского народа. Осетины – самый талантливый народ на Кавказе. Это – единственный народ, которого видите в Америке. Ему принадлежит будущее…

Коста был человек выдающийся. Он не только поэт, но и художник, при этом незаурядный. В этом можете убедиться на обзоре его картин, выставленных в фойе. На одной из них вы видите ущелье, горы и горцев-детей с умными глазами. На другой – Скорбящего Ангела. В них выражается <…> вся душа Коста. Коста был и выдающийся общественный деятель. Ему принадлежит записка о церковных делах в России. Он составил замечательную записку, которая была рассмотрена в Св<ятейшем> Синоде. В этой записке Коста указывал на недостатки церковной общественной жизни. Эта записка сохраняет свое значение и теперь, так как многое в области церковных реформ делается так, как говорилось в ней. Коста не только поэт, но и пророк, предугадывающий будущее. Это он доказал своей запиской.

Председатель М.Г. АВСАРАГОВ: Торжественное заседание Осетинского Историко-Филологического Общества, Осетинского Отдела Народного Образования и Осетинского Окружного Исполкома объявляю закрытым. Публика приглашается к обозрению рукописей и картин Коста, выставленных в фойе театра. После перерыва состоится Концертное Отделение, а в 7 часов вечера будет поставлена на осетинском языке пьеса Е. Бритаева «Dvўæ xojv».

<…>

*НА СОИГСИ Ф. 13. Оп. 1.*
*Д. 5. Л. 46-54*



**ДАРЧИТЫ Мæдинæ**

ЦИГСИИ-йы хайады сæргълæууæг, филологон наукæты кандидат. 90 наукон куыстæй фылдæры автор. Фольклор, этнолингвистикæ æмæ культурологийы къабæзты специалист.

# ГУЫТЪИАТЫ ХЪАЗЫБЕДЖЫ «НАРТЫ КАДДЖЫТЫ» ОРФОГРАФИЙЫ ТЫХХÆЙ

*Уац*

Ирон адæмон «Нарты кадджытæ» мыхуыргонд цыдысты алыхуызон рауагъдты. Уыдоны ‘хсæн хицæн кæны, Гуытъиаты Хъазыбег фондз чиныгæй цы рауагъд бацæттæ кодта, уый. Фыццаг том хицæн чиныгæй рацыд 1989 азы, иннætæ мыхуыргонд цыдысты литературон журнал «Мах дуг»-ы (II том – 1996 азы №№ 1–10; III том – 2005 азы №№ 2–12; IV том – 2006 азы №№ 1–12). Бафиппаинаг у, авторы редакцимæ æвнæлд кæй не ‘рцыд, уый, æмæ уæдæй нырмæ нæма басабыр сты йæ орфографийы фæдыл быцæутæ.

Зындгонд ирон ахуыргонд Гуытъиаты Цицкайы фырт Хъазыбег уыд алывæрсыг курдиаты хицау: литературæзонынад, фольклористикæ, этнологи, æвзагзонынад, Нарты кадджытæ. Эпикон тексттæ раиртасын æмæ сæ систематикон фисынтыл равæрыны хъуыддаджы йæ къухы бафтыди æвæджиауы стыр æнтыстытæ. Уыдоны фæрцы ныр нæ бон у дзурын: нæ фыдæлтæ зыдтой ирон эпос хицæн æмæ кæрæдзийæ иппæрд кадджытæй нæ, фæлæ иугонд, æххæст эпопейæйы хуызы. Ærмæст фольклориртасджытæ æмæ лингвисттæ иузæрдион нæ уыдысты мыхуыргонд тексттыл. Уæлдайдæр, Хъазыбег йæхи орфографийæ кæй пайда кодта, уымæ гæсгæ.

Афтæмæй сæвзæры фарст: ацы рауагъды редколлеги цæуылнæ аивта текст ирон æвзаджы орфографийы нырыккон æгъдæуттæм гæсгæ? Уымæн ис цалдæр аххосаджы. Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ фыццаг рауагъд информацион тыгъдады æргом ныффидар кодта кадджыты иугонд текст. Уый чиныгкæсджытæй бирæты, уыдонимæ ахуыргæндты-фольклористты, лингвистты, историкты зæрдæтæм фæндаг ссардта, æмæ, мыхуыргонд куыд æрцыд, афтæмæй дзы исынц цитатæтæ сæ зонадон куыстытæн. Дыккаг, ноджы ахсджиагдæр аххосаг ис уый мидæг, æмæ текстæ уагъд æрцыдысты, Хъазыбег ма æгас куы уыди, уæд йæхи редакцигондæй. Уый дзурæг у ууыл, æмæ Хъазыбегмæ уыдис уæзгæ аргументтæ, куыд æмæ цы фысгæ у, уыдæтты тыххæй. Æцæг 1989 азы йæ амындтытæ се ‘ппæт нымад не ‘рцыдысты, æмæ редактортæ æмæ корректортæ текстмæ сæхирдыгонау базылдысты, алывæрсыгæй йæ рауагъдмæ бацæттæ кæныны охыл. Фæлæ баззади Хъазыбеджы чиныг, йæ сыфтыл рæстытæ, афтæмæй.

Уал азы фæстæ мыхуырмæ цæттæ кæны фондзтомоны дыккаг рауагъд. Æмæ редакцион коллеги бацархайдта чингуытæ аразæджы æппæт домæнтæ дæр сæххæст кæнынил, йæ къухфыст ын æнæ ивгæйæ ныууадзынил.

Гуытъиаты Хъазыбеджы æмдугонтæ æмæ æмкусджытæн зындгонд уыди йæ цæстæнгас ирон орфографимæ: уый æргом дзырдта, разы кæй нæу канд хицæн дзырдты нæ, фæлæ хаттæй-хатт æнæхъæн морфологион къластæ æмæ синтаксисон конструкциты растфыссынадимæ дæр. Ахуыргонд бинонығæй бакуыста «Ирон фыссынады теори»-йыл. Йæ къухфыст ис йæхи архивы, æнхъæлмæ кæсы, чи йæ рауадза, уымæ. Уый у æвæджиауы ахсджиаг фæллой, æмæ цымыдисаг уыдзæни канд лингвисттæн нæ, фæлæ хуымæтæджы чиныгкæсджытæй дæр бирæтæн, «Ирон Нарты кадджыты» фондзтомоны æвзаджы æвæджиауы аив фæзилæнтæм лæмбынæг цæстæй æркæсын кæй бафæнда, уыдонæн. Уымæй уæлдай ма куыст ахсджиаг у ирон фыссынады истори раиртасынæн дæр: рухсмæ хæссы XX æнусы дыккаг æмбисы быцæйуаг фарстатæ, уыимæ ирон æвзагзонынады актуалон фарстатæ дæр, зæгъæм, хауæнты системæ, номивджыты энклитикæ, хъуыдыйады мидæг цавды хуызтæ æмæ æнд.

Уæдæ раргом кæнæм фидæны «Ирон фыссынады теори»-йы

иуæй-иу сусæгдзинæдтæ, бацархайæм равдисын, Гуытъиаты Хъазыбеджы арæзт «Ирон Нарты кадджыты» фондзтомоны оригиналон орфографи ныры домæнты халдих цæуылнæ у, уый. Нæ хъавæм сыдывд дæнцæгтæй бындурон уынаффæ рахæссын, уæлдайдæр та саразæджы сраст кæнын. Ацы рæнхъыты автор фидарæй æуууæнды, фондзтомоны текст фольклор æмæ ирон æвзаджы дæсныйы бирæазон уникалон куыст кæй у.

Фыццаджы-фыццаг бафиппаинаг у, Гуытъиаты Хъазыбег ирон орфографийы сæйрагдæр принципыл цы нымадта, уый. Ирон æвзаджы нырыккон орфографийы уагмæ гæсгæ æргом здæхт цæуы фонетикон, морфологион, бадзырдон æмæ традицион принциптæм, сæ сæйрагдæртæ – морфологион æмæ фонетикон. Ахуыргонд фыста: «Нырыккон ирон орфографийы принципты фарстайыл дзургæйæ, æдзухдæр хъуыдыйы дарын хъæуы уый, æмæ реалон æгъдæуттæ баст сты фонемæтимæ, фонемæтæ фыст куыд цæуынц, уыимæ. Уымæ гæсгæ, нырыккон ирон орфографийы сæйрагдæр принцип у фонематикон (фонологион), фонетикон принципимæ æмбастæй. Уый куыд æмбаргæ у? Уый æмбаргæ у афтæ, æмæ фысты мидæг лæвæрд цæуынц хæдбар, сæйраг мыртæ, ома **фонемæтæ**, кæм æвæрд сты, уый нæ хынцгæйæ». Ноджы дарддæр: «Фæлæ, æппынфæстаг, сæйрагдæр хъуыддаг уый мидæг нæй. Сæйрагдæр у *стратеги æмæ тактикæ сбæлвырд кæныны. Тынг ахсджиаг у архайдтыты стратегийыл сахуыр уæвын: куыд гæнæн ис, афтæ хуыздæр сбæлвырд кæнын.* **Фыст дзырдтæй иу дæр хъуамæ ахæм ма разына, йæ растфыссынад зонадон æгъдауæй бæлвырдгонд кæмæн не 'рцыд.** Æмæ ам стыр æхххуыс у *уыцы стратеги – этимологион анализ – ома ирон æвзаджы рагон хуызты фæрцы йæ сбæлвырд кæнын.* Этимологион бæлвырдгæнæн мадзалы фæрцы ис фенæн не 'взаджы ивгъуыд, йæ рæзты фæндагыл ын цæст ахæссын».

Хъазыбеджы фидарæй уырныдта, ирон орфографи ивддзинæдтæ кæй домы, фыццаджыдæр та – йæ орфоэпикон нормæ: «Мæнмæ гæсгæ, райдайын хъæуы ирон орфоэпийы фарстатыл, дзурыны нормæтыл æрныхас кæнынæй. Æнæмæнг алыг кæнын хъæуы ирон æвзаджы «мырон», фонемон сконды фарста, уый уæлвæд та хъæуы ирон графикæйы фарстатæм рахизын» («Ирон фыссынады теори». Гуытъиаты Хъазыбеджы сæрмагонд архив). Номхуындæй,

уый хауы быцæйуагдæр фарстатæй иумæ: куыд фыссын хъæуы номивæджы хуызтæ (формæтæ) цæ, цын (нырыккон орфографимæ гæсгæ – сæ, сын):

*#Уæрхæг цæм бацыд, ныхъхъæбыс цæ кодта ‘мæ цæм дзуры.*

**Уæрхæг сæм бацыд, ныхъхъæбыс сæ кодта ‘мæ сæм дзуры.*

(Ам æмæ дарддæр нысан #-йæ бæрæггонд цæуынц Гуытъиаты Хъазыбегмæ гæсгæ раст формæтæ, нысан *-йæ та – рæдыдтытæ).

1955 азы ирон æвзаджы растфыссынады фарстатыл уагъд брошюрæйы кæсæм: «…3-аг цæсгомы номивæг уый-йы бирæон нымæцы цыбыр формæтæ **сæ, сын, сæм, сыл** арæх дзурынц **цæ, цын, цæм, цыл,** фæлæ сæ фыссын хъæуы кæддæриддæр **сæ, сын, сæм, сыл**». Уымæй раздæр, 1939 азы рауагъд брошюрæ «Ирон æвзаджы алфавит æмæ орфографи»-йы та загъдæуы, номивæджы 3-аг цæсгомы бирæон нымæцы энклитикон хуызтæн ис параллелон хуызтæ: **цæ, цын, цæм, цыл**.

Ноджы бæстондæр уыцы формæтыл дзырдтой 1937 азы: «Uycy dyuuæ xuyzy formætæn næj nyuuadzæn næ orfografijy, uymæn æmæ, zyn ravzaræn u, kæd xuyzdær u fyccægty fyssyn æmæ kæd xuyzdær u fæstægty fyssyn, fælæ, ærmæst fyccægty kuy nyuuadzæm, uæd uydon næ nyxasy kæddæriddær æmæ kæcydæriddær rany fidauync dzurynæn dær æmæ fyssynæn dær».

Дамгъæтæ **ц (ц)** æмæ **дз (z)** цы мыртæ нысан кæнынц, уыдоны дзурыны ахасты тыххæй Гуытъиаты Хъазыбег бафиппайдта: «Нæ лингвистты хъуыдымæ гæсгæ уыдон сты аффрикатæтæ, ома ахæм мыртæ, кæцытæ сты дыгай фонемæты къæйттæ: **ts** æмæ **dz**»:

*#Сатана цæм рауад æмæ цæ фæрсы.*

**Сатана сæм рауад æмæ сæ фæрсы.*

Хъазыбег йæхæдæг та нымадта: «Ирон **ц** аффрикатæ нæу, фæлæ хуымæтæг мыр. Ирон **ц** æмæ уырыссаг **ц**-йæн æмхуызон схонæн ницыхуызы ис». Лингвисттæ-фонологтæ нымайынц, зæгъгæ, ирон æвзаджы мидæг орфографион **дз** æмæ **ц** цы фонемæтæй ивд цæуынц, уыдон сты «раззагæвзагон иуфокусон аффрикатæтæ /**z**/ æмæ /**s**/ (Дзахова В., 2013). Битарты Зоя куыд схатдзæг кодта, афтæмæй ирон ныхасыздæхты орфографион аффрикатæтæ **ц** æмæ **дз**-йы бæсты дзурын хъæуы иуфокусон астæуккагæвзагон мыртæ **z′** æмæ **с′** (Битарты З., 1981).

Æцæг, ирон æвзаджы мидæг мыр /**s**/ (орфографион **ц**) дзурыны фарста равзаринаг у бындуронæй. Аффрикатæ – лат. affricata (æмбаст): «æрдзæй иугъæдон артикулярон чи нæу, ахæм вазыгджын æмхъæлæсон мыртæ: уыдон дзургæйæ, артикулярон змæлдтыты иумæйаг комплекс иу кæны æвиппайдон æмхъæлæсонты, мыртæн сæ æвиппайдон баст фегом кæныны, æмæ ивазгæ æмхъæлæсонты зыхъхъыры фазæтæ. Уымæ гæсгæ, аффрикатæтæ хатгай фæхонынц æвиппайдон-фрикативон æмхъæлæсонтæ». Дамгъæтæ æмæ мырты æмахаст иртæста йæ диссертацийы автореферату Боцуаты Евген. Багаты Никъала дæр фыста, ирон литературон æвзаджы кой куы кæнæм, уæд орфографион **ц** аффрикатæ схонæн нæй, зæгъгæ.

Æрмæст фонетикон хицæндзинæдтæй дарддæр Гуытъиаты Хъазыбег фылдæрхатт йе 'ргом здæхта семантикæмæ, ома хъуыддаг канд аивзæлынады мидæг нæй, фæлæ ма – нысаниуæджы иттæг аив фæлгъуызты дæр. Дæнцæгæн æрхæссæм хъуыдыйæдтæ:

*#Уырызмæг **сæ** ныццæуæны афон зыдта.*

*#Æмæ **цæ сæ** разæй ракодтой.*

*#Мæликк **цæм** й' адæмимæ, Уырызмæг сæ разæй, афтæмæй рацыдысты.*

Ацы хъуыдыйæдты Хъазыбег æвзары номивæджы энклитикæ, номдаримæ, мивдисæгимæ æмæ йын фæсæвæрдимæ йæ бастдзинады характермæ йе 'ргом здахгæйæ.

***Цæ** – **сæ**,* **цыл** – ***сыл***-ы хуызты (формæты) хъуыдыхицæнгæнæн функцийæн автор бындур æрæвæрдта ахæм дæнцæгæй:

*#Уæд авд зæды хъахъхъæнынц уæларвæй,* æмæ **цæ** иу фæрсы (ома, уыдонæй чи нæ у, ахæм чидæр уыдоны фæрсы). **Цæ**-йы бæсты **сæ** фыст куы 'рцæуа, уæд синтаксисон арæзты (конструкцийы) хъуыды ивд æрцæудзæн: *Уæд авд зæды хъахъхъæнынц уæларвæй, æмæ сæ иу фæрсы* (ома уыдонæй иу фæрсы). Ноджыдæр ма иу хъуыдыйад:

*#Уыйбæрц рæгъау хызти Тары фыртты зæххыл, æмæ сæ зæхх басау* (Столько скота паслось на земле сыновей Тара, что их [сыновей Тара] земля почернела) / *Уыйбæрц рæгъау хызти Тарыфыртты зæххыл æмæ* **цæ** *зæхх басау* (Столько скота паслось на земле сыновей Тара, что от них [скота] земля почернела). Ацы аргументимæ æнæ сразы уæвæн нæй.

Ахæм фыссынадыл æмбæлæм, Æлборты Барысби мæздæггаг

ирæтты æвзаджы здæхт кæм иртасы, уыцы куысты дæр. Уæдæ зæгъæм, Ирон националон корпусы дæр нæ бон у ссарын 900 дæнцæгæй фылдæр (150 документы), **цы** фыст кæм цæуы, 230 дæнцæджы – ***цын***, 100 дæнцæгæй фылдæр – ***цыл***.

Хъазыбеджы хъуыдымæ гæсгæ, орфографимæ хъуамæ ивддзинæдтæ хаст æрцыдаид æвзаджы æппæт æмвæзадтыл дæр. Морфологийы рацарæзты хъус æрдарын хъуыдаид, зæгъæм, ныронг лыггонд цы фарста нæма æрцыд, уымæ – иварон хауæн ирон æвзаджы (ацы лингвистикон проблемæмæ йын цы цæстæнгас уыд, ууыл дзурын хъæуы хицæн куысты); дывæргонд æмхъæлæсонты растфыссынад дзырдты: *#астæуггаг, хъæуггаг*. Абары сæ æндæр дзырдты фыссынадимæ – *мыггаг, лыггаг, сыггаг*, – æмæ, зæгъы, уыдонмæ гæсгæ фыссын хъæуы нымæцонтæ *#æртыггаг, дыггаг* æмæ æндæртæ дæр.

Бындуронæй Гуытъиаты Хъазыбег æвзæрста апостроф æвæрыны фарста дæр. Хъæлæсоны ахауд (элизи) номивæджы энклитикæимæ баст кæм у, уым йæ зæрды уыди мæнæ ахæм хуыз аразын: **д' адæм**; æндæр хуызы хъуыдыйады ацы дзырд фыст цæуы æнæ апострофæй: *Цалынджы дын нæртон лæг ыскува, уæдмæ* ***дæ адæм*** *физонæгæй фæхæрæнт*. Ахуыргонды хъуыдымæ гæсгæ, апостроф æвæрын нæ хъæуы, «дыууæ дзырды æхсæн дыууæ лæмæгъ хъæлæсоны иу тыхджын хъæлæсонæй ивд куы æрцæуынц, уæд: *мæ æмбал <ме мбал; ме взаг – ме знаг <мæ æвзаг – мæ ызнаг*» («Ирон фыссынады теори»). Ацы ран дыууæ лæмæгъ хъæлæсоны æндæрмæ кæй раивтой, уымæ гæсгæ се 'хсæн апостроф æвæрын нæ хъæуы. Апостроф æвæрды æндæр хуызтæ иртæст цæуынц «Ирон фыссынады теори»-йы.

Вазыгджын мивдисджытæ (сложные глаголы) æмæ амад мивдисджытæ (составные глаголы) кæрæдзийæ бæлвырдæй кæй хицæн кæнынц, уый дæр у инновацион зондахаст: «Вазыгджын мивдисджыты æххуысгæнæг хай *кæнын*-æн йæ райдианы семантикæ æнæ ивдæй куы баззайа (кæнын, ома аразын), уæд æй фыссын хъæуы хицæнæй:

*#Æхсаргард кæнын æмæ уый кондыл ыскæнин.*

*#Батырадз сырды* ***хъæр кæны***. *Хъæр*-æн йæ растфыссынад грамматикон æгъдауæй баст у дзырд *сырд*-имæ, æмæ уымæ гæсгæ *кæны* фыссын хъæуы хицæнæй. Фæлæ *Батырадз* **хъæркæны** йе мбæлттæм

фыссын хъæуы æмхæстæй» («Ирон фыссынады теори»). Хъазыбег йæ къухфысты зæгъы: «Вазыгджын мивдисæг арæзт у дыууæ хайæ – номон хай æмæ, йæ лексикон нысан чи бахъахъхъæдта, ахæм мивдисæгæй. Зæгъæм, *суг ласын, дзаума дарын, хæдзар кæнын.* Ахæм вазыгджын мивдисджыты хицæндзинад ис уый мидæг, æмæ дзы номдар-хаймæ ницы хуызы ис бафтауæн мивдисæджы разæфтуан, фæлæ дыууæ хайæн (компонентæн) ис сæ кæрæдзийы бынæттæй аивыны мадзал. Ахæм мивдисджытæ фыссын хъæуы хицæнæй» («Ирон фыссынады теори»). Мивдисæджы амад хуыз та, авторы хъуыдымæ гæсгæ, у мивдисæджы биноныг (фидар) арæзт, уый дæр конд у номдар æмæ «мивдисджытæй ласын, дарын, кæнын, фæлæ ныридæгæн йæ лексикон нысаниуæг, сæ райдианы апп чи нæ бахъахъхъæдта, ахæмтæй. Сæ хицæндзинад та уый мидæг ис, æмæ ам номдармæ бафтауæн вæййы мивдисæджы разæфтуан, мивдисæджы хæйттæн та кæрæдзи бынæттæй аивæн нæ вæййы» («Ирон фыссынады теори»). Афтæмæй «Нарты кадджыты» тексты ссарæн ис амад мивдисджытæ *хъуыдытæкæны, лæваркæныс (26), арфæтæкодта (30), баххуыскæн (32), абæрæгкодтой, амыртмырткодтой (35), схъæркодта (37), фæцыргъдæркæн (41)* æмæ æнд. Уыцы принципмæ гæсгæ ахуыргонд фыссы амад мивдисджытæ æндæр мивдисæгон хаимæ: *мæстæймæлгæ, тъæппытæхаугæ (25), ныффуттытæласынц (31), рагæпласта (35)* æмæ æнд. Нырыккон ирон æвзаджы орфографимæ гæсгæ уыдон иууылдæр фысгæ сты хицæнæй (Ирон орфографи æмæ пунктуацийы æгъдæуттæ, 2004).

Нырыккон орфографийы домæнтæм гæсгæ хицæнæй фысгæ у нымæцон ***иу*** йæ фæстæ æвæрд дзырдтимæ: *иу бон, иу хатт, иу ахæмы, иу цалдæр, иу чидæр, иу цавæрдæр, иу дзæвгар, иу чысыл, иу дзырдæй.* Гуытъиаты Хъазыбег куыд хъуыды кодта, уымæ гæсгæ та фæрсдзырд йæ хай иу-имæ хъуамæ фыст уа иумæ:

*# Æрулæфыди та иу хъæдыкъохы, афынæй ис* ***иучысыл****... (172).*

*#* ***Иучысыл*** *рæстæг рацыд, æмæ та ногæй ныууади дон хæссæнмæ (192).*

*# Бадынц æфсымæртæ, бадынц уазджытæ дæр* ***иуцасдæр*** *æнæ исты сдзургæ (300).*

*# Уæд та* ***иухатт*** *фæцыди цуаны (20).*

*#* ***Иухатт*** *дæр та хъазынц, æмæ Нарты лæппуты амбылдта (133–134).*

*# Фæцыдысты та* ***иухатт*** *лæгрæгъауæй дард ранмæ (275).*

Ахæм фыссынад ис, Хъуылаты Никъала цы орфографион дзырдуат сарæзта, уым дæр (Кулаев Н.Х. Орфографический словарь осетинского языка, 1956) æмæ «Ирон æвзаджы грамматикæ»-йы дæр: «…*иубон* “недавно” (букв. “в один день”), *иуаз* “в один год”, “давно когда-то” (букв. “в какой-то год”), *иухатт* “однажды”, *иуырдыгæй* “с одной стороны” и другие» (Грамматика осетинского языка, 1963).

Дыууæ номон хайæ арæзт вазыгджын дзырдты фыссынад дæр у ирон орфографийы фарста. Гуытъиаты Хъазыбеджы хъуыдымæ гæсгæ, номон хæйтты тырнындзинад æмхæст фыссынадмæ у ирон æвзаджы миниуæг: «И настолько все это стало своеобычным, что никто даже не подумает о раздельном написании, например, таких слов, как *цæссыг* (образованном из цæст и сыг), *рæстуд* (из раст и уд) …» («Ирон фыссынады теори»). Фæлæ уыцы иу рæстæг фæзыны цавæрдæр дызæрдыггаг фарстатæ кæцыдæр вазыгджын номдарты фыссынады фæдыл. Зæгъæм, дзырд *‘фоснымад’* (Фæлæ *Хъуыбады* || *Йæ фоснымады* || *Фынддæс нæ ары*). Хъазыбег хицæн кодта иугæнæг хъæлæсоны ‘руаджы арæзт вазыгджын номдартæ, æмæ æнæ уый æххуысæй арæзт, æмæ иумæ фыста ахæм дзырдтæ: *цардамонд, цæлминас, къæйдур, фæткъуыбæлас, кæрдобæлас, бæрзбæлас, тулдзбæлас, балбæлас, цымбæлас, æхцынцъыбæлас* æмæ æнд. Ацы дзырдтæ йæм бæрæггонд сты куыд æнæ иугæнæг хъæлæсонæй арæзт вазыгджын номдартæ.

1955 азы орфографийы уагæвæрдмæ гæсгæ, номдæрттæ миногон-бæрæггæнæджы нысаниуæджы фысгæ сты хицæнтæй: *хур бон, къæвда бон, фæткъуы бæлас, кæрдо бæлас, æвзист уидыг, сызгъæрин къухдарæн* æмæ а.д., фæлæ: *нымæтхуд, лæппулæг, чызгус* æмæ а.д. (Правила орфографии осетинского языка, 1955). Нырыккон орфографийы домæнтæм гæсгæ дæр хицæнæй фысгæ сты номдары номон æмæ гуырынон хауæнæй æвдыст бæрæггæнæнтæ. Фæлæ ам дæр ис уæлвæтк: вазыгджын дзырдты хуызы цы терминтæ ныффидар сты, уыдон – *залмысыф, дугъысыф, фарсылæвзаг* æмæ æнд. Æмæ кæд афтæ у, уæд зын бамбарæн у, дзырдтæ *уæраджы сæр, сæры фахс, цонджы хъул, сæры къуыдыр* æмæ æнд. цæмæн хъæуы фыссын хицæнтæй, кæд æмæ уыдон дæр хауынц терминтæм?

Авторы хъуыдымæ гæсгæ, иуæй-иу хатт вазыгджын номдары фыццаг хайы морфологон кълас зын равзарæн вæййы, фæлæ уæд-дæр, кæд миногон вæййы бæрæггæнæджы уавæры, уæд æй хъæуы фыссын йæ бæрæггæнинаг номдаримæ иумæ. Ацы ран æрхаста дæнцæгтæ Нигер æмæ Мамсыраты Темырболаты уацмыстæй.

«Нарты кадджыты» ма æмбæлынц дыууæ нæ, фæлæ æртæ уида-гæй арæзт дзырдтæ, уыдон дæр кадджыты иугонд тексты аразæг фыссы иугондæй: *саргъæвæрынафон, артдзæгрæхыс, ронбæстытæй-дæлæмæ* æмæ æнд. Ахæм фыссынад лæвæрд цæуы «Ирон æвзаджы грамматикæйы» дæр, уымæн æмæ ахæм дзырдты арæзт ирон æвзаджы у продуктивон.

Æмхæстæй фыссынады æгъдау Хъазыбег сфидар кодта «Нарты кадджыты» топонимикон нæмтты: Гуымиртыбæстæ, *Лæхъыбыдыр, Хурыбыдыр, Æргъæныбыдыр, Уазмысæр* æмæ æнд. «Совершенно необходимо утвердить в правилах написание таких сложных образований, как *Дæргъæфсыком* с соединительной гласной, наряду с *Дæргъæфсгом* – без соединительной гласной и с озвончением глухого **к** в компоненте **ком.** Писать слитно *Уæлладжырыком (Уæлладжыргом), Куырттатыком (Куырттатгом)*», – фыста Хъазыбег, уымæ гæсгæ, æмæ ацы дзырдтæй ис æндæртæ саразæн, фæсæфтуан бафтаугæйæ: *куырттатыкоймаг, дæргъæфсыкоймаг.*

Ахуыргондæн цымыдисаг уыди дыгурон æвзаджы растфыссынад дæр: «Две эпохи, две стадии были в развитии нашего языка – староосетинская и новоосетинская. Современный осетинский язык пришел на смену старому. И в то же время они живут и здравствуют рядом. Это – явление уникальное, продиктованное самой жизнью. Это историческая закономерность. И это – система. <…> Именно на староосетинском и новоосетинском создавались образцы народнопоэтических произведений» («Ирон фыссынады теори»). Дæн-цæг æрхæссæм: «*Куд ин æй фæххæссон... Æхе ба йин йеу æфсорхъбæл бабаста.* Æмхъæлæсон æмæ хъæлæсон кæм æрæмных вæййынц (*куд **ин***), уым фыссын хъæуы *ин.* Дыууæ хъæлæсоны кæм æрæмных вæй-йынц (*æхе **ба ин***), уым та дыккаг дзырды тæккæ райдиан фæзыны протетикон мыр – сонант ***й***, æмæ уыцы сонант фыссын хъæуы æнæ-мæнг, цæмæй дзургæйæ æвзаджы зæлаив, йæ мелодикæ, йæ музыкæ хæлд ма ‘рцæуой: *æхе ба **й**ин...*». Раст зæгъгæйæ, автор æвзаджы

хæрзхъæд иртасы просодийæ, ома ныхасы мидæг цавдон æмæ æнæцавдон, даргъ æмæ цыбыр уæнгтæм цæст даргæйæ.

Ахуыргонд йе 'ргом здæхта, нырыккон ын цы орфоэпийы æгъдæуттæ уыдисты, уыдонмæ гæсгæ акцентуалон комплекстæ хицæн кæнын кæй нæ уайы, уымæ:

**Уырызмæг æй нырриуыгъта æмæ йæ астæуыл атахт.*

#*Уырызмæг æй* || *нырриуыгъта, 'мæ* (аферезис – ома, дзырдæн йæ фыццаг мыр кæнæ мыртæ куы ахауынц, уæд уый) || *й' астæуыл* (элизи – ома, дзырдæн йæ дыккаг мыр куы ахауы, уæд уый) *атахт*. Дыккаг дæнцæджы «хъуыдыйады уайтагъд фæзыны ритмы хъомыс æмæ иттæг раст æрдзон музыкалон интонаци, уый бацæуы æххæст гармонийы хъуыдыйады мидисимæ, æвзаджы æрдз æмæ удимæ» («Ирон фыссынады теори»).

Афтæмæй, Гуытъиаты Хъазыбег цы орфографион принциптæ равзарынил бацархайдта, уый фæдыл скæнæн ис къорд хатдзæджы: ахуыргонд сæйрагдæр хъуыддагыл нымадта историзмы принцип æмæ дзы орфографийы фарстаты иуварс нæ хызти æвзаджы æппæт æмвæзадтыл дæр; тох кодта æвзаджы мидæг кæнгæ миты, уырыссаг æвзагæй ист калькæгонд конструкцитæ æмæ формæты (хуызты) ныхмæ; æнæ дызæрдыгæй лыг кодта, ирон æвзаджы иварон хауæн кæй ис, уый, стæй вазыгджын дзырдтæ фыссыны фарста. Нæ ныхасы мах бинонтыг не 'ркастыстæм дывæргонд æмхъæлæсонты фыссынадмæ, комкоммæ æмæ фæрссаг ныхæсты арæзтмæ, æвзаджы хауæнты структурæмæ, домгæвазыгджын хъуыдыйæдты арæзтмæ, æмæ ма Гуытъиаты Хъазыбег йæ «Ирон фыссынады теори»-йы ноджыдæр цы бирæ цæмæдæрты йæ хъус æрдардта, уыдонмæ.

Гуытъиаты Хъазыбеджы æмбырдгонд «Ирон адæмы Нарты кадджытæ» рагæй ссардта фæндаг чиныгкæсджыты зæрдætæм æмæ ныр фондз томæй уагъдæй æвдисы нæ фольклоры стырдæр хæзна æххæст æмæ бæстонæй йæ райдайæнæй йæ кæронмæ. Хъазыбеджы лæмбынæг æмæ вазыгджын куыст ма ноджы иу хатт æвдисы нæ хъæздыг эпосы æнæкæрон фæрæзтæ æмæ амал дæтты ног зонадон æнтыстдзинæдтæн. Къухфыстæй йын бирæ бынтæ баззад, æмæ, цæмæй уыдон иртæст æмæ мыхуыргонд æрцæуой, уый тыххæй дзæвгар азты дæргъы бахъæудзæни Нарты кадджытæ æвзарæг специалистты æнæхъæн коллективы фæллой.



# ÆЛБОРТЫ БАРЫСБИ
## (1886 – 1968)

Фыццаг ирон профессор, поэт, драматург, æхсæнадон архайæг, зынгзæрдæ патриот, рæстдзинадыл тохгæнæг, ЦИГСИИ-йы фыццаг директор.

*Тыбылты Алыксандры номыл Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты ирон литературæйы кафедрæйы профессор Плиты Гацыр:*

*– Ирыстоны фарон æмæ абоныл куы дзурай, уæд нæ ахиздзынæ, Ирыстоны дæр æмæ Цæгат Кавказы дæр зонады къабазы иуыл бæрзонддæрæй чи ракаст, уыцы Æлборты Барысбийы иувæрсты. Царды асинтыл хизгæйæ, адæймагæн æххуысгæнджытæ вæййы. Барысби та æвзонгæй аныгъуылд хæдзарадон куыстыты, бинонты змæлды – активон хайадисæг, коммæгæс. Фæлæ ахуыры фæндагыл куы ныллæууыд, уæд ма æрмæстдæр хъуыста йæхи зæрдæмæ, æмæ йын уый та загъта, зæгъгæ, раст фæндаг равзæрстай. Йæ дугмæ гæсгæ, Барысби стыр къахдзæфтæ акодта йæ национ культурон фронты, Ирыстоны кæмттæм рухсы тынтæ бауадзыны хъуыддаджы. Диссаг у, уыцы иу рæстæг уай поэт, драматург, ирон æвзаджы дæсны, ирон литературæйы истори иртасæг, нæ хъæздыг фольклоры фарстатыл кусæг, этнографи æмæ ахуырады фарстатæм зилæг, ирон чингуытæ аразæг, нæ фыст цыртдзæвæнты иртасæг, Нарты хæзнаты бæстонгæнæг.*

*Æвæллайгæ уыд Барысби куысты. Фæлæ, хъыгагæн, хæлæг æмæ æнæцæстуарзонтæн сæ цæстыты гагуытæ рабырыдысты Барысбийы æнтыстытæм кæсгæйæ. Æнæ аххосæй йын 1938 азы æрцыд тæрхонгонд. Арвыстой йæ Свердловскы облæстмæ. Уый фæстæ реабилитацигонд æрцыд 1956 азы, æмæ уæдæй суанг йæ амæлæтмæ цард æмæ куыста Дзæуджыхъæуы. Йæ царды фæстаг азты куыста зонадон-иртасæн институты. Барысби ахицæн йæ цардæй 1968 азы.*



**ДЗАПАРТЫ Елизаветæ**

ЦИГСИИ-йы Ахуыргæндты советы ахуыргонд секретарь, хистæр наукон кусæг, филологон наукæты кандидат. Абайты Васойы номыл Паддзахадон республикон стипендийы лауреат. 100 наукон куыстæй фылдæры автор. ЦИГСИИ-йы журнал «KAVKAZ-FORUM»-ы бæрнон секретарь.

# АИВАДОН ТÆЛМАЦЫ БЫНАТ НЫРЫККОН ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ

*Уац*

Аивадон тæлмацы куыстæн ис хъæздыг æмæ дæргъвæтин истори, йæ проблемæтæ иртасынæн та – стыр ахадындзинад æвзаг, литературæ æмæ культурæйы рæзты. Тæлмац æмæ тæлмацгæнджыты фæрцы уæрæх кæнынц национ литературæ æмæ культурæйы бастдзинæдтæ, кæрæдзийыл баст цæуынц алыхуызон адæмыхаттытæ.

Ирон литературæ æппæтцæдисон æмвæзадыл зындтой тæлмацгæнджыты фæрцы. Нæ дзыллæ сæрыстыр у, 1950 – 1980-æм азты нæ литературæ уырыссаг æвзагмæ кæй тæлмац кодтой зынгонд поэттæ æмæ прозаиктæ Аннæ Ахматова, Михаил Зощенко, Николай Заболоцкий, Лев Озеров, Николай Тихонов, Евгений Евтушенко, Николай Рубцов, уыдонæй уæлдай – профессионалон тæлмацгæнджытæ Александр Шпирт, Павел Панченко, Наум Гребнев, Лазарь Шерешевский, Яков Козловский æмæ иннæтæ. Уыдон стыр æвæрæн бахастой Хетæгкаты Къоста, Гæдиаты Секъа, Нигер (Дзанайты Иван), Мамсыраты Дæбе, Хъайтыхъты Геор, Дзаболаты Хазби, Тетцойты Таймураз æмæ иннæ ирон фысджыты уацмыстæн советон чиныгкæсджытæм уæрæх фæндаг байгом кæнынмæ. Ирон авторты уацмыстæ

уырыссаг æвзагыл мыхуыры цыдысты сæйраг рауагъдæдты «Советский писатель», «Современник», «Художественная литература», æмæ афтæмæй семæ зонгæ кодтой Советон Цæдисы бирæнацион республикæты дæр.

Ирон æвзагмæ тæлмац кæныны хъуыддаг дæр цыдис активонæй. Уырыссаг, фæсарæйнаг литературæтæ, Кавказы æмæ Фæскавказы авторты уацмыстæ ирон фысджытæ «сдзурын» кодтой нæхи æвзагыл. Ирон тæлмацгæнджыты нæмттæ – Нигер, Плиты Грис, Гафез (Гаглойты Федыр), Хъайтыхъты Геор, Джусойты Нафи, Джыккайты Шамил – сыгъзæрин дамгъæтæй фыст æрцыдысты канд нæхи ирон литературæйы историйы нæ, фæлæ ма тæлмацгонд литературæйы дæр.

Советон Цæдисы фехæлды фæстæ тæлмац кæныны хъуыддагмæ уæлæнгай цæстæй кæсын райдытой. Фæкъаддæр сты тæлмацгонд уацмыстæ Уæрæсейы адæмты æвзæгтæй, аивтой мыхуыры фадæттæ дæр. Сæйраг аххосæгтæ баст уыдысты, паддзахад æмткæй литературæмæ йæ ахаст кæй аивта, профессионалон тæлмацгæнджыты нымæц дзæвгар кæй фæкъаддæр, бынæттон (регионалон) фысджыты бастдзинæдтæ Уæрæсейы Фысджыты цæдисимæ кæй фæлæмæгъдæр сты, уыдæттимæ. Уымæй уæлдай, цæхгæр фæлæмæгъ рауагъдæдты ифтонгад, бирæтæ дзы æхгæд æрцыдысты. Афтæмæй, хъыгагæн, 1990 – 2000-æм азты райдайæны къаддæрæй-къаддæр кодта национ æвзæгтæй тæлмацгонд чингуыты нымæц. Чингуыты тæрхæджытыл стыр бынат бацахстой лæмæгъ фыстытæ, курдиатæй цух фысджыты «фæлварæнтæ».

Кæд тæлмац кæныны процессæн цæлхдуртæ æвæрд æрцыд, уæддæр бынæттон журналтæ «Мах дуг» æмæ «Дарьял» 1990 – 2000-æм азты ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл чиныгкæсджыты зонгæ кодтой классикты сфæлдыстадимæ. Зæгъæм, журнал «Мах дуг»-ы бакæсæн уыдис Шекспир, Лафонтен, Петрарка, Гоголь, Чехов, Толстой, Шолохов, Твардовскийы æмæ, советон рæстæджы оригиналон уацмыстæ мыхуыр кæнынмæ æбар цы фысджытæ уыдысты – Бунин, Набоков, Шаламов, Ахматова, уыдоны сфæлдыстад, кавказаг æмæ фæскавказаг поэзи æмæ прозæ.

«Дарьял»-ы уæды рæстæджы кусджытæ Тотраты Руслан, Тедеты Георги, Саламты Таймуразы хъомысджын архайды

фæрцы мыхуыры цыдысты ирон классикты уацмыстæ уырыссаг æвзагыл. Фæзминагæй архайдтой Къибирты Тимур, Дзантиаты Анатоли, Гуырдзыбеты Иринæ, Боциты Юри, Булкъаты Игорь. Уыдон активонæй тæлмац кодтой, се сфæлдыстадон фæндаг XX æнусы дыккаг æмбисмæ кæмæн æрцыдис, уыцы ирон поэтты æмæ прозаикты уацмыстæ.

Фæстаг цалдæр азы тæлмац кæныны хъуыддаджы фæзынд хуыздæрæрдæм ивддзинæдтæ. Нырыккон уавæрты йын ис уæлдай ахсджиаг нысаниуæг. Алыхуызон литературæтимæ зонгæ кæнгæйæ, аивадон тæлмацы руаджы чиныгкæсæг базоны уыцы адæмы истори, культурæ, уæрæх кæнынц æвзаджы авналæнтæ дæр. Абоны бонмæ акæсгæйæ, бафиппайæн ис, литературон бастдзинæдтæм фылдæр се 'ргом кæй здахынц фысджытæ сæхæдæг, сæхи хъарутæй фæлварынц тæлмац кæнын. Бæрзонд æнтыстыл банымайæн ис Гуырдзыбеты Иринæйы, Дзасохты Музаферы, Хъазиты Мелитоны, Кокайты Тотрадзы, Скъодтаты Эльбрусы, Мамыкъаты Хъазыбеджы, Гусалты Барисы, Хохойты Энверы, Къибирты Амырханы, Хуыгаты Ирланы, Баситы Зæлинæйы архайд аивадон тæлмацы. Се руаджы иронау «сдзырдтой» уырыссаг æмæ фæсарæйнаг поэтты, прозаикты хъайтартæ.

Культурон бастдзинæдтыл æнтыстджынæй архайы ЦИПУ-йы доцент Безаты Фаризæ. А фæстаг рæстæг ирон æвзагыл мыхуыры рауагъта уырыссаг æмæ æндæр национ фысджыты къорд уацмысы. Литературон æхсæнады уæлдай цымыдисдзинад сæвзæрын кодтой, фыццаг хатт ирон æвзагмæ тæлмацæй Гæздæнты Гайтойæн цы дыууæ зындгонд романы «Изæр Клэрмæ» æмæ «Алыксандр Вольфы æндæрг» рауагъта хицæн чингуытæй, уыдон. Пайдайаг æмæ биноныг куыст бакодта ирон фысджыты сфæлдыстад уырыссаг æвзагмæ раивыны хъуыддаджы дæр. Хуыгаты Сергей, Хъазиты Мелитоны уацмыстæ Безаты Фаризæйы тæлмацæй мыхуыргонд æрцыдысты журналтæ «День и ночь» æмæ «Дарьял»-ы.

Ирон æвзагмæ драмон уацмыстæ тæлмац кæныны хъуыддагмæ дæр фæстаг цалдæр азы фылдæр æргом здæхт цæуы. Фыццаджыдæр, уымæн æмæ пайдайаг æрмæг свæййы нæ национ театртæн. Ирон æмæ дыгурон диалекттæм Кокайты Тотрадз, Хохойты Энвер, Къибирты Амырхан, Касаты Батрадз раивтой Шекспиры «Ричард

III», Мольеры «Мизантроп» æмæ «Дон Жуан», Пушкины «Дурын уазæг», Островскийы «Рæстдзинад хорз у, фæлæ амонд хуыздæр» æмæ æндæр уацмыстæ.

Уырыссаг æвзагмæ тæлмац кæныны къабазы æнтысы Хуыгаты Ирлан, Золойты Аркади, Наталья Куличенкойæн. Ратæлмац кодтой æмæ рауагътой Коцойты Арсен, Дзуццаты Хадзы-Мурат, Хуыгаты Сергей, Хъодзаты Æхсар, Гуыцмæзты Алеш, Хъазиты Мелитон, æрыгон поэттæ Баситы Зæлинæ, Бестауты Аланæ, Габолаты Зауыры поэтикон æмæ прозаикон уацмысты.

Æнтыстыл банымайæн ис уый дæр, æмæ иуæй-иу тæлмацгæнджытæ, европæйаг æвзæгтæй тæлмацгæнгæйæ, се 'ргом комкоммæ здахынц оригиналон текстмæ, уырыссаг текст нæ хынцгæйæ, æмæ уымæй сæхи бахизынц бархи тæлмацæй. Афтæ, фыццаг хатт Хъамболты Тамерлан æмæ Астемыраты Изет (Фидараты Изетæ) иронмæ францаг æвзагæй ратæлмац кодтой Антуан де Сент-Экзюперийы «Гыццыл принц», Золойты Аркади та – англисаг æмæ немыцаг поэзийы минæвæртты сфæлдыстадон бынтæ. Тæлмац кæныны хъуыддаг цæуы иннæрдæм дæр – иронæй англисаг æвзагмæ. Хетæгкаты Къостайы 165 азы юбилеймæ англисаг æвзагыл рацыдысты поэты номдзыд чиныг «Ирон фæндыр» æмæ йæ поэмæ «Фатимæ». Уацмыстæй сæ фылдæр хай англисаг æвзагмæ ратæлмац кодта Гуытъиаты Эльмирæ. Йæ хъæппæрисæй «Ныстуан», «Хъуыбады», «Æфсати», «Уæлмæрдты», «Чи дæ?» æмæ иннæ алы ирон чиныгкæсæгæн зындгонд уацмыстæ англисаг æвзагыл дæр, æнæмæнг, æрхæсдзысты стыр æхцондзинад. Дызæрдыггаг нæу уый дæр, æмæ чиныгæн литературæуарзджытæ аккаг аргъ кæй скæндзысты.

Литературон бастдзинæдтæм æвæрæн хæссынил æнувыдæй архайы журнал «Мах дуг». Кæддæры æгъдау сног – Цæгат Кавказы республикæты литературон журналтимæ иумæ тæлмацгондæй мыхуыры уадзын национ фысджыты сфæлдыстадон бынтæ. 2022 азы дыккаг номырмæ хаст æрцыдысты цæцæйнаг поэтты æмæ прозаикты уацмыстæ. Журнал «Орга» (2022 азы 2 номыр) ныммыхуыр кодта ирон фысджыты уацмыстæ цæцæйнаг æвзагыл. Зынгонд дагестайнаг поэт Расул Гамзатовы 100 азмæ «Мах дуг», юбиляры рухс ном аргæйæ, бацæттæ кодта цымыдисаг æрмæг: æмдзæвгæтæ, къамтæ, мысинæгтæ. Фыццаг хатт ирон æвзагмæ Гæбæраты Юрийы

тæлмацæй мыхуыры фæзындысты Расул Гамзатовы чиныг «Мой Дагестан»-æй хицæн скъуыддзæгтæ.

Сывæллæтты литературæмæ уæлдай хъусдард цæуы. Æрыгон чиныгкæсджытæн сæ мадæлон æвзагмæ уацмыстæ тæлмац кæнынмæ йе 'ргом здахы Дзасохты Музафер. Журнал «Ногдзау»-ы сæрмагондæй ныммыхуыр кодта уырыссаг æмæ фæсарæйнаг фысджытæ Шукшин, Распутин, Успенский, Распэ, Андерсен, Линдгрены сывæллæттæн фыст уацмыстæ. Фæсарæйнаг авторты уацмыстæ, адæмон сфæлдыстад ирон æвзагмæ тæлмац кæныны сæ тыхтæ фæлвæрдтой Дыгъуызты Тенгиз (Шарль Перройы «Аргъæуттæ»), Астемыраты Изет («Ам цæры Робин»).

Фæлæ уæддæр аивадон литературæйы тæлмац кæныны куыстмæ нырма фаг æргом здæхт нæ цæуы. Тæлмацæн нырыккон царды дæр ис ахсджиаг бынат, уымæн æмæ канд литературон бастдзинад æмæ культурон ахадындзинадыл дзырд нæ цæуы. Тæлмац кæныны хъуыддаг ма актуалон у уымæй, æмæ уыцы æмархайды чысыл адæмты литературæйæн йæ бон у иннæ стыр литературæтимæ æмсæр уæвын, иумæйаг диалог аразын.

Цавæр мадзæлттæй ис баххуыс кæнæн аивадон тæлмацы процессы рæзтæн? Уыцы куысты чи архайы, уыдонмæ активондæрæй 'ргом здахын. Нæ республикæйы саразæн ис тæлмацгæнджыты ассоциаци æмæ уымæй Уæрæсейы иуæй-иу субъектты бафæзмын. Фылдæр кусын автор, тæлмацгæнæг æмæ тексты дæлрæнхъон тæлмацгæнæгимæ æнгом бастдзинæдтыл. Фидар кæнын литературон, тæлмац кæнынады æмæ рауагъдæдты æмгуыстад. Фæнды нæ, цæмæй национ авторты уацмыстæ тæлмац кæныны æмæ сæ рауадзыны фарста æнæмæнгæй лыггонд цæуа республикæ æмæ æмткæй паддзахады æхххуыссæй, цæмæй æппæтнацион литературæты иудзинады хъуыды нырыккон царды дæр ахса ахсджиаг бынат.

# «МАХ ДУГ» 2024 АЗЫ НЫММЫХУЫР КОДТА:

**КОЛЫТЫ ВИТАЛИ: 65 азы**

Нæ мин ес æнæ сумах цæрæн. *Æмдзæвгæтæ*. I, 8

**САЛÆГАТЫ ЗОЙÆ: 100 АЗЫ**

ТЪЕХТЫ Тамерлан. Ахуырад æмæ зонады зиууон. *Уац*. II, 22
Ирон розæйы ратæдзæнтæ. *Уац*. II, 27

**ДАУЫРАТЫ ДАМИР: 85 АЗЫ**

ХОЗИТЫ Барис. Фарн дæм бадзурæд, нæ буц хистæр! II, 32
Зæрдæйы зæгъинæгтæ. *Æмдзæвгæтæ разныхæстимæ.* II, 34
Цардæй ист хабæрттæ. II, 46

**СОТТИТЫ РИММÆ: 85 АЗЫ**

ДЖУСОЙТЫ Клавдия. Ирон дзырд – йæ удлæууæн, йæ цард. *Уац*. II, 68
Хæлæртты мысинæгтæ. II, 71
Мæ Иры зæхх – мæ цардамонды сæр. *Новеллæтæ.* II, 73

**УАТАТЫ БИБО: 85 АЗЫ**

Дæ номæй – буц, дæ кадæй – кадджын. *Уац.* III, 16
Цардыл хъуыдытæ. III, 18
Хæлæртты мысинæгтæ. III, 24
ХАДЫХЪАТЫ Фатимæ. Бибо. *Æмдзæвгæ*. III, 47
Бибоимæ баст хъæлдзæг хабæрттæ. III, 48

**ТЕДЕТЫ ЕФИМ: 95 АЗЫ**

Æз иунæг дæн, æмбал зынæг нæма ис. *Æмдзæвгæтæ*. IV, 8

## АНДРЕЙ ШЕГРЕН: 230 АЗЫ

ХЪУЫССÆТЫ Зæлинæ. Ирон адæмы фидæн райдзастгæнæг. *Уац*. IV, 16

## ХЪАМБЕРДИАТЫ МЫСОСТ: 115 АЗЫ

Байрай, мæ райгуырæн бæстæ! *Æмдзæвгæтæ*. VI, 8
Мысосты тыххæй загътой. VI, 13

## КЪИБИРТЫ АМУРХАН: 80 АЗЫ

Кæнæ дæ бози загъд арвæн. *Æмдзæвгæтæ*. VI, 16

## ÆЛБОРТЫ ХАДЗЫ-УМАР: 85 АЗЫ

Хъæуы нæ дзырд – мыггагау æй куыд тауæм. *Æмдзæвгæтæ*. VII, 8
*Радзырдтæ*. VII, 13
ГÆБÆРАТЫ Юри. Цардмæ зæрдæйы цæстытæй кæсгæйæ. *Уац*. VII, 16

## ДЖУСОЙТЫ МАРАТ: 65 АЗЫ

Фæлладæй сфардæг дæн хъæмæ. *Æмдзæвгæтæ*.VII, 24

## МАМСЫРАТЫ ДÆБЕ: 115 АЗЫ

Райгуырæн бæстæ. *Радзырд*. VIII, 8

## АЙЛАРТЫ ИЗМАИЛ: 100 АЗЫ

Цард, мæ хуртæ, вазыгджын у. *Æмдзæвгæтæ*. VIII, 24
Ирон сылгоймаджы намыс. *Уац*. VIII, 29

## ТЕМЫРАТЫ ДАУЫТ: 100 АЗЫ

УАНИОН. Цæргæсты хохмæ фæндагыл. VIII, 38
Дзул. *Радзырд*. VIII, 44

## ХЕТÆГКАТЫ КЪОСТА: 165 АЗЫ

ХЕТÆГКАТЫ Къоста. Ныстуан. *Æмдзæвгæ*. IX, 5
АБАЙТЫ Васо. Чи у Къоста ирон адæмæн? *Уац*. IX, 6
БАЙАТЫ Гаппо. Хетæгкаты Къоста. *Йæ цард æмæ йæ хъуыддæгтæ*. IX, 10
ХЕТÆГКАТЫ Къоста. Нæ дзыллæйы зæрдæ – мæ хуымгæнды хай. *Æмдзæвгæтæ*. IX, 20
АБАЙТЫ Васо. Ирон адæмон поэт Хетæгкаты Къоста. *Уац*. IX, 27
НАФИ. Мысын æй. *Уац*. IX, 31
Æхсæнады ахаст Къостайы ном сæнусон кæнынмæ. IX, 34
Къостайы цардæй цымыдисаг хабæрттæ. IX, 38
Мысинæгтæ. IX, 46
Къостаимæ баст цаутæ. IX, 76
Фæстаг бонтæ. IX, 80
ГÆБÆРАТЫ Юри. Æнæрвыст фыстæг. *Уац*. IX, 93
Расул ГАМЗАТОВ. Ирыстоны номдзыд хъæбул. IX, 98
КАСАТЫ Батрадз. Къостайы ном сног кодта Цорæты Мылыхо. *Уац*. IX, 99
Къостайы фарнæй байдзаг уæнт уæ бонтæ! *Æмдзæвгæтæ*. IX, 107
Аннæ ПОПОВА. Вспоминая о давно минувшем, но вечно живом. О Коста. IX, 117
Къостайы музæтæ. IX, 127
ХЕТÆГКАТЫ Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреаттæ. IX, 132
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ. Къостайæн æнæ Хуыцау бамбарæн нæй. *Интервью Сæлбиты Тамиримæ*. IX, 139
Фыстæг Къостамæ. IX, 168
БЕКМÆРЗТЫ Афон. Къостайы балц Фæснæлмæ. Къоста Лабæйы. *Мысинæгтæ*. XI, 71

## СКЪОДТАТЫ ЭЛЬБРУС: 65 АЗЫ

Цæун и дуйнеййи, исдæн æ еу хай. *Æмдзæвгæтæ*. XI, 12

## ПОЭЗИ

КАСАТЫ Батрадз. Зæронд лæджы арфæ нæ хæстонтæн. *Æмдзæвгæ*. II, 7

БИАЗЫРТЫ Кромвел. Уастырджион Дзæуæджыхъæу. *Æмдзæвгæтæ.* II, 18; Хæрзгæнæг хорз Елиайы хорзæх. *Æмдзæвгæтæ.* IV, 19
ХОСТЫХЪОТЫ Зинæ, СОТТИТЫ Риммæ, ГОДЖЫЦИАН – ЧЕЛДЫТЫ Надя, КОКОЙТЫ Эльзæ, БАСИТЫ Зæлинæ. Æмæ цагъта дзæнгæрджытæ уалдзæг. *Æмдзæвгæтæ.* III, 7
КАСАТЫ Батрадз. Зæрæхсиды фæлмæн сагъæстæ. *Æмдзæвгæтæ.* V, 35
НÆКУЫСАТЫ-ЕДЗИТЫ Наирæ. Мæ бæллицты бæрзонд арвмæ тæхын. *Æмдзæвгæтæ.* VIII, 54

**ПРОЗÆ**

ГÆБÆРАТЫ ЮРИ. Уастырджийы зарæг. *Роман.* 2-аг хай. I, 13; II, 13
ГАФЕЗ. Уагъылы æмæ зынг. *Новеллæ.* III, 62
БЕКМÆРЗТЫ Афон. *Радзырдтæ.* IV, 31
ГУСАЛТЫ Барис. Адгур. *Этюдтæ.* V, 43
БУЛКЪАТЫ Игорь. Гæрæн. *Роман. Скъуыддзаг.* V, 52
ХУЫГАТЫ Сергей. Арвы нæмыг. *Роман.* VI, 23; VII, 31; VIII, 57; IX, 28; XI, 19

**ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ БОН**

ДЖЫККАЙТЫ Шамил. Мадæлон æвзаг. V, 71

**ÆРТÆ ÆМДЗÆВГÆЙЫ**

ÆЛБОРТЫ Беллæ. Æз куы фæмысын. III, 63

**ÆРТÆ РАДЗЫРДЫ**

ÆЛБОРТЫ Беллæ. Мады фарн. VII, 114

**НОГ УАЦМЫСТÆ**

БИТАРТЫ Маринæ. *Радзырдтæ.* III, 66; нæкæрон маст. *Радзырд. Кæрон.* IV, 68
АГЪНАТЫ Гæстæн. Зæронд лæджы мæлæт. *Радзырд.* VIII, 105

## НОГ ТÆЛМАЦТÆ

Пауль ЦЕЛАН. Зыбыты куырмдзастæй мæ адзалы комыл фæхилын. *Æмдзæвгæтæ.* Немыцаг æвзагæй ЗОЛОЙТЫ Аркадийы тæлмац. I, 50
ЗОЛОЙТЫ Аркади. Æфсир зæринау зад хуымты æрттивы. *Æмдзæвгæтæ.* Немыцаг æвзагæй ЗОЛОЙТЫ Аркадийы тæлмац. V, 63
ТАБОЛТЫ Артур. Шпион. *Роман.* Уырыссаг æвзагæй Безаты Фаризæйы тæлмац. IX, 100; XI, 89

## ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ

ПЛАТЫ Альбинæ. I,5
СУАНТЫ Санислав. II, 5
МОРГУАТЫ Жаннæ. III, 5
БАСКАТЫ Бола. IV, 5
Сергей МЕНЯЙЛО. V, 5
ТУСКЪАТЫ Таймураз. VI, 5
ЧЕЛÆХСАТЫ Магрез. VII, 5
КЪУСРАТЫ Анатоли. VIII, 5

## АИВАД, КУЛЬТУРÆ

ТЪЕХТЫ Тамерлан. «Театр, ма ферох кæн дæ хъæбулы». *Уац.* I, 46; Зæрин хурæй уый ахорæнтæ ракуырдта. *Уац.* II, 126
БИАЗЫРТЫ Людмилæ. Нываивады хæзнаты галуан. *Уац.* IV, 109
УАНИОН. Уд æмæ зондæй йæ фыдæлты уидæгтимæ баст нывгæнæг-философ. VII, 112

## НÆ РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ

ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат. Уды хъизæмæрттæ. *Очерк.*IV, 71
ТМЕНАТЫ Дзерассæ. Ахуырады рухсмæ фæндагамонæг. (Гуыриаты Гагуыдз) *Уац.* VIII, 121

## ИРЫ ХЪÆБАТЫРТÆ

Ирæттæ – Уæрæсейы хъæбатыртæ. II, 9

## КРИТИКÆ ÆМÆ ПУБЛИЦИСТИКÆ

ПЛИТЫ Сергей. Мæ хъуыдытæ Уанеты Владимиры тыххæй. *Уац*. I, 65
ДЗИЦЦОЙТЫ Юри. Ирон культурæйы сæраппонд архайд. *Уац*. III,120
ХОЗИТЫ Петр. Дыууæ æвзагæн – æмхуызон бартæ. Куыд бафтдзæн уый къухы? *Уац*. IV, 87
ТЫБЫЛТЫ Алыксандр. «Мах дуг». *Уац*. V, 67
САЛÆГАТЫ Зойæ. Адæмон зарæггæнæджы фæлгонц Къостайы сфæлдыстады. *Уац*. X, 159
ПЛИТЫ Гацыр. Нафийы хосгæрст Къостайы фæтæнты. *Уац*. X, 162

## АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

КОКАЙТЫ-Бирæгъон Ларисæ. Музыкæ æмæ музыкалон инструментты ахадындзинад ирон литературæйы уацмысты. *Уац*. II, 129
АЙЛАРТЫ Зарæ. Ирон хъæлдзæг ныхæстæ. *Уац*. III, 138
МАЙРÆМЫХЪУАТЫ Фатимæ. Нывмæ гæсгæ фæлтæрæнты хуызтæ. XI, 120

## «МАХ ДУГ»-ы ПРЕМИЙЫ ЛАУРЕАТТЫ СФÆЛДЫСТАД

ГУСАЛТЫ Барис. Гренадæ. *Балладæ*. VI, 65
ДЗÆРÆХОХТЫ Ритæ. Скифаг «бæгъатырты кæхц» æмæ ирон «нуазæн». *Уац*. VI, 104
ДЖУСОЙТЫ Нинæ. Æрæджиауы фæсмон. *Радзырд-æцæг хабар*. VII, 84
ЦХУЫРБАТЫ Жаннæ. Галаты Барис – фыццаг ирон профессионалон композитор. *Уац*. VII, 109
ГАБОЛАТЫ Зауыр. Æнæ бæллиц нæй дунейы цæрæн. *Æмдзæвгæтæ*. VIII, 12
ГОДЖЫЦАТЫ Георги. Хæссы мæ размæ рæстæгæн йæ фурд. *Æмдзæвгæтæ*. IX, 94
ГÆБÆРАТЫ Юри. Къостайы фæдзæхст. *Уац*. X, 146
БÆЗАТЫ Эдуард. Нæ ирон зæхх – мæ цин æмæ мæ рис. *Æмдзæвгæтæ*. XI, 84

## СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ

ХОЗИТЫ Барис. Рæстдзинады поэт. I, 54

## ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ИСТОРИ

ХЪАЗИТЫ Мелитон. Ирон нывæфтыд литературæ дугивæны. Æхсæзæм чиныг. Фыццаг хай. *Уац*. I, 75

## АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

ХЪАЙТТАТЫ Сергей. Ирон хабæрттæ. I, 93; VI, 129
САЛÆГАТЫ Зоя. Рагон таурæгътæ. II, 134; IV, 114
Хæйрæджыты хабæрттæ. VI, 140
Таурæгътæ. IX, 136; XI, 133

## РОХУАТÆН ÆВГЪАУ

МÆХЪИТЫ Верæ. Залихан. *Радзырд ивгъуыд цардæй*. I, 106
ХУЫМАРТЫ Хъамболат. Ирхан. *Таурæгъ*. III, 79

## РОХУАТÆН ÆВГЪАУ НÆМТТÆ

ТЕДЕТЫ Индирæ. Хæстарыд базыртæ. VIII, 94
БЫРНАЦТЫ Ахмæт. Æвзонг хъæлæс. *Æмдзæвгæтæ*. VIII, 96
КАСАТЫ Батрадз. Æнкъарæнджын поэзи. VIII, 103
БУЛКЪАТЫ Игорь. Стыр курдиат æвдисæг рæнхъытæ. VIII, 104

## МЫСÆН БОН

ЦÆРУКЪАТЫ Азæ. Зæрдæйы хъæдгом рæстæг дæр нæ дзæбæх кæны. VI, 117
ЕЗЕТЫ Марклен. Уыцы хъаймæты бонтæ. Хъысмæты цæфтæ. *Элеги*. VI, 119
БЕСЛÆН: 20 АЗЫ
ДЖЫККАЙТЫ Шамил. Иры стыр хъарæг. *Поэмæйæ скъуыддзаг*. IX, 5
Миясат МУСЛИМОВА. Мæхи Беслæн, куыд дын фæрог кæнон дæ рыст? *Уац*. IX, 7; Тугæрхæм зæдтæ. *Æмдзæвгæтæ*. IX, 18

## ИСТОРИЙЫ СЫФТÆ

БЛИТЫ Марк. Нæ хъысмæт бæттæм æрмæстдæр Уæрæсеимæ. *Уац*. IX, 122

## АРФ ХЪУЫДЫТÆ ЦЫБЫР НЫХÆСТÆЙ

Мадæлон æвзаджы бон. II, 84
Зонды æмæ цардыуаджы ныхæстæ. III, 137
Зонды æмæ цардыуаджы ныхæстæ. IV, 30
Стыр бинонтæн – стыр фарн. IV, 97
Литературæйы тыххæй загътой. V, 87
Æмбисæндтæ дзырд æмæ ныхасы тыххæй. IX, 121

## НÆ УИДÆГТÆ

Афтæ цæмæн дзурæм. I, 136
ТУАТЫ Алинæ. Уды бæрзæндтæм балц. *Уац.* II, 133; Табуйаг бæстæ. *Уац.* III, 125; Хохаг фарн. *Уац.* VI, 127; Уды бæрзæндтæм балц. *Уац.* VIII, 133
МАМИАТЫ Таймураз. Едыс æмæ йæ цæрджытæ. *Уац.* IV, 98
ХЪАЙТТАТЫ Сергей. Азат бæх. *Радзырд.* VII, 128
МÆРГЪИТЫ Ирбег. Гуылдзыг мæсгуытæ. *Уац.* IX, 127

## ЦАРДÆЙ ИСТ ХАБÆРТТÆ

Тъехты Тамерлан. Рагбонты тырнæнтæ. *Цыбыр нывтæ.* V, 72

## НЕ ‘ВЗАГ – НÆ ХÆЗНА

КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ. Тыбылты Алыксандры мæт ирон æвзаджы хъысмæтыл. *Уац.* VI, 113

## ХÆЗНАДОН

Зонды ныхæстæ чырыстон цардæй. VII, 123
Зонды фæрæз хабæрттæ. VIII, 137
УАРЗИАТЫ Вилен. Джеоргуыба. XI, 7

## «МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ

БРЫТЪИАТЫ Зариффæ: 105 азы I
ЦÆЛЛАГТЫ Викторы нывтæ II

УАТАТЫ Бибо: 85 азы III
ТУГЪАНТЫ Махарбеджы номыл аивадон музей: 85 азы IV
«Мах дуг»: 90 азы V
«Мах дуг»-ы юбилей, преми VI
Еленæ Кизиловайы нывтæ VII
ТЕМЫРАТЫ Дауыт: 100 азы VIII
БЕСЛÆН: 20 азы IX
ХЕТÆГКАТЫ Къоста: 165 азы XI

## ЮБИЛЕЙ, ПРЕМИ

Ирон дзырдаивады бæрæгбон. VI, 61
Журналкæсджытæ фыссынц. V, 90
«Мах дуг»-ы фыццаг номыр. V, 93

## БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН

ТОХСЫРТЫ Къоста. *Æмдзæвгæтæ.* III, 129
КАЛМАНТЫ Этери. *Радзырд.* III, 134
ТОХСЫРТЫ Къоста. Схудти хур, ныкъулы цæст. *Æмдзæвгæтæ.* IV, 103; *Базон-базонтæ.* VI, 131; Хурæн хъазы йæ цæхæр. *Æмдзæвгæтæ.* XI, 127
ХЪЫРГЪАТЫ Анжелæ. Мæ зарæг – уарзты тынтæй уафт. *Æмдзæвгæтæ.* V, 78
ДЫГЪУЫЗТЫ Зæлинæ. *Ирхæфсæнтæ чысылтæн.* IX, 131

## ХЪÆЛДЗÆГ ХАБÆРТТÆ

Габровæгтæ худынц. I, 140
ХЪАЗИТЫ Ресо. Хъуыхъуын æмæ йæ хæлæрттæ. IV, 133
Ресойы загъдау. VI, 133
Цыргъзонд фарстæн – цыргъзонд дзуапп. VII, 138
Иу æй акарста, иннæ йæ ахуыдта. XI, 137
«МАХ ДУГ» худы. V, 83

## АРФÆТÆ

Джеоргуыбайы бæрæгбоны куывд XI, 5

## ТÆФÆРФÆС

ГÆЗДÆНТЫ Булат VIII, 142

## ЦИГСИИ-ЙЫ ЮБИЛЕОН НОМЫР


ХÆМЫЦАТЫ Албег. Мах бахызтыстæм Ног азы къæсæрыл. *Æмдзæвгæ* ........ 5

ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ. Ног аз – ног хæрзтæ, ног фæндтæ ........ 6

ХЪАНЫХЪУАТЫ Зæлинæ. Зонады бæрзæндтæм фæндагамонæг институт. *Уац* ........ 8

ЦЫБЫРТЫ Людвиг. Иу паддзахадон æвзагæн адæмы иугæнæг тых ис! ... 20

УАРЗИАТЫ Вилен. Цыппурсæй – Ногбонмæ. *Уац* ........ 26

ГÆДИАТЫ Цомахъ. *Æмдзæвгæтæ* ........ 36

БАРАХЪТЫ Гино. *Æмдзæвгæтæ* ........ 38

АРДАСЕНТЫ Хадзыбатыр. *Æмдзæвгæтæ* ........ 41

ГУСАЛТЫ Витали. *Æмдзæвгæтæ* ........ 46

ХЪУЫСАТЫ Садреттин. *Æфсымæрон арфæтæ* ........ 49

Турчы цæрæг ирæттæм балцы æрмæджытæ ........ 50

СОКАТЫ Дианæ. Маргъы фæлгонц райсæг чызг ирон фольклоры. *Уац* ... 61

Адæмон сфæлдыстад. *Аргъæуттæ* ........ 64

МÆРЗОЙТЫ Ислам-Бег. Уæлладжыры æхсæнады мыггæгтæ. *Уац* ... 79

БРЫТЪИАТЫ Анжелæ. Сывæллæтты литературæ XX æнусы кæронæй абоны бонмæ: йæ уавæр, жанрты райрæзт, ног нæмттæ. *Уац* ........ 84

БРЫТЪИАТЫ Анжелæ. Ног аз! Дæ фæдзæхст – мæ бæллицтæ! *Æмдзæвгæтæ* ........ 95

Цæрукъаты Алыксандры нывтæ. *Уац* ........ 98

Ирон фольклор цæры æмæ цæрдзæн... *Цардæй ист хабæрттæ* .... 102

ДЗЛИАТЫ Дзерассæ. Ногбоны зарджытæ. *Уац* ........ 120

ЦОРИТЫ Ингæ. Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстадон бынты нысаниуæг

Ирон историон-филологон æхсæнадæн. *Уац* ........ 123

ДАРЧИТЫ Мæдинæ. Гуытъиаты Хъазыбеджы «Нарты кадджыты» орфографийы тыххæй. *Уац* ........ 134

ДЗАПАРТЫ Елизаветæ. Аивадон тæлмацы бынат нырыккон ирон литературæйы. *Уац* ........ 145

**«МАХ ДУГ» 2024 АЗЫ НЫММЫХУЫР КОДТА** ........ 150

*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций
по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202

Порядковый номер выпуска: № 12. 2024 г.
Подписано в печать 21.12.2024 г. Выход в свет: 30.12.2024 г.
Индекс: 732447. Тираж 1000 экз. Заказ № 560. Цена свободная

Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. № 80 г./м$^2$. Вклейка 1 печ. л. мелованная

Гарнитура шрифта Times New Iron
Печать офсетная. Усл. печ. л. 10. Учетно-изд. л. 14, 88

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы

Къамтæ æмæ æрмæджытæ ист сты ЦИГСИИ-йы æвæрæнтæй

# Рафыссæм журнал
# «Мах дуг»

**Зынаргъ хæлæрттæ!**

***Райдыдта 2025 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Йæ зæрдæ ирон æвзаг æмæ литературæйыл æнувыд кæмæн у, уыдонæн 2025 азы фыццаг æмбисæн журнал «Мах дуг» сæ бон рафыссын у «Уæрæсейы пост»-ы кæцыфæнды хайады дæр. Нæ индекс: 37247. Аргъ – 795 сомы æмæ 42 капеччы (афæдзы æмбисæн), льготæтимæ – 731 сомы æмæ 34 капеччы.***

***Журнал асламдæр аргъæй, 400 сомæй, рафыссæн ис редакцийы. Афæдзæн та – 800 сомæй.***

***Нæ адрис: г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11-æм хæдзар, 2-аг уæладзыг.***

***Редакцийы телефонтæ:
25-09-64, 25-09-74,
8 (962) 743 58 78, 8 (918) 835 33 56***




Индекс 73247
12+